# МАХ ДУГ

*Адæм æххормаг куы уой, паддзахады сæргълæуууæг та цардæй къæртт куы æппара, уæд ахæм сæргълæуууæг куыдз у, домбай нæ, фæлæ...*

САНАЙИ

*Зыдыка хъæздыг сызгъæрин дарæстæ куы скæна, уæддæр у, мæнæ чъизитыл чи фæбады, ахæм æрттиваг бындзы æнгæс.*

НАВОИ

**1**

**2008**







# НАША ЭПОХА

Издается с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ СОЮЗА ПИСАТЕЛЕЙ
РЕСПУБЛИКИ СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ-АЛАНИЯ

**Главный редактор – Ахсар КОДЗАТИ**

**Редакция**

Ответств.секретарь, проза — Борис ГУСАЛОВ

Поэзия, драматургия — Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ,
Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2008

# МАХ ДУГ

1
'08

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНЫ
ФЫСДЖЫТЫ ЦÆДИСЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

**Сæйраг редактор – ХЪОДЗАТЫ Æхсар**

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ — ГУСАЛТЫ Барис

Поэзи, драматурги — МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли,
НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2008

НОМЫРЫ ИС:

*ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт.* **Æцæг цаутæ** 5

ХЪОДАЛАТЫ ГЕРСАН: 70 АЗЫ

*ХЪОДАЛАТЫ Герсан.* **Ос-Бæгъатыр.** Фрагменттæ кадæгæй 19

*ХЪАУЫРАТЫ Дауыр.* **Заманхъул худынц** 26

ЕРЫСДЗАУТÆ 35

ТÆЛМАЦТÆ

*Уильям ШЕКСПИР.* **Гамлет, даниаг принц.** Ирон æвзагмæ Малиты Васойы тæлмац 57

**«Мах дуджы» равдыст** 130

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

*МЗОКТЫ Аслæнбег.* **Факультативон ахуыртæ «Нарты кадджытæй»** 140

АРВИСТОН 151

ИРОН ПОЭЗИЙЫ АНТОЛОГИ 161

***Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы***

*ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт*

# ÆЦÆГ ЦАУТÆ

## ÆЛГЪЫСТ ХÆДЗАР

Рагон Дæйыхъæу. Скæсæнырдыгæй хъæугæрон уæйыгау лæууы Биазырты мыггаджы мæсыг. Йæ фарсмæ хохаг тъæпæнсæр хæдзары сæ сидзæры мæгуырыбонтæ æрвитынц хо Дзыллæ æмæ æфсымæр Алхæст. Тызмæг хæххон æрдз сæ дыууæйы дæр ас æмæ аив гуырыкондæй мисхалы бæрц дæр ницæмæй фæхъулон кодта. Уыдысты фæллойуарзаг, фыдæбонджын. Сæ хуымы гæппæлтæ, сæ уыгæрдæнтæ æдзухдæр хæрзгуыст. Хъæубæсты фосы ’хсæн се стуртæ æмæ фыстæ хæрззылд æмæ хастæй æдзухдæр бæрæг дардтой...

Сæрæн чызг уыди Дзыллæ. Фæздæг иу боныцъæхтыл æппæты разæй уыдоны хæдзары тохынайæ скалди. Цыхцырмæ дæр иу дондзау уый фæраздæр. Рæвдз уыди фосмæ зилынмæ, хæдзары куыстытæ æмæ кæрт æфснайынмæ. Зыдта фосмæ æмæ мæргътæм лæгъз æвзагæй дзурын, æмæ йæ уыдон дæр æмбæрстой. Халон-иу сæ мæсыджы цъуппыл куы абадт, уæд-иу уæлхæдзармæ асин авæрдта æмæ-иу ын, тæбæгъы хæринаджы уæлдæйттæ уым авæргæйæ, лæгъстæтæ кодта:

— У-у, уæлæ халон, дæ хорзæхæй, фыдуац нæм ма ’рбауас.

Иу изæр Дзыллæ уæлхæдзарæй йæ тæбæгъ æриста æмæ дын дзы мæнæ халоны

лæвар, замманай сæрвасæн. Дзыллæ стыр дисы бацыд æмæ, цымæ кæй сæрвасæн у, зæгъгæ, хъæуы хæдзари-хæдзар æрзылд. Æмæ, мах у зæгъæг куынæ уыд, уæд халонæн зæрдиаг арфæтæ фæкодта.

Бирæ усгур лæппутæн сæ цæстыфиутæ куыннæ тадаиккой Дзыллæйы уындæй. Бирæ усгурты минæвæрттæ бахостой Биазырты Алхæсты фæлахс дуар, фæлæ-иу кæддæриддæр чызджы дзуапп уыдис:

— Мæнæ мæ иунæг æфсымæры зыбыты иунæгæй куыд ныууадзон? Йæ амонд куы ссара, уæд æз дæр дзыхъхъылæуд нæ уыдзынæн.

Гъе, афтæмæй бонтæ цыдысты, рæстæг згъордта.

Æмбисондæн баззад, хойы зæрдæ æфсымæрмæ, æфсымæры зæрдæ та хъæдмæ, зæгъгæ. Алхæстыл базыртæ базад. Йæхиу бæрæгбоны дарæсы ацарæзта æмæ-иу йæ зыгъар бæхыл, Дзæуджыхъæуы цы хиирхæфсæн хæдзар уыд, уым æхситтæй заргæ бамидæг. Хæдзары уæз-иу ахæм рæстæг къуыригæйттæй хойы талас уæхсчытыл æрæнцад, фæлæ быхсыдта. Уæззау фыдæбонæй йæм æфсымæрмæ уарзондзинад тыхджындæр уыди.

Иуахæмы та Алхæст йæ сираг бæхыл Дзæуджыхъæуæй сæхимæ Дæйыхъæумæ тындзыдта. Æрыдоны йыл баизæр, фæлæ йæ зæрдæ хæдзармæ æхсайдта æмæ Салыгæрдæны дæр никæмæ бафысым кодта. Цъыфджыны йын йæ фæндаг æрцахста Отараты Дзенагойы абырджыты къорд. Бæхæй йæ æрфистæг кодтой æмæ йæ Дзенаго фæрсы:

— Кæцы хъæуккаг дæ, куыд у дæ ном?

— Дæйыхъæу фехъуыстаис, мæ ном та Алхæст Биазырты.

— Æмæ, Алхæст, кафынмæ та куыд дæ, кафынмæ? Æз хохаг лæппуты кафтмæ кæсын уарзын, — йæ ливор сæргъæвгæйæ фæзæгъы Дзенаго.

Алхæст къæхтыбынæй сулæфыд, фæзæгъы:

— Мæгъа, фæлæ цыма хъæбысæй хæцынмæ рæвдздæр дæн. Мæнæ дæ къордæй алкæимæ дæр рахæцдзынæн æмæ мæ кæд уыдонæй исчи абырса, уæд дын ардыгæй райсоммæ дæр кафдзынæн. Кæд рамбулон, уæд та-иу дæ уыдон бахъæлдзæг кæнæнт.

Дзенагойы бæлццон лæппуйы фæндон сцымыдис кодта, ау, аст лæгимæ йæ ныфс куыд хæссы, зæгъгæ, æмæ йæ фæндоныл сразы.

Алхæст йæ цухъхъа феппæрста æмæ, хæбæцц æрлæугæйæ, йæ армытъæпæнтыл æртутæ кодта. Абырджытæ йæм иугай

цыдисты æмæ Цъыфджыны æмбисонды хъæбысхæст бацайдагъ. Цæлхыдзаг мæй сæм Хъæриуы хохы сæрæй касти, æмæ, Алхæст уæлахиз куы кодта, уæд йæ мидбылты бахудт. Æрыдоны дон та-иу йæ хъисфæндыр айвæзта...

Кæрдзынæй хаст, хохаг лæппу абырджыты авдæй дæр куы абырста, уæд сæ раздзæуæджы раз æрлæууыд:

— Цæй, ныр куыд? Лæг, дам, йæ ныхасæй лæг у, фæзæгъынц.

Дзенагойæн йæ налат цæстытæ зынджы стъæлфæнтау ферттывтой.

Йæ хотыхтæ абырджытæй кæмæдæр авæрдта æмæ, уæрдоны рæтæнагъды хуызæн цæнгтыл йæ дыстæ бафæлдахгæйæ, фæзæгъы:

— Хорз, хорз, хæххон дзигло. Бавзар дæ хъарутæ мемæ дæр. Кæд мæ абырсай, уæд æз мæ къахфындзтæ дæ разы æрсадздзынæн, æмæ-иу уæд афæндараст у.

Цы гæнæн ма уыди хæххон дзиглойæн бирæгъы хуызæн лæджы раз! Хинымæры Æрхоны рухс Санибайыл йæхи бафæдзæхста, йæ хъарутæ æрбамбырд кæны, æмæ та хъæбысхæст стынг и. Зæххы нæууцъар сæ къæхты бын лæзæрди. Тыххæстæй сæ нуæрттæ лалымтау дымстысты.

Æрдз ныссабыр. Арвыл мæй æрфыгæлхынцъæй ныдздзагъыр. Æрыдоныдон дæр йæ цæуынæй фенцад.

Иуахæмы Алхæст абырæджы астæутæ ацахста. Хæрдмæ йæ фелвæста æмæ йæ йæ тых, йæ бонæй уымæл зæххыл ныффæртт кæнынмæ хъавыд, фæлæ цыдæр ахъуыды кодта æмæ йæ арæхстгай йæ дыууæ уæныл зæхмæ фæтъæпæн кодта.

Мæй йе ’лхынцъ æрфгуытæ райхæлдта æмæ йæ мидбылты бахудт. Бæлæсты сыфтæртæ æхсызгон базмæлыдысты, æмæ та Æрыдоны дон дæр йæ фæндыры тæнтæ айвæзта.

Дзенаго фырæфсæрмæй зæххыл ныддæлгоммæ. Алхæст йæ цухъхъа акодта, уариау йæ бæхыл абадт æмæ паддзахвæндагыл йæ тъыбар-тъыбур ссыд. Абырджытæ сæ гæрзтæм фæлæбурдтой, фæлæ сæ Дзенаго йæ къухызмæлдæй фæурæдта. Рабадт æмæ дисгæнгæ афтæ зæгъы:

— Искæд мыл зæххон лæг фæтых уыдзæн, уый æнхъæл никæд уыдтæн. Уыцы хæххон дзиглойыл кæцыдæр зæд кæй ауды, уый бæрæг у, — йæхи сраст кæныны охыл фæзæгъы Отарайы-фырт.

Къуыритæ бонты ныхъуырдтой, мæйтæ та къуырита, афтæмæй уæззау азтæ кæрæдзи сæрты гæппытæгæнгæ цыдысты.

Алхæстæн йæ къæмисæнты урс æрдутæ фæзынди, фæлæ йæм уæддæр йæ иунæг хойæн фæндаг раттыны фæнд нæ уыди.

Дзыллæ, мæгуырæг, йæ уæззау уаргъ æнæ уауу зæгъгæйæ бæргæ хаста, фæлæ иу бон дæр чызджы цардæй никæд ацард. Ме 'фсымæр адара, ме 'фсымæр ахæра, зæгъгæ, йæ буар лæгъз дарæсы хъæстæ никæд фæци, йæ хъуыры дзæбæх хойраджы комдзаг никæд ацыди. Йæ иударон къабайыл уыйбæрц алыхуызон æмпъузæнтæ уыди, æмæ, цавæр хъуымацæй хуыд уыдис, уый Сечъынаты хæйрæг дæр нал раиртæстаид. Сæрд-сæрды дæргъы бæгъæввадæй цыдис, зымæгон та йæхи хуыд уæлæнгай дзабырты.

Хъызтæн æфсæйнаг дæр нæ быхсы. Иу зымæгон бон Дзыллæйы уазал ныццавта æмæ æруатон. Æнкъард бонтæ адаргъ сты. Низ тыхджынæй-тыхджындæр кодта. Уæды дуджы хохаг хъæуты дохтыртæн сæ кой, сæ хъæр дæр нæ уыд, дæсныйы хосты та ницы тых уыдис, æмæ сидзæр чызг йæ тæвдæй цармæ асинтæ æвæрдта. Хæлттæ дæр ын сцагътой, æмæ цы дзуары хал схаудта, уый номыл кусарт дæр акодтой, фæлæ йын йæ зæдыхай дæр нал баххуыс кодта, æмæ йын Аминон мæрдты дуар уалдзæджы къæсæрыл ныттыхта. Халон мæсыджы сæр бадти æмæ Алхæстау хæкъуырццæй куыдта.

Алхæстæн йæ рахиз цонг цыма йæ рæбынæй ахауди, афтæ фæци. Тыхсын æй кодтой сылгоймаджы бирæ змæлдтытæ. Хæринаг цæттæ кæнын, хæдзар æфснайын, фос дуцын æмæ бирæ æндæр хъуыддæгтæ.

Афæдзы кæндтытæ куы фесты, уæд ма йæ амонды дидинæг агурыныл бæргæ ацархайдта, фæлæ уыгæрдæнты æрæгвæззæг хъамылы хус хæтæлтæй уæлдай ницыуал вæййы...

Адаргъ сты æнамонд боны гуырд Алхæстыл йæ иуæгон царды æрхæндæг бонтæ. Хæдзар куы фæцуда, зæгъгæ, æхсæвæйбонæй æнцой нæ зыдта. Нæлгоймаджы уæззау куыстытæй уыййас нæ фæлмæцыди, фæлæ йæ уыцы фос дуцын, цыхтытæ ахсын, кæрдзын кæнын æмæ хæдзары къуымтæ æфснайыны лыстæг куыстытæ бадомдтой. Йæ уд ын йæ хъуырæй ластой. Æмбисæхсæв-иу куы æрæнцад, уæд та йыл-иу, йæ сæр тымбыл къухтæй хойгæйæ, æрбабон ис, афоныл, дам, де 'мгæртты цæуыннæ бафæзмыдтай, зæгъгæ-иу, йæ хæкъуырццæй нал æнцади.

Фыдуаг рæстæг йæ кæнонтæ кодта. Æнусы дæргъы Биазырты къонайæ сывæллоны хъæр кæй нæ райхъуыст, уымæ гæсгæ йыл хъæубæстæ æлгъыст хæдзары ном ныйичъи кодтой,

æмæ сыхагæй, хъæуккагæй йе ’мгæрæтты дæр ничиуал цыд.

Цы уыди, уæддæр кæддæры хъал лæппу Алхæст сæдæ азы сæрты ахызт æмæ йæ гæрзтæ сындæггай æвæрын байдыдта. Районы хицауад ын-иу лæгъстæтæ кодтой, Дзæуджыхъæуы зæрæдты хæдзармæ дæ аласæм, зæгъгæ, фæлæ ууыл нæ разы кодта, мæ хæдзары фæлахс дуар (иу фæтæн фæйнæгæй арæзт) цы фæуыдзæн, зæгъгæ.

Алцæмæн дæр афон ис. Райдиан кæмæн уа, уымæн кæрон дæр æнæмæнгæй вæййы. Алхæст йæхимæ зилынхъом нал уыд. Дæс азы бæрц йæ буар доны хъæстæ нал фæци. Хъæддаг лæгау афтæ схæмпæл, æмæ йæм æппындæр адæймаджы æнгæсæй ницыуал уыд. Йæ хъуг-иу хæдзары алывæрсты фæхызти, стæй-иу къонайы цурмæ бацыд, æмæ-иу æй Алхæст родау бададта.

Ралæууыд 1956 аз, æмæ Биазырты мæсыджы сæрæй халон йæ æнкъард хъуахъхъ-хъуахъхъæй нал æнцад. Алхæсты хъуг та дыууæ къуырийы сæ кæрты фæбогъ-богъ кодта. Уæд сыхæгтæй чидæр æлгъыст хæдзар бабæрæг кæнын сфæнд кодта, æмæ Алхæсты марды хабар хъæубæстыл айхъуыст. Хистæн ын йæ хъуг аргæвстой, рухсаг у, йын загътой æмæ йæ йæ хо Дзыллæйы фарсмæ бавæрдтой. Бирæ хабæрттæ, таурæгътæ зыдта Алхæст æмæ сæ кæйдæрты руаджы йемæ мæрдтæм нæ ахаста. Æфснайд сты нæ республикæйы наукон-иртасæн институты архивы.

Алцæмæн дæр рæстæг и, алы хъуыддаг дæр йæ афоныл кæнгæ у, гъемæ Ирыстоны фæрнджын фæсивæдæн дунедарæг цытджын Хуыцау ахæм хорз арфæ ракæнæд, æмæ сæ Алхæсты æлгъыстаг хал куыд никуы ничи ахæра...

## ХЪЫСМÆТЫ ФÆЛВАРÆНТÆ

Додтаты Таухъан æмæ Аминæт Алагирæн йæ цæгатгæрон Хърупсы сыхы цардысты. Дыууæйæ дæр хъазуатон колхозонтæ. Цауд нæ уыдысты хойрагæй æмæ дарæсæй дæр, фæлæ сæхи мæгуырæй-мæгуырдæр хуыдтой уымæн, æмæ сæ фæдыл иунæг хъæбул Тугъанæн нæдæр хо уыди, нæдæр æфсымæр. Тугъан та æрдзæй ахæм аив гуырыконд рахаста, æмæ-иу бирæтæ батæхуды кодтой, уый кæй къонайæ ракæсы, зæгъгæ. Ноджы ма йæ амæндтæуарæг схорзæхджын кодта цæрдæг æмæ æнæзивæгдзинадæй дæр.

1938 аз Тугъан æвдæм къλас каст фæци æмæ сфæнд кодта Дзæуджыхъæуы педагогон техникумы йæ ахуыр адарддæр кæнын. Ныййарджытæ куыннæ барæвдз кодтаиккой сæ иунæг удылхæцæджы æмæ йæ иу райсом куы фæндараст кодтой, уæд æй Таухъан фæдзæхста:

— Хъусыс, лæппу, царды уæрæх фæндагмæ хизыс, æмæ дын дæ къахайст нæ фыдæлты рагон Уастырджи рæстмæ фæкæнæд. Цæуынæй йыл чи бафсæсти, уый хал ахæр. Фæлæ уыцы стыр фæндагмæ цы гыццыл къæсæры сæрты хизыс, уый макæд ферох кæн.

Сыхы фæсивæд чызгæй, лæппуйæ Тугъаны афæндараст кодтой Алагиры æфсæнвæндаджы вагзалмæ заргæ æмæ фæндырцæгъдгæ. Фыдæмбæлæджы уазал цæст сыл не 'рхæцыд, æмæ æрыгон лæппуйы балц фæрæстмæ. Педагогон техникумы студентæй агæпп ласта.

Хæрзуынд, хæрзæгъдау, зæрдæргъæвд лæппуйы кой уайтагъд æнæхъæн техникумыл айхъуыст, æмæ йыл ахуыргæнджытæ йæ фæсауыонмæ дæр цин кодтой. Фæскомцæдисы чыр та йæ сæхицæн разамонæгæй сæвзæрстой, афтæмæй ахуыры бонтæ адаргъ сты.

Таухъан æмæ Аминæтыл цыма хæрæмигъ æрбадти, уыйау сæ зæрдæтæм рухсы цъыртт никæцæйуал цыди. Сæ иунæг хъæбулы мысгæйæ сыл æхсæв хуыссæг нал хæцыд, бон та куыстмæ сæ зæрдæтæ нæ радысты. Гъемæ бирæ рауынаффæ-бауынаффæты фæстæ сæ бынтæ, сæ хæдзар ныууæй кодтой æмæ, Дзæуджыхъæуы Малаканты сых кæй хуыдтой, уым хæдзар балхæдтой æмæ горæтæгтæй агæпп ластой. Таухъан «Электроцинчы» заводы кусын райдыдта. Аминæт та уынгтæмæрзæгæй.

Æнæсæрбос бонтæ размæ згъордтой. Иу улæфæн бон Таухъан кæрты цыдæртæ архайдта, Аминæт та цæлгæнæны сихормæ хæринаг цæттæ кодта. Тугъан куы иуырдыгæй йæ разы балæууы, куы аннæрдыгæй. Мад æм разылд æмæ йæ бафæрсы:

— Гаги, исты зæгъинаг дæм ис?

— Дзыцца, ацы аз ахуыр фæуыдзынæн, фæлæ йед у...

— Цы у, цы, мæ хъæбул, мæнæ ма афтæ мæ фарсмæ æрбад æмæ мын дæ зæрдæйы дуар байгом кæн, — йæ хъæбулы цонгыл æрхæцгæйæ фæзæгъы Аминæт.

Тугъан арф ныуулæфы:

— Нæ зонын, дзыцца, куыд мæ бамбардзынæ, фæлæ...

— Гаги, мæ къона, дæумæ хъусын, мацы мæ басусæг кæн.

Тугъан йæ мады къух йæ зæрдæмæ нылхъывта, зæгъы:

— Дæ хорзæхæй, дзыцца, мæ къæйныхдзинадæн мын хатыр уæд... Нæ факультеты цалдæр чызджы ахуыр кæны. Никæмæй сæ ницы зæгъæн ис, фæлæ æрвон дидинæгау се 'хсæн бæрæг дары йæ ирон æгъдау, æфсарм æмæ хорз ахуырæй Заретæ. Иннæ чызджытау æй кæл-кæлæй худгæ никæд фендзынæ. Æппынæдзух дæр мæйау сагъæсхуыз. Схъомыл ис сидзæр сывæллæтты хæдзары. Ныртæккæ та цæры нæ техникумы æмдзæрæны. Йæхи мыл бæтты, йæ зæрдæйы сагъæстæ мæнæн адзуры. Дыууæ мæйы фæстæ ахуыр фæуыдзыстæм æмæ уæд цы фæуыдзæн? Тæригъæд ын кæнын, дзыцца.

Мад бахудт æмæ, йæ риуыдзаг æхсызгон сулæфгæйæ, фæзæгъы:

— Мæ хъæбул, æппындæр ма тыхсгæ ма кæн. Мах дæ фыдимæ уыцы цины бонмæ нæ былыцъæрттæ куы æхсынæм. Ауынаффæ кæндзыстæм æмæ уын хорз чындзæхсæв скæндзыстæм. Ау, уæдæ ма цæмæн цæрæм?!

Тугъан æфсæрмæй мæймæ булкъау сырх-сырхид афæлдæхт æмæ йæ мады хъарм хъæбысы аныгъуылд.

Ахуыры аз фæци. Педагогон техникумы студенттæй сырх дипломтæ кæмæн радтой, уыдоны хыгъды уыдысты Тугъан æмæ Заретæ дæр.

Цард уынаффæйæ у. Таухъан йæ фырты зæрдæйыуаг куы бамбæрста, уæд æй иу изæр йæ дыууæ хорз æмбалмæ фæдзурын кодта æмæ сын афтæ зæгъы:

— Уыцы мæгуыр чызджы ацы тæккæ изæр нæ тæккæ хæдзармæ скъæфæгау ракæнут. Райсом та йæ загсмæ ахондзыстут æмæ уым сæ фæндон сфидар кæнæнт. Иннæ хуыцаубоны, 22 июны та нæм уыдзæн чындзæхсæв æмæ хæстæджытæ, хионтæм хъæуы рагацау хонджытæ арвитын.

Фæлæ Додтаты чындзæхсæв фыдызнаджы нæмыгдзæф фæци, фæндзæймаг бон Тугъанмæ хæстмæ фæсидтысты.

Рацыдаид æртæ къуыририйы бæрц. Додтатæ сæ фæдисон хъæбулæй райстой æртæкъуымон фыстæг. Уым Тугъан цыбырæй хъусын кодта, æрдæгвæндагыл кæй сты æмæ Киевырдæм сæ арæзт кæй у.

Бæстæйыл мылазон мигъ æрбадт æмæ адæмы ницыуал æндæвта. Гермайнаг æфсæдтæ дысвæлдæхтæй размæ æфсæрстой

æмæ æфсæрстой. Мæскуыйы радио æрхæндæгæй фехъусын кодта, знаг Киев кæй бацахста, уыцы æвирхъау хабар. Додтаты къаннæг бинонтæн-иу постхæссæджы фæзындмæ сæ цæстытæ ныдздзагъыр сты, фæлæ Тугъанæн йæ кой, йæ хъæр дæр никæцæйуал райхъуыст.

Дунейы историйы æппæты карздæр хæст банцад, æмæ уæлахиздзаутæ сæ къонатæм здæхтысты. Чи æрдæгарыдæй, чи та æнæцонг, кæнæ æнæкъахæй Аминæт æмæ-иу Заретæ дæр, сæ цæнгтæ сæ дæлæртты, афтæмæй, сæ бæлццонмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, уынджы къæйыл лæугæ баззадысты. Таухъаныл дæр хуыздæр бон нæ уыд. Уынджырдыгæй йын кулдуары фарсмæ цы бандон уыд, ууыл бадгæйæ йыл-иу æрбон. Заретæ скъолайы ахуыргæнæгæй куыста. Йæ сахæттæ фесты, зæгъгæ, афтæ-иу хæдзармæ фæтъæбæртт кодта: кæд нæ бæлццон фæзынди...

Ралæууыд 1955 аз. Додтаты бинонтæн сæ бæлццонмæ æнхъæлмæгасты ныфс асаст. Иу изæр тæрхоны æрбадтысты æмæ Таухъан йæ чындзæн афтæ зæгъы:

— Мæ чызг, дæ хорзæхæй, лæмбынæг мæм байхъус. Бонтæ цæуынц, рæстæг йæ кæнонтæ кæны. Куыд кæсын, афтæмæй æнхъæлмæ кæсынæй ницуал пайда ис. Ды нырма уалдзыгон дидинæг дæ. Гъемæ дыл цалынмæ фæззæг не схъызыд, уæдмæ дæ цардыл ахъуыды кæн. Мах, мæнæ не 'фсинимæ бауынаффæ кодтам, нырæй фæстæмæ ды дæ нæ хъæбул, нæ уарзон иунæг чызг. Гъемæ нæм нæ зæронды бонты йæ сынæг чи фæдара, дæ хорзæхæй, нæ лæппуйы мондæгтæ кæмæй исæм, ахæм сиахс нын куыд уа, уый нын дæ цæст бауарзæд.

Заретæ ныххæкъуырцц кодта æмæ йæхи Аминæты хъæбысмæ баппæрста.

Додтаты чындз цæстыахадгæ сылгоймаг уыди. Бæрзондгомау, аив гуырыкондыл диссаджы рæсугъд фидыдтой дыууæ даргъ дзыккуйы. Йæ æрвхуыз цæстыты сæрмæ къæдзгомау, тарбын æрфгуытæ, пумпуси, сырхуадул рустæ. Зына-нæзына гуыбыргомау фындзы бынмæ рæгъæд æрыскъæфтау мæнæ-мæнæ кодтой пухæвæрд дыууæ былы. Уæлдай зæрдæисгæ та йæ, куыиу бахудти, уæд йе 'нгом рæнхъæвæрд урс дзæнхъа дæндæгтæ кодтой. Райсомæй куыстмæ цæуынафон-иу сыхæгты сылгоймæгтæ æмæ нæлгоймæгтæй дæр чидæртæ, Заретæйы фенон, зæгъгæ, исты æфсæнттæй уынгмæ раивылдысты æмæ-иу «дæ райсом хорз, дæ фæндаг расты» арфæтæ сарæх сты.

Йæ иу уæхскыл цыма хур хаста, иннæуыл — мæй, уыйау-иу тасгæ-уасгæ куы фæцæйцыди, уæд-иу бæлæстыл бадæг хъæддаг цъиутæ дæр дзыхы фæндыртæ фестадысты. Йæ ахуырдзаутæ та йæ афтæ бирæ уарзтой, æмæ-иу скъолайы кæрты куы фæзындис, уæд-иу ыл, Заретæ, Заретæ, зæгъгæ, амбырд сты æмæ-иу æй къласмæ хæссæгау бакодтой...

Таухъаны ныхæстæ Заретæйы арф хъуыдытыл бафтыдтой. Æхсæв ыл хуыссæг нал хæцыд, бон та-иу урочы хатгай джихауæй аззад. Æмæ æрцыд ахæм хатдзæгмæ: «Раст фæндагыл мæ æвæры баба. Лæг дыууæ хатты нæ цæры, цард та цардыл ахатгæнæн нæй»...

Районы ахуырады хайады инспектор Пуциты Сардо, хъæуанæхъæуа, Заретæйы урокты арæх бадын байдыдта. Заретæ куыннæ æмбæрстаид усгуры хъынцъым. Иуахæмы кæрæдзи зæрдæтæм ныккастысты æмæ йын йæ минæвæрттæн Додтаты дуар бахойыны бар радта. Радта, фæлæ уыцы æхсæв Тугъаны мысгæйæ йæ цæстытæ дыууæ къаннæг суадоны фестадысты... Хуыссæг-иу æй куы фелхыскъ кодта, уæд та-иу Тугъан йæ разы февзæрд, йæ фæдыл та — Сардо. Гъемæ йын æнæхуыссæг æхсæвтæ йæ фыд сындæггай æппæрстой.

Æгъдæуттæ конд сты. Нæ разагъды фыдæлтæ сæ лыстæг сасирæй раджы балуæрстой. Гъемæ иу хуыцауæхсæв Додтатæ æмæ Пуцитæ сæ хæстæгдзинад æртæ кæрдзыны æмæ мысайнагæй сфидар кодтой. Радтой кæрæдзимæ сæ къухтæ æмæ сæ цины бонæн дыууæ къуыририйы сæмгъуыд кодтой.

Нысан бон райсомæй Додтаты кæрты сыхæгтæ, хионтæ, хæстæджытæ базмæлыдысты. Иутæ кусарт кодтой, аннæтæ сугтæ састой, чи та цуайнаджы бын арт æндзæрста.

Уыцы бон арв цыдæр æмтъерыхуыз уыди. Куы-иу æврæгътæ æддæг-мидæг ауадысты, куы-иу хуры лыстæг цæссыгтæ æрызгъæлдысты, кæм та-иу зилгæдымгæйы къуыззитт райхъуыст...

Цы уыди, уæддæр рæстæг йæ куыст кодта. Æмбисбон Пуциты чындзхæсджытæ заргæ, фæндырдзæгъдгæ æрбахæццæ сты, æмæ сын кулдуары къæсæрыл фысымтæ цæхх, кæрдзынæй æгасцæуат загътой.

Кæрты къæрццæмдзæгъд хъазт стынг. Иу кафт иннæйы ерысæй ивта. Уалынмæ фæндыр чепенайы цагъд ныццамыдта. Уазджыты хистæр Аксо, хæдзары æфсин Аминæты раз йæ худ систа, йæ цонгыл ын æрхæцыд, æмæ «Ой-ой, чепена» куы анæрыд,

уæд Заретæ йæ уаты хæкъуырццæй ныккуыдта. Таухъан та аивæй йæхи уынгмæ райста, æмæ кулдуары раз бандоныл æрхæндæгæй йæхи æруагъта. Рухсы цъыртт æм никæцæйуал касти, афтæмæй сæргуыбырæй зæхмæ ныдджих.

Къæрццæмдзæгъд æмæ фæндыры уæнгроггæнæг зæлтæ æнæхъæн хъæубæстыл азæлыдисты. Хъуынджын бон дæр йæ фист калын байдыдта. Арвы фæтæн риуæй тар æврæгъты афу чынди. Хур мидбылхудгæ йæ уарзон зæхмæ ныккасти æмæ Додтаты сыхы сæрмæ арвæрдын æрцауыгъта. Раст уыцы рæстæджы Таухъаны раз æрбалæууыд, йæ тæнтæй рухсытæ кæмæн калд, ахæм фыдæфхæрд, бæрзонд æмæ фæтæнуæхск бæлццон. Уыдис арсау хъуынджын. Йæ мыдхуыз рихитæ хъæрццыгъайы базыры йæстæ. Йе 'ккой салдаты рифтаг. Таухъан ын уæлæмæ не скæсгæйæ йæ саламæн дзуапп радта æмæ æрвдзæф къодахау бандзыг. Фæндаггон иуцасдæр ахъус, стæй дисгæнгæ афарста:

— Цы хабар у, цавæр хъæлдзæгдзинад ис кæрты?

Зæронд лæг йæ мидбынат чысыл базмæлыд æмæ саст хъæлæсæй фæзæгъы:

— Цы хабар ма уа, уæртæ мæ чындзы моймæ æрвитын, — æмæ та бахъынцъым кодта.

Фæндаггон уæзбын къахдзæфтæгæнгæ кæртмæ бахызт æмæ кафджытæм йæ къепкæ-худы бынты кæсы. Раст уыцы рæстæджы Заретæйы сылгоймæгтæ йæ чындздзон дарæсы ифтыгътой. Æнахуыр лæджы кæрты лæугæ куы ауыдта, уæд фæджих, стæй уыциу схъиуд фæкодта æмæ йæм ныхъхъæр ласта:

— Ту-у-гъан!

Фæндыр фæхъус, æмæ адæм сæ цæстытæ уазæг æмæ Заретæмæ ныццавтой. Уалынмæ дын Аминæты илæлæй дæр райхъуыст:

— Уæртæ лæг, кæм дæ! Мæнæ нæ хъæбул! — æмæ мад æмæ фырт кæрæдзи хъæбысты ныббецъеби сты.

Кæртыдзаг дзыллæ фегуыппæг сты, стæй, хæдзарыл цы худгæ хур скаст, уый куы бамбæрстой, уæд сæ цæссыджы хъарм суадæттæ фемæхсыдысты. Хистæртæ дæр сæ нард фынгтæй фестадысты æмæ æз фæраздæронæй бæлццоныл бацин кæнынмæ цыдысты. Таухъан æмæ Аминæты та арфæты зæйы бын фæкодтой...

Æвæдза, ирон æгъдæуттæ куыд тыхджын сты! Таухъан иуварс лæууыди, хуры сызгъæрин къæртт аныхъуырæгау фырцинæй ради,

фæлæ йын адæмы раз йæ хъæбулыл ацинтæ кæныны бар йе 'фсарм нæ лæвæрдта. Уазджыты хистæр Аксо фæцарæхст æмæ сын кæрæдзи ныхъхъæбыс кæнын кодта. Кæрт чысыл куы æрномыл æмæ Аксо Таухъаны куы бафарста, дарддæр нын цы кæнгæ у, зæгъгæ, уæд Заретæ сæ размæ балæууыд æмæ фидарæй фæзæгъы:

— Баба, ацы адæмы раз дæ стыр хатыр курын. Ныххатыр мын кæн мæ къæйныхдзинад. Кæд ма мæ дæ чындзыл — дæ чызгыл — нымайыс, уæд æз ацы кæртæй иунæг къахдзæф дæр æндæр хæдзармæ нæ акæндзынæн, — æмæ Тугъаны фарсмæ балæууыд.

Хъуыддаг æмбæрстгонд уыд. Аксо хибарæй Сардоимæ аныхасы фæстæ кæртыдзаг адæмæн фехъусын кæны:

— Абон Пуцитæ ацы фæрныг хæдзармæ чындзхæссæг æрбацыдысты, фæлæ цытджын Хуыцауы уый нæ бафæндыд. Тугъан! Сызгъæрин Уастырджи æмæ дæ рухс Мадымайрæм ахæм дзыккакъах фæкæнæнт, нæ фæсивæдæй уыцы стыр туджы тымыгъы æбæрæгæй чи фесæфт, уыдонæй ма кæд искæм исчи сæрæгас у, уæд сæ хорз хабæрттæ цы фехъусæм. Ды та нæм, Тугъан, æгас бон, æгас цу! Гъæйтт, дзагдар! Сатанайы нуæзтæй ма йын æмбæлæггаг авæр!

Тугъан йæ фыды раз фыццаг хатт райста сыкъа йæ къухмæ. Æфсæрмæй йæ худ фæныллæгдæр кодта æмæ йæ куы анызта, уæд ын Аксо Заретæйы къух райсын кæны æмæ фæзæгъы:

— Сымах дунескæнæг иунæг Хуыцау кæрæдзийæн сфæлдыста æмæ æмбай-æмзæронд баут! — Стæй, хæдзары хицаумæ баздæхгæйæ, фæзæгъы: — Таухъан, бæрсткуывд ут, æмæ уæ минас бирæ. Гъеныр махæн та цæуыны бар радтут.

Додтаты хæдзар уазæгæй нал цух кодта. Хæстæджытæ, хионтæ, зонгæтæ, чи куыд раздæр хъуыста Тугъаны æнæнхъæлæджы фæзынд, афтæ йæм уæззау хуынтимæ арфæтæ кæнынмæ цыдысты. Иу ахæм æрбамбырды йæ йе 'мкъласон Цæрай бафарста:

— Дæ хорзæхæй, Тугъан, ацал-ауал азы кæм уыдтæ? Уæд та, гормон, халоны къахыл бафтыдтаис иу гæххæтты гæппæл.

Тугъан арф ныуулæфыд æмæ анывæста йæ таурæгъ:

— Нæ дивизи Киевы бынмæ æрхъулайы бахауд. Цæг ратоныны карз хæстыты уым бирæтæ æнустæм хуысгæйæ баззадысты, аннæтæ та уацары бахаудысты. Бавзæрстон æз дæр концлагерьты фыдмитæ.

Ралæууыд 1943 аз. Сæдæгай уацайрæгты немыц рæнхъытæй алæууын кодтой. Сæ хицауы дзырдмæ гæсгæ-иу рæнхъæй ра-хизын кодтой цыппар, кæнæ фондз уацайраджы æмæ сæ дыу-уæсæдæ метры бæрц дугъы уайын кодтой. Лæмæгъдæрты-иу фæстæмæ сæ бынæтты балæууын кодтой, цæрдæгдæрты та сæ цуры урæдтой, æмæ æз дæр уыдонырдыгæй фæдæн. Дæс æмæ ссæдз куы баистæм, уæд нын фæйнæ къæбæры радтой æмæ ныл сæ аэродроммæ ахъæр кодтой. Уым нæ хæдтæхæджы сба-дын кодтой æмæ нæ цавæрдæр æдзæрæг сакъадахы смидæг кодтой. Уым нæ æдхотых салдæтты æвджид бакодтой.

Ам уыд, цавæрдæр тыхджын хæцæнгарз саразыныл чи архайд-та, ахæм æфсæддон инженерты къорд. Махæн уыдис хицæн æмдзæрæн æмæ хæрæндон. Хæринаггæнджытæ дæр уыдысты нæхицæй. Хæрдхъуаг бæргæ нæ уыдыстæм, фæлæ, æллæх-æллæх, сæумæцъæхæй изæрдалынгтæм уыцы белтæ æмæ къахæнтимæ фыр-гуыстæй уыргæфтыдтæ кодтам. Зæххы бын нын аразын кодтой арф бункертæ. Нæ нæм газеты гæппæл хæццæ кодта, нæ радиойы хъæр æмæ цы бон у, кæцы мæй у, уыдæттæ дæр нæ ферох сты.

Хуры рухс нæ уыдтам, бонсауизæрмæ зæххы бын, æхсæв талынг æмдзæрæны, афтæмæй фыдуаг æмæ уæззау рæстæг Дзæуджыхъæуæй Берлины онг ныддаргъ. Иу заманы нæ сакъа-дахмæ дыууæ хæдтæхæджы арæх тæхын байдыдтой. Немыц нын сæ мулк уæззау асыччыты æфснайдæй уыдонмæ хæлофæй хæссын кодтой æмæ дыууæ-æртæ къуыримæ уым иунæг немы-цаг дæр нал баззад. Æнкъард, æрхæндæг рæстæг ныл ныддаргъ и. Зæххы бын немыцæгтæн цы стыр хойраджы æвæрæнтæ уыдис, уыдоны фæрцы ирвæзтыстæм.

Æнкъард рæстæг мæ йæ быны ауæрста. Æхсæвæй-бонæй мысыдтæн мæ ныййарджыты, Ирыстон, нæ урссæр хæхтæ, уæ фарн фынæй, фæлæ Заретæйы.

Æппынæрæджиау ныл æрцыд æнæнхъæлæджы хорз. Нæ сакъадахмæ æрбафтыд грекъаг туристты къорд. Уыдонæй ба-зыдтам, хæст иуæндæс азы размæ кæй банцад, уыцы хабæрттæ. Туристтæ нæ сæ катеры стыр зæхмæ æрбаластой, æмæ ныр, Хуыцауы фæрцы, мæнæ уæ разы дæн, — балхынцъ кодта йæ уæззау таурæгъы кæрон Тугъан...

# ХЪОДАЛАТЫ ГЕРСАН: 70 АЗЫ





*Герсан йе 'мбал Тасойты Мухаримæ,*
*институт каст фæуыны фæстæ. 1961 аз.*



*Къостайы бонтæ Захъоры хъæуы. 1999 азы октябрь.*
*Галиуырдыгæй дыккаг — Герсан.*

*ХЪОДАЛАТЫ Герсан*

## ОС-БÆГЪАТЫР

*Фрагменттæ кадæгæй*

* * *

Дурамад бæрзонд гæнахыл
Фидиуæг лæууы, хъæрæй
Сиды: «Фарны хæс ис махыл, —
Чидæрид лæууы йæ къахыл, —
Тохмæ йын æдзæугæ нæй!

Хуры хъæбулты сæраппонд,
Суинаг фæлтæрты тыххæй
Басæрфат æмбæлы абон,
Се 'мдзæрин ысуыдзæн амонд,
Кæд нæ архайд — зонд, тыхæй.

Ацæудзæн нæ разæй махæн
Разагъта хæстон-фæтæг.
Уый нæртон Балсæджы цалхæн
Бахсыста тæлытæ ахæм, —
Никæд бон сын и сæттæн!

Ахæм фидиуджытæ — бирæ,
Хъуысы алкæцæй сæ сидт.
«Ма бадут æнцойæ иу ран,
Саразæм хæрзиуæг Ирæн —
Ивылд фурды сæрты хид».

Æмæ тохæн гуырд лæппутæ
Сызмæлыдысты æваст.
Чи сыл бахуддзæн тæппудтæй, —
Аргъ кæнынц сæ ном, сæ худтæн,
Цыма фарны зæдæн раст.

Нал баззад куырдадз, цы ранæй
Дзæбуджы зæлланг нæ хъуыст.
Куынцы дзыхмæ сыгъд цырынæй
Арт-цæхæр æмæ фыдрынæй
Уый фæрцы уыдыстæм хызт.

Хъама зæгъай, арц, мыдзыра,
Старц, æхсарыгард, фæринк, —
Фестадысты уым æмдзырагъ,
Сырæзыди сæ дынджыр рагъ,
Се 'ппæт иумæ та — зæрин!

* * *

— Размæ, барджытæ-цæргæстæ! —
Дардыл анæрыди хъæр.
Бæхтæн фелхъывтой сæ фæрстæ,
Над зæхх аззади сæ фæстæ,
Фестъæлфы чъылбызгай мæр.

Мингай бæхты къæхты хъæрмæ
Арвыком нæры сындæг.
Уæлдæф ачъиллон сæ сæрмæ,
Ӕмæ ирд арвы къæсæрмæ
Сивæзт мигъ-рыджы бæндæн.

Бардз кæдæм фæцæуы стæры
Ныр гæрзифтонгæй уæддæр?
Уа йæ фæнд рæгъæуттæ стæрын,
Йе зæрин-хæзнатæ 'вæрын,
Искæй бафхæрын æгæр?

Нæ, зын у тæригъæд дзурын, —
Арв — уæлейæ, зæхх — бынæй:
Никæд уыд ирон хæддзу рын,
Уый йæ кад нæ ивта дзулыл, —
Сау æртах йæ туджы нæй.

Уыд нæ фыдæлтæн, цæвиттон,
Уым, Фæскавказы, кæддæр
Дардыл атагъатæ... фиддон
Фесты сау гуырдзыйæн иу бон...
Бахъуыди та ног сæ сæр.

Скъуыдис уым сæнæфсир тугыл,
Ставд сырх фæткъуытæ — зæу-зæу.
Цæст дзы не 'ххæссыд фысдзугыл,
Уыд зын бон цæвæг, дзæбугыл,
Хъæсдарæг дæр кодта «уæуу!».

...Уæд сæ раздзæуæг та чи уа?
Ос-Бæгъатыр у сæ сæр.
Никæд уыди стæрты чиуаг,
Урс æфсургъыл, Уастырджийау,
Бады рухсдзастæй ныр дæр.

Згъæрхæдонæй, цирхъæй, уартæй
У æхгæд æмæ фæлыст.
Рахаста лæджыхъæд Нартæй,
Никæмæн радта йæ бартæ,
Туг йæ домбай уæнгты 'хсыст.

Хъуамæ даргъ фæтæнком цирхъæй
Арæнтæ æркæна ххх,
Бæхыл бадгæ, ног та Ир-хъæу,
Арт кæуыл ыссыд — æвирхъау, —
Арвмæ самайа гæнах!

Æмæ чидæрид йæ разы
Уымæн бавæра ныхдур, —
Баййафдзæни скъуыд йæ базыг,
Тар ыл бамбæрздзæн йæ базыр —
Анызгуылдзæнис йæ хур!..

Æмæ рагацау йæхимид
Картли джитæнтæ кæны.
Нал ын акæрддзæни хин ми,
Нал дæр баззайдзæни хи 'вджид, —
Акаст халоны уæны.

Дуртæ къæхты бын æууæрдгæ,
Хайуантæ кæнынц фыдуаг.
Иугъæдон гуымсæгты нæрдæй
Хæхтæ алæууынц фæйнæрдæм,
Радтынц барджытæн фæндаг.

...Æмæ ’хсаргарды цъыччытæй
Бæстæ байдзаг ис æваст.
Схъиуынц такатæ, тыччытау,
Стъæлфæнтæ, зæрватыччытау,
Алырдæм тæхынц æмраст.

Сæр фæхицæн вæййы гуырæй,
Ронбастмæ æрфæды уæхск.
Удхæссæгæн тас мæгуырæй
Нал у, акалдис йæ хъуырæй,
Амонд ын æрхаста хæст.

Ос-Бæгъатыры мыдзыра
Уарты ахизы цæхгæр.
Иннахæм — йæ хайуан, сæрра,
Бæстæ — знæт йæ сонт мыр-мырæй,
Калы цæстытæй цæхæр.

Бон йæ тæккæ 'мбисыл асаст,
Арвыл бамæгуыргъуыз хур, —
Й’ алфæмблай бынтондæр сасæст,
Цъæх кæрдæг сырх тугæй бафсæст,
Мидцæссыгтæ калы дур.

Карзæй ассæстой сæ разæй
Алантæ фыдгулы бардз.
Радтой лыгъд æви æрра зæй
Фенкъуыст рагон урс Кавказæй?.. —
Сæрыхъуын ысбадти барц.

Цагъды уæлдæйттæ тыгуыртæй
Тарст хуытау ныйисты пырх.
Бæхтæй бирæтæн сæ гуыртæй
Калд фæздæг, сæвджын быдыртæ
Адардтой сæ тугæй сырх.

Иберийæгты æфсадæн
Асасти сæ сыкъа уым.
Ос-Бæгъатыр: «Уыцы ’рратæ
Нал кæниккой ныр кæд радæй
Мах зæххыл хæрæгæй хуым!..»

Алантæй дæр уыцы тохы
Бирæтæ фæци зынгхуыст.
Фæлæ сæ нæ баззад рохы:
«Хæст дæ бафтаудзæн фыдохыл,
Фæлæ бакодтай дæ куыст,

Уæд уыдзынæ хызт фæсмонæй,
Риу ныуулæфдзæн уæрæх.
Хи ныхсдзынæ аргъуыд донæй,
Кувдзæн дын æхсæвæй-бонæй
Фарнæй дзаг фыдæлты зæхх.

Ос-Бæгъатырæн йæ рахиз
Не суагъта рæхойæнгарз.
Æмæ рамбылдта уæлахиз...
О Хуыцау, фыдæй йæ бахиз,
Хур, дæ фæдисоны уарз!

Радт ын зонды рухс парахат,
Радт ын цонджы тых — нæртон
Æмæ сараза паддзахад,
Хин, мæнг ард æмæ гадзрахат
Сæфт кæм æрцæуа бынтон!

Ос-Бæгъатыр, Ос-Бæгъатыр,
У къæрцхъус æмæ цырддзаст.
Фидар хæц дæ æхсаргардыл,
Науæд дын кæндзысты д’ артыл
Ихдон сау куыйдзыхтæ ’васт.

Уыдон дæ кæндзысты маргæ, —
Авд хатты йæ сбарстой, авд.
Фаты бырынкъ сæрст у маргæй,
Сагъадахъы нал у даргæ, —
Гом дæлармæ у сæ хъавд.

Дысон сусæгæй дæ бæхæн
Бадардтой æнæвгъау цæхх.
Райсом раджы, боны сцъæхæй,
Кæртæй ахиздзæн дзæбæхæй,
Риздзæн та йæ быны зæхх.

Нæу бæллиццаг дзурын дардыл, —
Фурдастæу ныллæудзæн бæх.
Ехс нæ фæцъелф кæндзæн д' армы,
Дон ын бахъæудзæни дарын, —
Бакæндзæн йæхион цæхх...

«Æчо!» — сдзурдзынæ тыхстхуызæй,
Нал басæтдзынæ дæхи.
Стæй дыл ракæлдзæн тыгъдызæй
Æви фатдзæфы дыз-дызæй
Банкъардзынæ зины хин?

Саргъæй расхъиудзынæ донмæ,
Баталынг уыдзæн дæ бон.
Фурд дæ раппардзæн кæронмæ,
Гъестæй уæд Аланыстонмæ
Атулдзæн дæ сау уæрдон.

Оххай-гъе, дæ фæндаг — гакъон,
Хæрд, уырдыг æмæ тæссар.
Дыргъдон — ихдзагъд, хуымтæ — какон.
Ос-Бæгъатыр, сайын ма ком,
Раст, бæззон сæрфат ыссар!..

Раззонд æй бæргæ фæдзæхсы,
Рагацау кæны фæдис,
Фæлæ йын йæ зæл кæм хæссы
Уддзæф, нæу нымад йæ хæсыл, —
Бафынæй ис бонæмбис.

Уый та урс æфсургъыл бады,
Афтæ зынди, цыма раст
Фидар хæцгæ йе 'хсаргардыл,
Дзагцæстæй фæлгæсгæ дардыл,
Уастырджимæ кодта раст...

* * *

Хомвад паддзах Горгасарыл
Райдыдта тæфсын йæ хин.
Раст ыл цыма стых и сау рын, —
Бафтыд сусæг-æргом сарыл,
Хордта фæсмонæй йæхи:

Ахæм балхоныл — мæнгардæй, —
Нæу ныббаринаг хабар.
Не сарæхстæн арцæй, кардæй,
Амардтон æй хины мардæй,
О, фæлæ мын æй ныббар,

Стыр Хуыцау! Табу дæхицæн,
Æз тæригъæдджын дæн ныр.
Д' аргъуыдæй мæ уд фæхицæн
Æмæ саудалынджы хитдзæн,
Фæлæ мын ныккæн хатыр.

Уый хыгъд акарста мæ бардзырд:
Ос-Бæгъатыры цытæн
Хъалон аппæрстон мæ бардзыл
«Мачи бавгъау кæнæд мацы
Уыцы саг-лæджы цыртæн!..»

Æмæ аргъуантæ йæ номыл
Саразын кодтон æртæ.
Метъех, Лехурайы комы,
Цъилкъанисы иу хъугомы, —
Чи дзы нæу бæззон цыртæн?

*1992 азы июнь*

*ХЪАУЫРАТЫ Дауыр*

# ЗАМАНХЪУЛ ХУДЫНЦ

## БОБО, МАДЫЛ ХÆЦ!

Хуымæтæджы æнæмæт цард ын уыдис Хадзымуссæйæн. Фæлæ ма ныр куыд цардæуа? Оляйы рæсугъд æрцарди йæ зæрдæйы æмæ дзы бандзæрста арт...

Минæвæрттæ барвиты чызгмæ, фæлæ сæ мад къæсæрæй раздахы. Чызг йæхæдæг та ратас-батас сисы. Æмæ усгуртæй куы иуыздæм акъул вæййы, куы — иннæйыздæм...

«Æнæ аскъæфгæ йын нал ис дунейы бæллæхæй! Цы уа, уый уæд»... — ныффæнд кодта Хадзымуссæ. Æмæ йе 'мгæрттæм æрхатыди.

Бобо, зæгъгæ, иу арсы хуызæн лæппу уыдис семæ. Чызг скъæфынмæ та — уари! Карчы цъиуау-иу æй афардæг кодта! Гъе, æмæ Бобойæн дæр балæгъстæ кодта Хадзымуссæ. Ныр Бобо та сусæг уарзт кодта уыцы чызджы... Фæлæ йæм худинаг фæкаст йе 'мгары фæдыл нæ рацæуын. Æмæ сæ разæй араст скъæфджытæн.

Æмæ æхсæвы тары Оляйы хæдзармæ балæгæрстой. Бобо мадыл ныххæцыд æмæ йæ сызмæлын дæр нал суагъта. Лæппутæ равзон-бавзон систой чызджы. Фæлæ дзы уый кæмæ дæндагæй фæлæбуры, кæй та йæ ныхтæ ныссадзы. Æмæ сын сæ тæригъæдмæ кæсын Бобо нал фæрæзта, ноджы ма йын йæ уарзон чызджы дæр тухæнæй мардтой.

Бобо ӕрбамӕсты ӕмӕ феуӕгъд кодта мады. Уый пецӕй раскъӕфта судзгӕ ӕхсидав ӕмӕ дзы араугӕ ацыд скъӕфджыты. Уынгӕй-ма сӕ додой, се 'рдийаг хъуысти.

Бобойы дӕр ма ӕндӕр цы хъуыд? Хъӕццулы атыхта чызджы ӕмӕ йӕ чъылдымты афардӕг кодта... Ома, кӕмӕн? Йӕхицӕн, уӕдӕ Хадзымуссӕйӕн?! Ӕмӕ ӕмбисондӕн баззад хъӕубӕсты: «Бобо, мадыл хӕц!»

## КАРТОФЫ ГОЛЛАГ

Ӕххормаг азты иу ус быдыры йӕ голлаг ӕрдӕгсалд картофӕй байдзаг кодта. Ӕмӕ йӕ, гъа, ныр сӕккой кӕна, афтӕ йыл хъалагъуртӕ бамбӕлдысты:

— Цӕугӕ мӕ разӕй! Мах дын дӕ бынат ссардзыстӕм... — ныццӕхгӕр сты Гуыцыри ӕмӕ Бицона.

— Ма кӕнут, ауадзут мӕ! Хуыздӕр уын нӕ уыдзӕни...

— Нӕ дӕ ауадздзыстӕм... Де рагъыл ӕртӕ тылды куы акӕнай, уӕддӕр...

— Ӕгъа, уӕдӕ! — йӕхимӕ фӕлӕбурдта ус. Ӕмӕ йӕ мидӕггаг дарӕс ӕрыскъуыдта... — Тыхми мын хъавыдысты, зӕгъгӕ, зӕгъдзынӕн. Ӕмӕ мын додой уӕ къона! Кӕддӕра нӕ чи фӕразӕй уаид Сыбырмӕ...

«Нӕ хӕдзар хӕлы», — бакатай кодтой хъалагъуртӕ. Ӕмӕ йын йӕ картофы голлаг сӕвӕрдтой бӕхыл, сӕ къӕбицмӕ дӕр ма йын ӕй бахастой кӕртӕй.

— Мидӕггӕгтӕ дӕр мын куыд балхӕнат, афтӕ! Кӕннод мын сар уӕ сӕр кӕндзӕни! — сӕ фӕдыл-ма радзырдта ус. Ӕмӕ сыл дуар рагуыпп ласта.

## ӔНГУЗТӔ

Хур дӕр-ма арвыл зилынӕй ныффӕллайы... Фӕлӕ Дзаппайы мӕлын нӕма фӕндыд. Уый та куыдӕй базыдтон...

Иуахӕмы та Знауыры ӕнгузы цъуппыл бадын. Ӕмӕ стӕй дзӕкъул-мӕкъултӕй куы ӕрхызтӕн, уӕд хӕдзары хицау мӕ уӕлхъус алӕууыди:

— Молло Гауыдтейы лӕппу нӕ дӕ?

— Уый дӕн... — айчы хуылфӕй уасӕгау сыхъуыст мӕ ныхас.

— Ӕмӕ дӕ фыды хъуыраны афтӕ фыст и, Знауыры ӕнгузтӕ радав?

Æз ног чындзау æруагътон мæ къухтæ. Знауыр та фæлмæн лæг уыди æмæ мын фæтæригъæд кодта:

— Дæ фыды хатыр дын уæд ацы хатт! Æцæг афтæ: де 'нгузтæн се 'мбис хæргæ бакæн, се 'мбис — садзгæ! Æмæ адæмы бæлæстæм, Бабулкайы сæгъау, дæ лыстæг къубал мауал иваз! Æрмæст, хъусыс! — мæ фæдыл-ма дзырдта Знауыр. — Зæронд адæймагæн сæ-иу ныссадзын кæн!.. Сæры стæвдæн куы свæййы æнгузы зæнг, йæ ныссадзæг, дам, уæд амæлы...

— Уæдæ-ма ды æгас куы дæ?..

— Мæ фыдыфыд сæ ныссагъта — Дударыхъо...

Æз нæхимæ радугъ кодтон. Кæрты æрæййæфтон Дзаппайы — нæ мадымады. Уæлæсыхæй та нæм æрхæццæ ис. Æмæ къæхтыбынæй ныуулæфыд:

— Тæхуды æмæ чи амæлы! Бафæлладтæн...

— Ма амæл, Дзаппа! Ме 'нгузтæ уал мын ныссадз раздæр, — æмæ йын Знауыры ныхæстæ рафæзмыдтон.

— Æз ма дын æнæуый дæр амæй уæдмæ цæрын!.. — асагъæс кодта Дзаппа. Стæй æнгузтæ айста æмæ сæ йæ куатæйы дзыппы сæвæрдта. Æд бел цæхæрадонмæ рацыдыстæм. Æмæ Дзаппа сарайы чъылдыммæ æнгузтæ хуымы ныссагъта.

Фæлæ нæм дыккаг бон Дзаппа райсомæй раджы æрхæццæ æмæ чъылдыммæ айста йæхи. Ракастæн, æмæ мæ зæрдæ бамæгуыр: Дзаппа æнгузтæ къахы фæстæмæ...

— Уый цы кусыс? — йæ уæлхъус алæууыдтæн.

— Атъæпп мын уа сæ сæр де 'нгузтæн! Дысон-бонмæ ахæм æвзæр фынтæ уынын, ахæм... Адоны тыххæй мыл исты куы 'рцæуа... — æмæ йæ куатæйы дзыппæй æнгузтæ systa. — Бахæр сæ, гъа, мæ къона! — æмæ та къæхтыбынæй ныуулæфы. — Тæхуды æмæ чи амæлы! Бафæлладтæн...

## ГОРÆТАГ УАРЗОН

Йæ афицер фырт уалæ горæты царди Дзаппайæн. Æмæ йæ мадæн лæгъстæ кодта:

— Иунæг къуыри нæм уæд та рацу! Кæрты цæрджытæ мæм хæлæг кæниккой, хæрзаг: тæхуды, ахæм дзыцца кæмæн и!..

Мадæн æхсызгон уыдысты йæ ныхæстæ æмæ хъæбулы фæндыл сразы:

— Æрмæст — иунæг къуыри, дæхи загъдау... Уæдмæ мæ

сусхъæд бæлас дидинæг рафтаудзæни... Æмæ сæ æнæхай куыд нæ фæуон...

Дзаппайы мад Майрæмыдзыго дæр афтæ загъта кæддæр Муссæйæн Куындыхаты:

— Муссæ, мæ хур! Æмæ мæм мæ сусхъæд бæласы тæф ардыгæй Туркмæ хæццæ кæндзæни?

— Нæ кæндзæни...

— Уæдæ æз Туркмæ нæ лидзын...

Æмæ ныр бады Дзаппа парчы даргъ бандоныл. Йæ сау цыллæхыз йе уæхсчытыл æрлæсыди. Йæ разы бандоныл кæмæйдæр айрох йæ газет. Дзаппа йæ систа, рафæлдæхта йæ æмæ йыл фæлгæсы. Йæ рæзты дыууæрдæм цæуынц горæтаг хъалтæ. Æмæ бадис кæнынц: «Кæс-ма, ахæм зæронд ус æмæ газеты кæсын зоны... Уымæй дæр — æнæ кæсæнцæстытæй...» Иу хæрзхуызтæ ус æрбадтис йæ фарсмæ. Йæ былтæ сырх-сырхид хъæддаг балау... Æмæ та Дзаппайы къухты газетмæ æрбакæсы. Æмæ та схуды:

— О, ба-бушка! Ба-бушка!..

— Бушка, зæгъыс? Æмæ Бушкайы цæмæй зоныс?..

Иу æрыгон чызг æм æрбаздæхти. Уды къæртты хуызæн. Мидбылты худы:

— Нæ мадыхай! Иннæрдæм æрзил дæ газет! Раст ыл нæ хæцыс...

— Ницы кæны... Æз дзы афтæ дæр кæсын зонын...

Чызг дæр ныппыррыкк ласта æмæ худгæ ацыд.

Стæй сæхимæ куы æрыздæхти Дзаппа — Заманхъулмæ, уæд йæ хæрæфырт Бушкайæн раппæлыди:

— Горæты мæ иу рæсугъд ус дæуæй фарста. Æмæ та-иу бахудт дæ коймæ...

— Омæ йæ демæ рахуыдтаис, гормон! Не ’фсины йæ цæгатмæ арвыстаин...

Ууыл Бускайы ус йæ мойыл сæнæуæнк:

— Æгъа, уæдæ! Горæты дын уарзон ис, нæ? — æмæ тæргай афардæг йæ цæгатмæ...

## РЫНЧЫНЫ ХОС ЙÆ КÆРТЫ

Хъуыдæберд раст йæ гуырæн бон дæлгæмттæ кодта йæ ахсæнæй. Дохтыр Фатимкæ йæм фæдисы æрбахæццæ. Кæртыдуарæй куы бахызти, уæд кæсы, æмæ уæртæ сæ кауы мидæгæй

къаххос кæрдæджы бур-бурид дидинджытæ. Фатимкæ сæм баздæхт æмæ дзы тоны.

— Рынчыны сагъæс уал бакæн! Дидинджытыл куы сдæ? — уайдзæф ын кæны Хъуыдæберды ус.

— Æз дæр уый кой кæнын, æз... Афтидармæй йæм, зæгъын, куыд бацæуон? — стæй мидæмæ бараст: — Берд-Хъуыдæберд! Æнæниз у! Дæ гуырæн бонмæ дын дидинджытæ! Æвдадзы хос! Хъæбæр цай сæ рафыц æмæ дзы абон æртæ хатты бануаз. Мæнæ сæн куыд фæнуазыс, афтæ.

Дыккаг райсом Хъуыдæберд уынджы бæстастæуæй йæ бæлæттæм касти арвы цъæхмæ...

## УДАИСТ

Мысырхан æхсæз чызджы рауагъта рухс дунемæ. Æмæ та ныр æваст йæ хуылфæй схъæрзыди...

Фатимкæ йæ районы арæндонмæ фескъæфы æмбисæхсæв. Фæлæ хъуыддаг уырдæм нал ахæццæ... Æмæ та фæндаджы иуварс цъæх нæууыл дæр Мысырханæн цъæх чызг райгуырд... Фатимкæ ноггуырды бæрзонд систа æмæ кувы:

— Хуыцау, цæрæццаг æй фæкæн! Цъæхидæ — йæ ном... Фæлæ нæ фехъуыстон ма зæгъ! Мысырханæн-ма æстæм дæр чызг куы фæуа, уæд мæхæдæг хуысдзынæн йемæ!..

Цæмæй фæтарсти Хуыцау Мысырханæн, мæгъа, фæлæ усæн уымæй фæстæмæ нал дæр чызг райгуырди, нал дæр — лæппу...

## КÆКУ ХОХÆЙ РАЛЫГЪДИ

Йæ лæппуйы кары бацыд Кæку. Æмæ йын къуындæгад кæнын байдыдтой хъæуы уынгтæ. Уалæ-иу Дурджынбæрзонды рагъмæ сфардæг ис æмæ фæлгæсыд Иры дзыхъхъыл. Ардыгæй йæм армытъæпæны æвæрдау зындысты урссæр хæхтæ. Фæлæ хæхты фале та цы ис, цы? — æхсайдта-иу æрыгон лæппуйы цæхæр зæрдæ.

Æмæ сæрды фыййæуттимæ хохмæ фæраст.

— Арсимæ-иу хъæбысæй макуы рахæц! — йæ фæдыл хъазæгау дзырдта йæ фыд Бибо.

— Цъити-иу нуаз хъарм æхсыримæ! Иу къæртт та дзы-иу мæнæн рахæсс! — рахъæр æм кодта йæ мад Зурихан дæр...

Фæлæ Халацъайы комы куы æрфысым кодтой, уæд ын йæ

быдираг парахат зæрдæ айнæг къæдзæхтæ æрбалхъывтой... Æмæ Кæку хохæй ралидзын сфæнд кодта...

Хур-иу уалæ къæдзæхы цъуппæй сзынди кæддæр аходæныл, æмæ-иу уайтагъд иннæ къæдзæхы цъуппæй фæаууон. Хохы сæрæй та тæмæнтæ калдта æнусон цъити.

Кæку фосы дзуг саппыл суагъта, йæхæдæг цъитимæ уæлæмæ байдыдта хилын. Дæ бындар фæуай, цы цъити дæ! Мæлæты хæстæгæй йæм зынди! Схæццæйы хъомыс та йæм нал æмæ нал ис! Уæддæр Кæку йæ хызыны цъитийы къæртт æрхаста. Йæ мады фæдзæхст йæ зæрдыл æрбалæууыд æмæ рафардæг хохæй...

Изæры фос æнæ фыййауæй дарæнмæ здæхтысты... «Алыгъди Кæку — афардæг и!» — нырдиаг кодта Дзеба — хистæр фыййау. Æмæ бæхыл баппæрста саргъ. Кæку Къасарайы нарæгмæ куыд æрхæццæ, афтæ фæстæмæ фæкаст æмæ уартæ мæйрухсмæ суыдта: комæй æрбазынди барæг — фæдисы цыдæй тындзы размæ. Кæку бамбæрста хабар æмæ фæсвæд æрныгъуылди. Барæг йæ цурмæ куыддæр æрбахæццæ, афтæ æнахуыр ныцъцъæхахст ласта сырды хъæлæсæй: Кæку! — Бæх ныххуыррытт кодта æмæ йæхи аппæрста иуварс. Æддозæй-ма комы йæ къæхты гыбар-гыбур хъуысти.

Дзеба йе 'мбæлттæн рахабар кодта:

— Къасарайы нарæджы дысон хæйрæг зади... Æмæ зæрдæхалæн цъæхахст систа...

Зæронд фыййау Бабеджы зæрдæ йыл фæгуырысхо:

— Æмæ йын Кæку та æвгъæдгæс уыди? Кæм и Кæку?..

Кæку та хъæумæ дардта йæ фæндаг... Салыгæрдæны поездмæ бахызт. Йæ хызын — йæ хъæбысы, афтæмæй фæллад бæлццон æрфынæй и. Цъитийы къæртт хызыны стад æмæ йæ хæлафы саггом баудæста. Уыцы хуызæнæй сæхимæ æрбалæууыд. Йæ фыд Бибо йæм джихæй баззад:

— Цы хабар у, лæппу? Дæ доныхуыппыл куырой куы разылд... Æви дæ арс ссырдта?..

Йæхи сраст кæныны охыл ницуал загъта Кæку...

## КÆКУЙЫ ХЪÆСДАРÆГ

Куырдадзы куыста Кæку — колхозон куырд. Йæ цонджы хæцъæфтæ бур голджытау радымстысты. Дуарыл хизгæйæ фæгуыбыр кæны арвыдзаг лæг... Зынг æфсæйнагæн йæ уд æрдуйæ нарæгдæр сси арты. Кæку йæ райста æртыскæнæй,

æрæвæрдта йæ хъæсдарæгыл æмæ хойыс ма — нал! Хъæсдарæджы зæлтæ æгас сыхбæстыл азæлыдысты.

Куырдадз æмæ амбулатори иу кæрты уыдысты... Æмæ рынчыны риуæй дохтырмæ хъуысти хъæсдарæджы зæланг...

— Фæуадз-уал ма, Кæку, дæ хъæсдарæг! Рынчынмæ байхъусон! — гом рудзынгæй йæм рахъæр кодта дохтыр Фатимкæ.

— Нæ фæлæ уал дæхæдæг багæдзæ кæн! Рынчын дын никуыдæм алидздзæни... Зынг æфсæйнаг та хъæсдарæгыл уазал кæны... Æмæ дзы цæфхад нал рауайдзæн... Æдзæфхадæй та Амырычы нал баййафдзыстæм. Нæ фехъуыстай Никъит-паддзахы: «Догнать — перегнать Америку!»... — дзыхы къæбæл басгуыхт Кæку. Йæхицæн йæ хид рахъардта йæ фæсонтæй.

## ДИДАЙЫ КЪАХХАФÆН

Зæронд ус Дида куырдадзы тæккæ фарсмæ царди. Се 'хсæн æрмæстдæр хъæдын быру. Уый дæр — пырхытæ... Æмæ иуахæмы Дида Кæкумæ æрхатыди, къаххафæн, дам, мын скæн.

Кæку йын æфсæнæй скодта. Мæлæты хорз ын рауад, мæлæты æмæ Кæку дæр йæхицæй ныббузныг ис... Æмæ дын иу цъыф бон зæронд усы кæрты фæмидæг:

— Мæ къæхтæ ахафон, Дида, дæ къаххафæныл!..

Зæронд ус ын æфсæрмæй загъта еблуагъæ. Æмæ Кæку фæцалх. Афтæмæй-афтæмæйты боныфæстагмæ Дидайы арахъхъы дурын равдæлон и.

Дида та ногæй бантыдта арахъхъæгтæ. Æмæ сæ куыддæр фæздæг скалди, афтæ та Кæку сæ кæрты алæууыди:

— Мæ къæхтæ та ахафон, Дида, дæ къаххафæныл!..

— Йарæби, Кæку, мæ къаххафæн куы баихсыд, æмæ уый æфсæйнагæй куы у, уæд дæ къæхтæ куыд нæ ихсийынц?!

Кæку тæргайхуызæй аздæхт.

## ФЫДБОНЫ РÆСУГЪД

Ахæм чызг дзы рахъомыл ис къуыбырысыхы Мысырханæн... Фыдбоны рæсугъд Къæмиллæ! Арвæй йæм Хурзæрин хæлæг кодта...

Хур чызджы уадултыл йæхи сныв кодта... Йæ сау дзыккутæ фæсонтыл æркалдысты æмæ йæ тымбыл синтыл фæйлыдтой. Йæ астæу къухдарæны алæсыдаид...

Æмæ йæ Хуры фырт тынг бауарзта...

Гъе, фæлæ йæ Садуллæ дæр уарзта, чызджыты мой Садуллæ! Æмæ аууонау йæ фæдыл зыддис гурæй-гурмæ. Сусæг-æргомæй йæм гудзитæ кодта. Æцæг æм сныхас нæ фæрæзта. Æмæ-иу ын боны дæргъы йæ сæнттæй цы нæ бантыст, уыдон-иу йæ фыны сæххæст сты...

Чызг та доныхъазау-урсдæллагхъуыр! Донхæрисау къуыбыр рафтыдтой риутæ æмæ Садуллæйы зæрдæйæ хъазыдысты...

«Дæ лыстæг къалиу дын сараудзынæн, хæххон дзигло!» — Хуры фырт æртхъирæнтæ кодта Садуллæмæ. Фæлæ Садуллæйæн йæхиуыл йæ бон нал цыд... Уарзондзинады уацары бахауд æмæ йæ сæрæн ницуал зыдта...

Стæй сæ иунæг хъуджы сыхбæсты рæгъауæй фæиртæста... Æрвылрайсом æй йæхæдæг хизæнмæ ласта... Ома кæдæм? Къæмиллæйы хæдзары фарсмæ цы æрнæг ис, уырдæм. Цæмæй алы бон дæр йæ цæст чызгыл æрхæца. Уына йын йæ ацыд — йе 'рбацыд дæр.

Иубон та Садуллæ йе стуры суанг фæсахсæвæртæм уым фæдардта. Ахæм æнуд изæр уыдис, æмæ Къæмиллæ фырадæргæй нырма сæ дуармæ бадтис. Йæ къухты йæ фæндыр айвæзта æмæ Садуллæйæн базарыди:

> *Ныууадз-ма, лæппу, дæ мæллæг хъуджы, —*
> *Кæд мицъыра нæй дæуæн дæ туджы?..*
> *Чызгайы зæрдæ æндæрмæ дзуры —*
> *Уый сахъ цæргæс у, ды — уыг йæ цуры...*

Арвы цæфау фæци Садуллæ! Суагъта хъуджы сæрбос æмæ чызджы размæ атындзыдта. Нæлгоймаджы монц райхъал йæ туджы! Чызг мидæмæ балыгъд, йæ уаты æрхуыссын кодта цырагъ. Æвирхъау æнтæфæй фæлмæцыдис æмæ раласта йæ дарæстæ. Мадард бæгънæгæй йæхи æруагъта хуыссæны... Сгæллад хъæццул ассыдта къахæй. Йæ хæмпус армытъæпæн сæвæрдта йæ буары тæккæ фæдзæхстдæр раныл. Иннæ къух та — зæрдæйы сæрмæ йæ риуыл. Æмæ зына-нæзына тæлфыдысты къухтæ дæр æмæ йæхæдæг дæр... йæ арф улæфтытæ æхсызгон хъæрзæгау хъуысыдысты...

Уыцы сахат чызджы уатмæ рудзынгæй кастысты дыууæйæ — цæлхыдзаг мæй æмæ Садуллæ! Мæй цы æнкъарæнтыл хæст уыдаид, уымæй йын уалæ йæхи афæрс, фæлæ сæрра, фæзондцухау и Садуллæ! О, Дунесфæлдисæг Хуыцау! Цы диссæгтæ федта Садуллæ ацы сахат!

Иузаман чызг æрбатымбыл. Цыдæр æхсызгон уынæргъæд ныккодта... Стæй бамыр... Раст уыцы рæстæг Садуллæ дæр цыдæрхуызон аци... Ссыгъди-ныггуыпп ласта! Хæдзаронтæн сæ

дæлæмæдзыд къæбыс кæцæйдæр чъылдымæй æрбахъуызыд æмæ Садуллæйы сыдзæгмæ — хæпп! Пыхс йæ сæрыл ахаста Садуллæ.

Бонмæ нал бафынæй Садуллæ. Рафт-бафт кодта, æрмæст боны ’рбарухсыл тар фынæй аци. Æмæ суанг фæссихормæ йæ къах дæр нал атылдта. Йæ зæронд мад йæ уæлхъус скатай: «Цавæр хуыст у? Кæд мын Хъарсы фидæрттæ нæ састай дысон бонмæ!»

Фæсахсæвæртæ сси. Æмæ та уыцы афон Къæмиллæйы дуармæ æрлæууыд Садуллæ. Кулдуарыл бæргæ бахæцыди, фæлæ уый мидæгæй æхгæд разынд... Тыхджын дымгæ рацыд æмæ рудзынгæй-дуарæй иууылдæр хъыррист-мырристæй зарыдысты... Кæрты гæрзтæауындзæн телыл — Къæмиллæйы урс-урсид риутæбæттæн. Садуллæ йæм кауы хуынчъытæй æхсызгонæй касти æмæ та-иу къæхтыбынæй ныуулæфыди... Уалынмæ чызджы дзаумамæ дымгæ фæлæбурдта æмæ йæ срæдывта телæй. Уæлдæфы йæ уалæ фæхæссы. Садуллæ мæйрухсмæ йæ фæдыл згъоры. Уартæ йæ зæронд ус Мæгуылцыны хæдзары тохынайыл ацауыгъта дымгæ...

Садуллæ ныццин кодта, хæдзары сæрмæ æмбæрзæн дуртыл сбырыд. Риутæбæттæнмæ фæлæбурдта...

Зæронд ус Мæгуылцын кæртмæ рацыд. Æмæ йæ урс сæры хил арц сбадти: йæ тохынайы фарсмæ нæлгоймаджы æндæрг урс хæдоны. Урс-урсид хæцъил уæлахизы тырысайау тилы йæ къухы. Райсомы сыхæгтæм фæфæдис и: «Лæгтыдзуар æрбадтис дысон мæ дурты сæр»... Хъæубæстæ йæм мысайнæгтæ хастой, куывд ныббастой.

Садуллæ сæхимæ риутæбæттæны дыууæ къуырфæн аба кодта æмæ йæ бамбæхста базы хуылфы...

Цард йæхионтæ кæны, ай-гъай! Æмæ алчидæр йæ амонд ссардта... Хуры фырт афардæг кодта Къæмиллæйы... Ус ракуырдта Садуллæ дæр. Ауæдзы галау æрсабыр-æрчырыстон... Фæлæ, дам, уарзондзинадæн арæнтæ нæй... Æмæ ныффæдзæхста Садуллæ йæ æфсинæн:

— Хъусыс! Куы амæлон, уæд мын-иу ацы баз сæвæр мæ нывæрзæн!

Ус фæдурдзæфау, фæлæ дыууæ нал загъта лæджы æнахуыр фæндыл. Цæмæй зыдта, базы хуылфы фыццаг уарзты цæхæр кæй ис, уый. Æмæ дзы кæд тас нæу зынгсирвæзтæй, уæддæр норст цæхæр у: бафу йыл кæн æмæ йын йæ хъарммæ батав дæхи. Хæдзар комытæфæй дæр бахъарм вæййы... Зæрдæ дæр — афтæ!

# ЕРЫСДЗАУТÆ

*2006 азы декабры Уæрæсейы Федерацийы Паддзахадон Думæйы депутат Фадзайты Арсен æмæ газет «Пульс Осетии» республикæйы скъолаты æмæ профессионалон ахуыргæнæндæтты ахуырдзаутæн сарæзтой конкурс хуыздæр нывæцæн ныффыссыны фæдыл. Лæвæрд сын æрцыди дæс темæйы. Конкурс ахицæн фарон мартъийы. Архайдтой дзы 125 скъолайы æмæ 17 профессионалон ахуыргæнæндоны — фондзсæдæ сабийæ фылдæр. 13 ахуыргæнинаджы систы уæлахиздзаутæ, 78 райстой лауреаты нæмттæ, æхсæнадон змæлд «Нацийы æнæниздзинады сæраппонд» (йæ разамонæг — Фадзайты Арсен) та сæ алыхуызон лæвæрттæй бабуц кодта.*

*Стыр арфæты аккаг сты Арсен æмæ «Пульс Осетии»-йы редакци: æнæхъæн республикæйы ахуырдзау фæсивæды сразæнгард кодтой фарны хъуыддагмæ, хорз фадат сын сарæзтой се 'рыгон удты бæллицтæ, сагъæстæ райхалынæн. Уæлдай æхсызгон та нын уый у, æмæ конкурсы архайджытæй 120-æй фылдæр сæ нывæцæнтæ иронау кæй ныффыстой. Уыдонæй 7 систы уæлахиздзаутæ, бирæтæ та — лауреаттæ. Чи зоны, конкурсанттæй исчитæ литературон куыстыл дæр фæцалх уа. Хуыцау зæгъæд! Нæ кæддæры кæстæрарæх ирон литературæ фæстаг азты фæсивæдæй кæй бавдæлон, уый нæ стыр мæты æфтауы.*

*Хъыгаг у ноджы иу хабар: конкурсмæ цы æрмæг æрбацыд, уым иунæг дыгурон текст дæр нæ разынди. Дыгурон æвзаг ироны æмрæнхъ у нæ нацийы исбон, æмæ фæсивæды амидин кæнын хъæуы, цæмæй йæ уарзой, хъахъхъæной, цæмæй йыл дзурой æмæ фыссой.*

*Конкурсы чи фæуæлахиз, уыдоны нывæцæнтæ джиппы рауагъта журнал «Дарьял». Мах та мыхуыр кæнæм иннæ конкурсанттæй иу къорды куыстытæ. Текстæ ранæй-рæтты æрцыдысты цыбыртæгонд.*

*ДЗЫГАСТЫ Азæмæт*
*11-æм кълас, Æрыдон*

## НЕ ’ВЗАГ — НÆ ХÆЗНА!

*Тæхуды, йæ дзыллæйы раз*
*Чи ракæны барджын ныхас,*
*Кæй фæрсынц, кæй равзарынц зондæй!*
*Тæхуды, йæ уарзондзинад,*
*Йæ хорз ном, йæ фыдæлты кад*
*Чи уадзы уæлæуыл зæрондæй!..*

***Къоста***

Ирон æвзаг нæ фæхицæн кæнын нæ уадзы, сæрыстыр кæмæй стæм, уыцы историйæ. Нæ ирон фарн ис нæ удыхъæды, адæймагуарзондзинады æмæ нæ рæстдзинады, ирон æгъдау нæ бæтты кæрæдзийыл. Æртæ дæр стыр ахъаз сты нæ иудзинадæн, фæлæ сæ сæйрагдæр у æвзаг. Мадæлон æвзаг у адæмы фарн æмæ æгъдау иу фæлтæрæй иннæмæ адæттыны сæйрагдæр фæрæз. Нæ мадæлон æвзаг баст у, ирон адæмы æнусон цырагъ Къоста йæ уды цæхæрæй кæй сфæлдыста, зæрдæйæ кæуыл фæрыст, уыцы «Ирон фæндыр»-имæ. «Ирон фæндыр» бирæты ракæсын кодта сæ цæстытæй. Ирон фæллойгæнæг дзы федта йæхи, йæ бинонты, йæ хъæубæсты цард. Федта дзы йе ’фхæрджыты, йæ фарсхæцджыты. Йæ зæрдæмæ йын ныккæсын кодта рухсы цъыртт, бауагъта дзы ныфс, бауæндын æй кодта йæ сомбоныл. Ирон адæмæн «Ирон фæндыр» ссис тырыса сæ дзыллæйы сæраппонд рæстдзинадыл тохы. Сæ фæстагæттæн та — размæ, рухсмæхонæг æнусон цырагъ.

Мадæлон æвзаг у адæймаджы удыхъæды дидинæг, йæ хъаруйы цæджындз, фæлтæрты æхсæн фидар хид. Æмæ сусæггаг нæу, азæй-азмæ къаддæр кæй кæны, иронау дзурын чи зоны, уыдоны нымæц. Арæх фенæн ис не ’хсæн ахæм ныв: лæг — ирон аивады æмæ культурæйы кусæг, æфсин — ирон æвзаджы ахуыргæнæг, фæлæ хæдзары кæрæдзимæ дзурынц æндæр æвзагыл. Дыууæсæдæ азы бæрц, рацыд ирон адæмы иу хай Туркмæ куы алыгъдысты, уæдæй. Уым иронау нæдæр газет ис, нæдæр

радио, уынджы та туркаг ӕвзаг йеддӕмӕ ӕндӕр ӕвзагыл дзурыны бар нӕй. Фӕлӕ стыр диссаг: абоны туркаг ирӕттӕ мадӕлон ӕвзагыл махӕй сыгъдӕгдӕр дзурынц. Уымӕн ӕмӕ бинонты хистӕр йӕ кӕстӕртӕн хӕдзары, уынджы ӕндӕр ӕвзагыл дзурыны бар нӕ дӕтты. Уый махӕн у фӕзминаг мадӕлон ӕвзаджы рӕсугъд уидӕгтӕ бахъахъхъӕнынӕн. Сидзӕр уӕрыччы мадӕл сӕгъы фӕдӕгыл куы схъомыл кӕнай, уӕддӕр сӕгъы мехъхъ никӕд скӕндзӕн, кӕнӕ къуыртрон карк бабызы ӕйчытӕй лӕппынтӕ рауадзы, схъомыл сӕ кӕны, фӕлӕ дзы иу дӕр карчы хъуыдатт никӕд ныккӕны, уӕд мах, ирон адӕмы цы хӕйрӕг ралгъыста?

Не ’взаг куы фесӕфа, уӕд йемӕ фесӕфдзысты, нӕ бирӕфенӕг, бирӕбавзарӕг куырыхон хистӕртӕ нын сӕ фӕстӕ цы диссаджы рӕсугъд кадджытӕ, зарджытӕ, аргъӕуттӕ, ирон фынджы рӕсугъд ӕгъдӕуттӕ ныууагътой, уыдон. Алы ракуывды, алы арфӕйы дӕр ӕвӕрд ис арф ӕмӕ уӕззау куырыхон зонд, уыдон махӕн сты царды ӕцӕг скъола, нӕ цӕугӕ хӕзнатӕ.

Уыцы хӕзнадон — нӕ мадӕлон ӕвзаг, цӕуы иу фӕлтӕрӕй иннӕ фӕлтӕрмӕ ӕмӕ, нӕртон ронджы къусау, сысгӕ нӕ кӕны. Сывӕллоны зӕрдӕ хурырдӕм хӕссы, рӕсугъд ын кӕны йӕ хъуыдытӕ, йӕ фӕндтӕ. Хистӕртӕ та ирон сыгъдӕг дзырдмӕ, зарӕгмӕ сӕ рагбонтӕ ӕрымысынц, ӕмӕ сӕм ивгъуыд дард рӕстӕг уалдзӕгау ӕртӕхы йӕ ӕрвхуыз базыртыл.

Куыд стыр знаггад ракодта, фыццаг хатт афтӕ чи загъта, ирон ӕвзаг Елхотӕй дарддӕр нӕ хъӕуы, уый! Мадӕлон ӕвзаг зонын ӕмӕ уарзын у Райгуырӕн бӕстӕ зонын ӕмӕ уарзын. Ирон сывӕллон та ирон кӕй у, уый зоны, сӕрыстыр дӕр у уымӕй. Фӕлӕ йӕ мадӕлон ӕвзаг кӕй нӕ хъусы ӕхсӕнады, скъолайы, уымӕй ӕмбары, ӕхсызгон кӕй нӕ хъӕуы, уый. Кӕсы цардмӕ ӕмӕ уыны: хорз чи цӕры, хорз бынаты чи кусы, хицӕуттӕ чи сты, уыдон фылдӕр хатт иронау дзургӕ дӕр нӕ кӕнынц. Ӕмӕ сывӕллон дӕр хъуыды кӕны йӕ хуымӕтӕг зӕрдӕйӕ: ӕвӕццӕгӕн, афтӕ ӕмбӕлы.

Цӕй ӕмӕ, кӕм цӕрӕм, кӕм цӕуӕм ӕмӕ кӕм бадӕм, уым сӕфт макуы уӕд нӕ фыдӕлты аив ӕвзаг!

Мӕ мадӕлон ӕвзагӕн мӕ фӕнды раарфӕ кӕнын поэты ныхӕстӕй:

*Кӕстӕры куывдӕн чъирийаг ирон куырой ӕрыссӕд,*
*Ирон кӕртӕй ирон ныхас, ӕхсӕры къӕрццау, хъуысӕд!*

*ХЪАЙТТАТЫ Ларинæ*
*9-æм кълас, Алагир*

## НЕ ’ВЗАГ — НÆ ХÆЗНА

*Ды — арвы цæссыг. Уый ныхмæ цы сты*
*Æнуд, æнтæф, сындзын арт æмæ уадæг?*
*Ды дæ нæ туг, нæ уды рухс, нæ кадæг,*
*Нæ фарны гæнах сыгъд æмæ хæсты!*
***Джыккайты Шамил***

Адæмæн сæ цард цæуы æвзагæй, сæ хæрыны нæ, фæлæ сæ уæвыны цард. Æвзаг куы уа, уæд ис адæм дæр, уый куынæуал уа, уæд нал уыдзæн адæм дæр.

Нæ Ирыстоны æндæр кой нал ис, æмдзыхæй дзурæм: уæззау уавæры ис нæ мадæлон æвзаг. Ирон лæппутæ æмæ чызджытæ иумæ куы сæмбæлынц, уæд ирæттæ сты, уый бæрæг вæййы сæ бакастæй, æндæр сæ иу ирон ныхас дæр ничи скæндзæн, дзурынц уырыссагау, кæнæ æмхæццæ. Æз уырыссаг æвзаджы ныхмæ нæ дæн, уымæн æмæ Ирыстон йæ хъысмæт æнустæм бабаста Уæрæсеимæ, зоны аргъ кæнын Уæрæсейы хæрзтæн. Фæлæ сусæггаг нæу, алы ирон адæймагæн дæр йæ фыдыуæзæг æппæтæй зынаргъдæр кæй у, йæ мадæлон æвзаг та — йæ хæзна. Мадæлон æвзаг мады ад кæны, æмæ йыл чи нæ дзуры, чи йæ нæ зоны, чи йæ нæ уарзы, æнæрвæссонтæ йыл чи кæны, уый йæхи дæр, йæ мады дæр, йæ адæмы дæр æмæ йæ райгуырæн зæхх дæр нæ уарзы, нæ нымайы, аргъ дæр сын нæ кæны.

Нацийы хиæмбарынады тæккæ ирддæр æвдисæн кæддæриддæр уыди мадæлон æвзагмæ уарзондзинад.

Бирæ уыд Ирыстоны ирон æвзаг æмæ литературæйы куырыхонтæ: Абайты Вассо, Брытъиаты Елбыздыхъо, Гæдиаты Секъа, Малиты Георги æмæ афтæ дарддæр. Хæрз зæрондæй дæр ма нæ фæллади нæ зындгонд ахуыргонд Абайты Вассо нæ диссаджы æвзагæн лæггад кæнынæй: «Бæлас акæлы, йæ уидæгтæ йын зæххæй куы стонай, уæд. Æвзаг амæлы, йæ уидæгтæ йын бинонты ’хсæн куы сыскъуынай, уæд. Уымæ гæсгæ, ирон лæг, де ’взаг хъахъхъæн дæ бинонты æхсæн».

Фæстаг азты алы адæмыхатт дæр стыр цымыдисæй æмæ зæрдиагæй кæсы йæ национ уидæгтæм, йæ мадæлон æвзагмæ.

Алкæмæн дæр бантысæд зонын иу цалдæр æвзаджы, фæлæ фыццаг зон дæхи мадæлон æвзаг, дæхи ирон æвзаг.

*Цæй уæдæ, бæрзонд Кавказæй*
*Нарты ’взагæй дзурæм ныр...*

**Барахъты Гино**

Уæдæ хъуысæд алкæддæр нæ ирон бинонты ’хсæн, нæ сыхбæсты, нæ уынгты, нæ хъæуты, нæ горæтты, нæ гыццыл æмбырдты ирон ныхас, макуы бамынæг уæд!

*Ирон æвзаг! Мæ зынджы хай, мæ арт!*
*Æрттив, æхсид æнусбонтæм æдасæй.*
*Дæ цæрайæ, дæ рухс æмæ дæ тафсæй*
*Цæрдзынæн æз æмæ хæрдзынæн ард.*

*ДУЛАТЫ Аслан*
*10-æм кълас, Нартыхъæу*

## ЦАВÆР ФÆНДАГ НÆ ХОНЫ УДЫ СЫГЪДÆГДЗИНАДМÆ?

*Адæмы фидæн аразгæ у, рæзгæ фæлтæры чи æмæ куыд хъомыл кæна, уымæй.*

***Æлборты Барис***

Уды сыгъдæгдзинад, удварн... Цымæ, чи куыд æмбары ацы аив дзырдты-синонимты нысаниуæг? Чи зоны, алыхуызон. Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ уды сыгъдæгдзинад райгуыры адæймагимæ, ома йæ туджы вæййы. Адæймаг суанг йæ сабибонтæй фæстæмæ цы зонд, цы æгъдау рахæсса йемæ царды, уыдон æй ракæндзысты дарддæр удварны фæндагыл. Ууыл та æнцон цæуæн нæу. Цæмæй дæ къухы хорздзинад бафта, уый тыххæй тынг бирæ тухæн хъæуы. Хæрдмæ хизын кæддæриддæр зындæр вæййы.

Удварнмæ хонæг фæндæгтæй иу у æгъдау. Æгъдау нæ царды бындуртæй иу у. Уый куы нæ уа, уæд цард цард нал уыдзæн, фæлæ æмтъеры.

Адæймаг хъуамæ æппæты фыццаг кад йæхицæн кæна, стæй та иннæтæн, ома раздæр дæхи æгъдаумæ æркæс, дæ зонд раст фæндагыл сараз. Æгъдауджын лæгæн та йæ къух никуы батасдзæн фыдракæнд саразынмæ. Алчи афтæ куы хъуыды кæна, уæд цас æнцондæр уаид цæрын, куыд æхсызгонæй сулæфиккой

адæм, не ’ккойæ бирæ уæззау уæргътæ ахауид. Фæлæ фыдракæнд, гадзрахатæн нырма ис бынат нæ царды.

*Хæдхицæуттæ æлдар кæм систы,*
*Закъон кæм нæуал у нымад,*
*Кæм у тымбылкъух зондæй хистæр,*
*Цы ран хæрам рæстыл фæрад,*
*Кæм у лæджы намыс бынæй,*
*Нæ, уым фæцæрæн нæй!*

Адæм фылдæр раст зондыл хæст куы уой, кæрæдзийы куы уарзой, уæд ницæйаг хъуыддæгтæ кæнын сæ зæрдæ нæ комдзæн. Рæстдзинад уарзын æмæ йыл тох кæнын, адæмы уарзын сты удварны сæйраг миниуджытæ. Цард рæстдзинадыл лæууы. Уымæн дурты бын дæр мæлæт нæй.

Уды сыгъдæгдзинадмæ кæны Фыдыбæстæмæ уарзондзинад дæр. Ныййарæг мад æмæ Фыдыбæстæ æмхуызон адджын сты зæрдæйæн. Мады куыд уарзыс, афтæ хъуамæ уарзай Райгуырæн бæстæ. Æрмæстдæр ахæм адæймаджы ис хонæн патриот. Фыдызæхх зæрдæйæ чи уарза, уый йæ никуы ратдзæн знагæн дæр, стæй йын фыдбылыз дæр не скæндзæн.

Уды сыгъдæгдзинадмæ ма хоны ахуырады фæндаг дæр. Бирæзонаг, дам, мин фыдбылызæй хызт у. Ахуыры бæрзæндтæм чи тырны, уый йæ сæрмæ æгад не ’рхæсдзæн. Уый æппынæдзух тырны наукæйы бæрзæндтæм, Дуне æмæ Рæстæджы сусæгдзинæдтæ иртасынмæ. Ахæм лæгæн йæ уды сыгъдæгдзинад йæ царды бæлвырд фæткыл баст у. Акæсæм-ма, фыдракæнд, фыдбылызтæ аразынц æнахуыргонд, ницæйаг адæймæгтæ. Уыдонæн сæ царды нысан баст у æрмæстдæр мулкимæ. Адæм цас фенддæжындæр, зонджындæр уой, уый бæрц царды сæ бынат ссардзысты хорз хъуыддæгты.Уæд цард æдасдæр уыдзæни. Æдасдзинад та ныртæккæ туджы аргъ у.

Ацы проблемæйæ ратæдзы æндæр ахсджиаг фарста — ахуыры фæстæ куыст ссарын. Цас адæймаг куысты уæлхъус уа, адæмы, паддзахады бæрны бацæуа, уыйас йæ хæс зæрдæрухсдæрæй æххæст кæны. Уымæн йæ зæрдæйы рухс фæндтæн йеддæмæ бынат нал уыдзæн фыдракæндæн. Ахæм адæймагæн та йæ зæрдæ уыдзæн парахат, æнæнцой, цардбæллон.

Уæдæ-ма ацæргæ кары адæмы уавæр дæр зæрдæхсайгæ у. Уыдонæн тынг зын цæрæн у ныртæккæ. Фæфæнды мæ, истæмæй сын куы баххуыс кæнин, уый. Мах, рæзгæ фæлтæр, хъуамæ куыдфæндыйы цæстæй ма кæсæм ацæргæ адæммæ. Фæлæ сын

фаг аргъ кæнын, уарзын, æхххуыс кæнын у не стыр хæс. Адæмыл аудындзинад, уарзондзинад, тæригъæддзинад кæмæ ис, уымæн дæр æвзæрæй тас нæу.

О, æмæ уæлдæр цы адæймаджы хорз миниуджытæ, цы фæндæгты кой скодтон, уыдон, æнæмæнг, иумæ кæнынц, хонынц мах, адæмы, уды сыгъдæгдзинадмæ. Уый та нæй абарæн Дун-Дунейы æппæты зынаргъдæр æмæ диссагдæр хæзнатимæ.

*ЦÆРИКЪАТЫ Регинæ*
*10-æм кълас, Дзæуджыхъæу,*
*13-æм скъола*

## НЕ 'ВЗАГ — НÆ ХÆЗНА

*...Ахуыргонд лæг æппæты фыццаджыдæр йæ мадæлон æвзаг базоны, стæй уый фæстæ та иннæ адæмты æвзæгтæ.*

***Нигер***

*Йæ мадæлон æвзаг чи нæ зоны, уый ницы зоны.*

***Шиллер***

Мах рæстæджы ирон æвзаг фæцудыдта. Ирон адæмæй бирæтæ се 'взагыл нал дзурынц. Сæ кæстæртæм дæр бинонты 'хсæн дзурынц уырыссагау. Фесæфтой сæ национ сæрыстырдзинад. Æз уырыссаг æвзаджы ныхмæ нæ дæн. Бирæ йæ уарзын, уымæн æмæ нæ дыккаг æвзаг у. Фæлæ ирон æвзаг нæ царды бындур у, æмæ йæ фидæн хъуамæ нæ национ идейæ суа. Бæллын, цæмæй ирон аив ныхас хъуыса хæхтæй — быдырмæ, хъæуæй — горæтмæ, хæдзарæй — скъоламæ, Ирыстонæй — дунемæ. Тынг мæ фæнды, цæмæй æхсæнадон царды ахса бæрзонд бынат. Ирон адæммæ мады йæ цот хуыдтой **гыцци, дыдта, æна.** Ацы фæлмæн нæмттæ хъыгагæн не 'взаджы ивд æрцыдысты «мама»-йæ, фыды ном баба «папа»-йæ, фыдымады ном нана ивд æрцыд «бабу»-йæ, фыдыфыд дада — «деду»-йæ. Арæх фæхъуыды кæнын, цымæ, цæмæн сыстырзæрдæ сты ирон мадæлтæ, уæлдæр цы рæсугъд нæмттæ ранымадтон, уыдоныл. Хатыр курын, ацы куыст чи бакæса, уыдонæй, фæлæ, æз бинонтæ куы скæнон, уæд нæ хистæрты нæмттæ сæвæрдзынæн сæ бынæтты

мæ бинонты 'хсæн. Ахъуыдыйаг у ирон æрыгон мадæлтæн дæр. Не 'взаджы хъысмæтыл хъуамæ алы ироны зæрдæ дæр рисса, уымæн æмæ уый дунейы хæзнатæй хæзнадæр у махæн.

Академик А. Шегрен дыууæ азмæ Ирыстоны сыгъдæг дзырдта ирон æвзагыл. Сæрдæй-зымæгæй Ирыстоныл фистæгæй зылд æмæ æрмæг æмбырд кодта ирон адæмы истори æмæ æвзаджы тыххæй. Всеволод Миллер не 'взагимæ ахуыр кодта ирон фольклор. Ирон адæм никуы ферох кæндзысты Шегрен æмæ Миллеры цытджын нæмттæ. Цымæ, се 'взаг иуварс цы ирæттæ æрæвæрдтой, уыдон та цæуыл хъуыды кæнынц?... Нæхи куы нæ уарзæм, не 'взаг куы нæ зонæм, уæд ныл фыдгултæ дæр тых кæндзысты. Нæ кæрон сæфтмæ цæуы. Æрæджы чиныджы бакастæн, дунейы кæй уыди 7 мин æвзаджы бæрц. Уыйбæрц æвзæгтæй абон 4 мины бæрцыл нал дзурынц, фесæфтысты. Стыр тас бацыд мæ зæрдæйы. Кæддæр, Хуыцау бахизæд, не 'взаджы кæрон дæр сæфтмæ куы 'рцæуа.

Зындгонд фыссæг Гæдиаты Секьа дæр, æвæццæгæн, тарст, нæ рæзгæ фæлтæр куы нал дзурой иронау. Уайдзæф кодта йе 'мдзæвгæйы:

*Худинаг уæм куыд нæ кæсы*
*Æнцад бадын фыддæрадæн,*
*Иу уæ лæгау куыд нæ тæрсы*
*Фесæфынæй Иры 'взагæн!*

Æз ахуыр кæнын Хетæгкаты Къостайы номыл 13-æм скъолайы 10-æм къласы. Мах скъолайы стыр æргом здæхт цæуы ирон æвзаг æмæ литературæмæ. Къостайы цард, йе сфæлдыстад, йæ фæдзæхстытæ немæ кæнынц æмдзу, сидынц нæм, цæмæй кæрæдзиимæ цæрæм хæларæй, уарзæм нæ мадæлон æвзаг æмæ йын арфæйаг лæггад кæнæм. Нæ зæрдыл дарæм æмæ архайæм йæ баххæст кæныныл ирон драматургийы бындурæвæрæг Брытъиаты Елбыздыхъойы фæдзæхст: «Дзырд хъуамæ æхсæры къæрццау уа...»

Æз фыссын мæ хъуыдытæ нывæцæны, фæлæ, газетмæ куы фыссин, уæд ныффыссин фæсивæдмæ сидт:

**«Иры фæсивæд, бæрзонддæр сисæм, кæддæр адæмы сæрыл йæхи чи хаста, адæмы сæрвæлтау йæхимæ зындзинæдтæ æмæ стыр маст чи иста, адæмы сæрибардзинадыл, йе 'взаджы стыхджыныл кусгæйæ йæ царды бонтæ чи скуынæг кодта æмæ афтæмæй æнафоны йе 'мгæрттæй чи фæхъуыд, уыцы номдзыд поэт, Иры бæрзонд стъалы Хетæгкаты Къостайы æнæмæлгæ ном. Цæстыгагуыйау бахъахъхъæнæм не стыр хæзна — не 'взаг!"**

*КУЫДЗЕТЫ Роксанæ*
*10-æм кълас, Змейкæ*

# ÆЗ КУЫ УАИН ИРЫСТОНЫ ПРЕЗИДЕНТ

Æвæдза, диссаджы темæ. Арф хъуыды чи домы, ахæм темæ.

Адæймагæн, иуварсæй кæсгæйæ, æнцон у искæй куыстæн аргъ кæнын. Фæлæ йæхæдæг бæрн куы банкъары, уæд сагъæсы бахауы. Нал фæзоны, кæцы уавæрæй куыд рацæуа, уый. Æмæ куыннæ! Бæрн стыр зонд, стыр хъару, стыр тых домы. Уæлдайдæр та, адæмы бæрны куы бацæуай, уæд.

Æмæ, цымæ, цæмæн тырнынц бирæтæ уæдæ ахæм бынатмæ? Адæмы хъысмæтыл мæт кæнынц? Нæ! Кæд афтæ у, уæд уæдæ цæуылнæ цæуы Ирыстон къуырцдзæвæнæй? Цæуылнæ фæзыны хорзырдæм нæ адæмы цардыл, рæсугъд ныхæстæ цы бынатмæ тырнæг лæгтæ фæкæнынц, уыдоны аудындзинад? Цæуылнæуал сæм фæхъары адæмы маст, цæуылнæ сæ «разыны иумæ цæссыг»? Мæнмæ гæсгæ, уымæн, æмæ адард вæййынц хуымæтæг адæмæй. Æгæр бæрзонд схизынц æмæ, æвæццæгæн, сæ сæр разилы уæлиауæй кæсгæйæ. Æви сæ не 'мбарын, уымæн æмæ сæм æз дæр иуварсæй кæсын. Фæлæ нæ, æфсæст æххормаджы кæй никуы æмбæрста, уый хорз зонын.

Уæдæ æз та цы бакæнин, Ирыстоны президент куы уаин, уæд? Ууыл ахъуыды кæнын дæр, æвæдза, худæджы хуызæн у, фæлæ, цæй, мæхи уацары раттон мæ хъуыдытæм æмæ абалц кæнон сæнтты дунемæ.

Цæмæй райдаин мæ куыст? Бирæ фæхъуыды кодтон æмæ æрцыдтæн ахæм хатдзæгмæ: алы паддзахадæн дæр, алы республикæйæн дæр йæ фидæн сты кæстæртæ, сабитæ. Мæнмæ гæсгæ, уыдонæй сæйрагдæр ницы скæнин мæ куысты. Бинонтæ бинонты хуызæн никуы уыдзысты æнæ сывæллæттæй. Нæ сын уыдзæн царды нысан.

Республикæ дæр æнæ сабитæй у, бæлас æнæ къалиутæй куыд уа, уый хуызæн. Нæ дзы æхсиддзæн цард, нæ дзы уыдзæн амонд. Уымæ гæсгæ æз суанг арæндонæй райдаин æмæ уæлдæр ахуыргæнæндоны онг æппæт дæр бæрзонд уæлвæзадмæ сисин, ома сывæллонимæ цы бынæттæ баст сты, уыдон. Уæдæ скъоладзаутæн раздæр цы улæфæн бынæттæ — лагерьтæ — уыд, уыдон дæр сæ раздæры уавæрмæ æркæнин.

Цы диссаг у! Ӕз скъоладзау дæн æмæ мæхицæй куыд райдыдтон мæ куыст. Ӕвæццæгæн, æцæг президент чи свæййы, уый дæр йæхи мæт уымæн фæкæны. Ӕрмæст мæнмæ æндæр сагъæстæ дæр ис. Ӕмæ куыннæ! Иунæг къабаз дæр нæй нæ республикæйы, хъус æрдарын кæмæ нæ хъæуы. Уыдонæй иу — æнæниздзинады къабаз. Нæ дохтыртæй ницы рахъаст кæнин, сæ куыстмæ бæрнон цæстæй кæсынц. Фæлæ цы хостæ рафыссынц, уыдоны хæрзхъæддзинад сæ домæнтæн дзуапп нæ дæтты. Уый тыххæй бадомин, цæмæй нæ республикæмæ цауд хостæ ласт ма цæуа. Уыимæ рынчындæтты лæвæрд цæуиккой æрмæстдæр лæвар, цыфæнды зынаргъ куы уой, уæддæр.

Иннæ ахæм нæ хъæууон хæдзарад. Ӕппæт дæр саразин, цæмæй та нæ колхозтæ сæ раздæры гаччы сбадой. Уыдон æрмæст хойраджы къæбицтæ нæ уыдысты, фæлæ ма сын уыдис хъомыладон нысаниуæг дæр: скъоладзауты куыстыл ахуыр кодтой. Уæдæ нæ культурæйы артдзæстыты зынг бонæй-бонмæ мынæг кæны. Бирæ бынæтты та хуысгæ дæр акодта. Уыдонимæ та нæ фæсивæды курдиат дæр. Ницы бавгъау кæнин уыцы зынджытæй стыр арт сцырен кæнынæн.

Мæ сæнтты базыртæ мæ цыма æгæр бæрзонд систой! Тæссаг у, куы ’рхауон, уымæй, æмæ Ирыстон æнæ президентæй куы аззайа. Фæлæ нæ, мæ зæрды ма бирæ цыдæртæ ис бакæнын мæ Ирыстоны хорзæхæн. Ӕрмæст мæ къухы нæ бафтдзысты, рæстзæрдæ куы нæ уон, стæй ахæм адæймагтæ мæ фарсмæ куы нæ уа, уæд. Ӕз бацархаин ууыл, цæмæй мын мæхиуыл дæр, мæ арæзт хицауадыл дæр адæм æууæндой. Ӕрфидар кæнин нæ республикæйы Рæстдзинад, Ӕгъдау æмæ Ӕфсарм. Уыдон уаиккой мæ царды, мæ куысты цырæгътæ.

Фæлæ мæ мæ сæнтты базыртæ бынмæ уадзын байдыдтой. Ӕрхæццæ дæн мæ уарзон, мæхи Ирыстоны зæхмæ цæрынмæ. Цæрынмæ æмæ æнхъæлмæ кæсынмæ æцæг патриот президентмæ. Ӕрцæудзæн, уырны мæ.

*Ӕз куы уаин президент,*
*Уарзон Ирæн стыр Фæтæг, —*
*Амонд, Намыс æмæ Кад*
*’Рхæссин ардæм уæд æнæмæнг.*

*ХАЙМАНТЫ Миланæ*
*10-æм кълас, Ногир*

# НЕ ’ВЗАГ – НÆ ХÆЗНА

*Сты зондæн уацхæссæг æппæт дунейы ’взæгтæ,*
*Нæ дзы ’взарын хæстæг æмæ дæрддаг,*
*Фæлæ ныххойыс зæрдæйы къæсæртæ*
*Æрмæстдæр ды, мæ мадæлон æвзаг.*
**Астемыраты Изетæ**

Цы и зынаргъдæр, адджындæр мады хъæлæсæй, мады æвзагæй? Уыдон адæймагæн æнæсцухæй вæййынц йемæ. Адæймаг йæ цины, йæ зыны сахат дæр йæ мадмæ фæдзуры. Мады дзыхы ныхас, мады хъæлæс æвдадзы хос вæййынц йæ хъæбулæн, раттынц ын ныфс, хъару, зонд.

Цымæ, цæмæн фæзæгъæм афтæ: «Не ’взаг нæ хæзна у!». Кæд, мыййаг, рæдийæм, æмæ æцæг хæзнатæ сты æхцатæ, сызгъæринтæ.

Алы адæмæн дæр бæласау ис уидæгтæ. Уыцы уидаг у æвзаг. Бæласæн йæ уидæгтæ куы ныллыг кæнай, уæд æрцæуы йе сæфт. Афтæ у æвзаг дæр. Æвзаджы сæфт та у адæмы сæфт.

Ирыстонæй рагон заманы æндæр бæстæтæм чи афтыдис, зæгъæм, Туркмæ, Сиримæ, уыцы ирон адæм цæуылнæ ауыгътой сæ къух сæ мадæлон æвзагыл, цæмæн æй бахъахъхъæдтой цæстыгагуыйау? Куыд диссаг у, Ирыстоны нæ цæргæйæ, ирон æвзаг махау скъолаты нæ ахуыргæнгæйæ, уыдонæй бирæтæ куыд дзæбæх æмæ рæсугъд дзурынц сæ мадæлон æвзагыл! Куыд сæм бахæлæг кæнæм, уымæн æмæ мах, Ирыстоны уæвгæйæ, афтæ дæсны нæ дзурæм иронау! Æвæццæгæн, дард бæстæйы цæргæйæ, уыдон махæй раздæр бамбæрстой, не ’взаг кæй у æцæг хæзна. Уымæн æмæ, цалынмæ ирон æвзагыл дзурæм, уæдмæ у нæ бон нæхи ирæттæ хонын. Нæ мадæлон æвзагыл куы сыстырзæрдæ уæм, уæд куыд адæмыхатт, афтæ фесæфдзыстæм, æмæ йæ нæхæдæг дæр нал æмбардзыстæм, кæцон стæм, уый.

Мамсыраты Темырболаты «Авдæны зарæг»-ы дæр мад йæ хъæбулæн фæдзæхсы, цæмæй туркаг зæрдæ ма райса, туркаг æвзагыл ма райдайа дзурын.

Не ’взаг нæ хæзна у, уымæн æмæ йæ фæрцы æмбæлы бавналын иннæ хæзнатæм: нæ диссаджы Нарты кадджытæм, нæ сæр бæрзæндты кæмæй хæссæм, уыцы Къостайы æмæ иннæ цытджын фысджыты сфæлдыстадмæ.

Æвæццæгæн, æмбæлы уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй Нарты кадджытæ æмæ Къостайы уацмыстæ бакæсын, фæлæ сæ мадæлон æвзагыл куыд банкъарæм, афтæ сæ нæ банкъардзыстæм.

Не ’взаджы фæрцы нæ бон у нæ кæрæдзи æмбарын, нæ фыдæлты æгъдæуттимæ, традицитимæ, культурæимæ зонгæ кæнын. Уый фæрцы нæ зæрдæйы равзæры æнæкæрон уарзондзинад нæ Райгуырæн зæхх Ирыстонмæ. Фæлæ тæссаг у, ирон æвзаг куы фесæфа, уымæй. Нал дзурынц горæты цæрæг ирæттæ сæ мадæлон æвзагыл. Уарзондзинад та æвзагмæ райдайы бинонтæй. Ныры хистæртæй бирæтæ уырыссагау дзурынмæ хорз нæ арæхсынц, фæлæ уæддæр æрдæгцъæррæмыхст ныхæстæ фæкæнынц сæ хъæбулты хъæбултимæ.

Не скъолайы хæлардзинады клуб иухатт æрбахуыдта иу æрыгон лæппуйы, кæцы куыста тæлмацгæнæгæй. Махæн йемæ уыдис фембæлд. Уазæг куыд радзырдта, афтæмæй хорз зыдта авд фæсарæйнаг æвзаджы, æнцонæй ныхас кодта англисаг æвзаджы ахуыргæнæгимæ дæр. Мæнмæ уый тынг диссаг фæкаст. Цас хъæру йæм разынд, цæмæй сахуыр кæна уал æвзаджы! Нæ ахуыргæнæг æм фарст куы радта, куыд зоныс дæ мадæлон æвзаг, зæгъгæ, уæд уазæг фæсырх æмæ загъта: «Хъыгагæн, иронау дзурын нæ зонын». Уыцы фарстæн ахæм дзуапп ратдзæн, уый æнхъæл æз нæ уыдтæн. Уымæн æмæ уазæг йæхæдæг дзырдта, балцы фæсарæнты уæвгæйæ, францæгтæ дзырдтой, ирон æвзаг сæм тынг аив кæй фæкаст, уый. Уыцы ныхæстæ йæ куыд никуы бафтыдтой ахæм хъуыдыйыл, цæмæй сахуыр кæна йæ мадæлон æвзаг? Йæ ныййарджытæ йын куы бауарзын кодтаиккой ирон æвзаг, уæд ахæм уавæры дæр нæ бахаудаид. Зæрдæ нын бавæрдта, тагъд рæстæджы йæ кæй сахуыр кæндзæн, уымæй.

Мæнæн ирон æвзаг уарзын кæны мæ нана. Арæх мын радзуры йæ уарзон æмдзæвгæтæ. Æз ыл дис фæкæнын, куыд бирæ уарзы ирон æвзаг. Газет «Рæстдзинад»-ы йæ зæрдæмæ цы æрмæг фæцæуы, уый æрæмбырд кæны махæн, йæ цотæн, æмæ нын сæ фæкæсы. Мæ мад дæр рæвдауæндоны сывæллæттæн амоны ирон æвзаг. Уым сарæзта йæхи хъæрутæй чысыл музей.

Скъолайы та нын нӕ ахуыргӕнджытӕ уарзын кӕнынц не 'взаг. Амонынц нын, мадӕлон ӕвзаг кӕй у мады ӕхсырау адджын. Фӕлӕ, хъыгагӕн, уый бирӕ скъоладзаутӕм нӕ хъары.

Йӕхи ирон адӕймаг чи хоны, уый хъуамӕ макуы суа стырзӕрдӕ йӕ мадӕлон ӕвзагыл. Фӕнды мӕ, цӕмӕй къаддӕр уа «уӕрӕседзаутӕ».

Ирон ӕвзаг у нӕ цин, нӕ амонд. Ирон ӕвзаг куы уарзӕм, уӕд нӕ адӕм никӕд фесӕфдзысты, фидар уыдзӕн нӕ хъару.

*БИТАРТЫ Ларисӕ*
*9-ӕм кълас, Елхот*

## ЦАВӔР ФӔНДАГ НӔ ХОНЫ УДЫ СЫГЪДӔГДЗИНАДМӔ?

*Дӕ зӕрдӕ сыгъд ӕрцыты бын ӕхсонӕй,*
*Уыдис йӕ рухс нӕ фӕндагыл зӕлдаг...*
*Ис хъузгӕй хурмӕ сындзытыл фӕндаг,*
*Ды йыл цыдтӕ нӕ амондмӕ фӕндонӕй.*
***Джыккайты Шамил***

Фӕндӕгтӕ... Уыдон сты алыхуызӕттӕ: сӕ иутӕй нӕ зӕрдӕ барухс вӕййы, иннӕтӕй та зӕрдӕниз райсӕм. Фӕндаг цас рӕсугъддӕр уа, уыйас ӕй адӕймаг йӕ зӕрдыл тынгдӕр бадары ӕмӕ йӕ дӕргъвӕтин рӕстӕг фӕмысы.

Ахӕм аргъауы фӕндагыл ацыдтӕн фыццаг хатт фарон сӕрды. Ӕз уӕдмӕ Алагирӕй дарддӕр никуы уыдтӕн хӕхбӕсты ӕмӕ мӕм афтӕ каст, цыма аргъауы бӕстӕмӕ бахаудтӕн. Арф комы бауайгӕйӕ нӕхи бафӕдзӕхстам Фӕндагсары Уастырджийыл ӕмӕ нӕ фӕндаг адардтам Ирыстоны рӕсугъд ӕрдзы хъӕбысмӕ. Кӕцырдӕм кастаин, уый нал зыдтон, афтӕ рӕсугъд у ӕрдз. Хъӕд, арвыл чи ныдзӕвы, уыцы хӕхтӕ, цырд дӕттӕ, фӕтӕн фӕндаг. Бирӕ рӕтты-иу лӕугӕ дӕр ӕркодтам ӕмӕ-иу нал ӕфсӕстыстӕм къамтӕ исынӕй.

Уалынмӕ нӕ машинӕ фездӕхта фӕндагӕй иуварс бӕлӕсты бынмӕ, ӕмӕ иу суадоны цурмӕ бахӕццӕ стӕм. Уый зӕххы арфӕй абузгӕйӕ цыд, йӕ алыварс та цыма уазалдӕр у, сатӕгдӕр. Цы ма уа уымӕй адджындӕр зӕрдӕйӕн! Дон та ахӕм у, ӕмӕ

дзы адæймаг нуазынæй не ’фсæды. Мæ цæстæнгас ахастон хæхтыл, æнусон цъиититыл. Æвæццæгæн, уырдыгæй лæдæрсы ацы алæмæты цæугæдон. Уымæн уайтагъд йæ тых ацæуы уæнгты, уд та банкъары цыдæр æхцонад.

Суадоны донæй байдзаг кодтон мæ донгарз, æмæ та ногæй нæ машинæ уæззаугай ахæцыд хæххон фæндæгтыл кæм хæрдмæ, кæм уырдыгмæ. Уалынмæ бахæццæ стæм нæ цыды сæр — Нары хъæумæ. Æрлæууыдыстæм æмæ цалдæрæй рафардæг стæм цырты цурмæ.

Ирыстон Къостайæ хуыздæр никæй радта æмæ Ирыстонæн Къостайæ фылдæр ничи радта. Къоста у Ирыстоны ном æмæ кад, йæ зонд æмæ йæ уд. Æмæ мах куы фæдзурæм Ирыстон, уæд нæ цæстыты раз вæййы Къоста, мах куы фæдзурæм Къоста — нæ цæстыты раз вæййы Ирыстон.

О, Къоста, Къоста! Бирæ æфхæрд, бирæ зынтæн ныффæрæзтай. Цард дæм фыдыусы цæстæй касти. Дæ сабибонтæ æрвыстай сидзæрæй, дæ ахуыры азтæ — мæгуырæй. Фæндыд дæ мæгуыр адæмы цард фæрæсугъд кæнын, фенын адæмы сæрибар, æмæ сын снывонд кодтай дæ зонд, дæ хъару.

Абоны царды дæр раздæры цардау ис бирæ хæрам æмæ фыдæх, бирæ зыгъуыммæ митæ: фæлывддзинад, цæстмæмитæ, æдзæстуарзон. Æмæ, уыдон уынгæйæ æмæ ’мбаргæйæ, мæн арæх фæфæнды тох кæнын. Фæлæ, кæд мæхимæ уыйбæрц хъару не ссарын, уæддæр мæ стыр ныфс бауадзынц де ’мдзæвгæтæ, раст фæндагыл мæ слæууын кæнынц. Арæх фæтæрсын, куы асætта мæ зæрдæйы хъару, мæ ныфс. Куыдфæндыйы цæстæй куы акæсон цардмæ. Æмæ та ног мæ разы февзæрыс ды. Бакæныс мын уайдзæф, бауадзыс мæ стыр ныфс.

Ды дæ Иры дзыллæйæн размæсидæг тырыса. Адæм та иу тырысайы бын куы цæуой, куы сын уа иу зарæггæнæг, ды Къоста, уæд свæййынц барджындæр æмæ бæрнондæр. Æмæ та æз дæр мæхимæ тынг барджын æркæсын, бафæнды мæ фидæны мæ адæмæн стыр лæвар ракæнын. Æз мæхæдæг дæр фыссын æмдзæвгæтæ. Арæх мæм бахъары адæмы зын. Бафæнды мæ, Къостайау адæмы уды сыгъдæгдзинадмæ чи кæны, уыцы фæндагыл слæууын. Райсын мæ фыссæнгарз æмæ та мæ зæрдæйы хъынцъымтæ равдисын æмдзæвгæты хуызы.

Кæд цыфæнды зын у, уæддæр мæн уырны, фыдлæг æмæ фыддугæн кæй æрцæудзæн кæрон. Мæн ныфс ис, кæй никуы

бахуыскъ уыдзæн Къостайы царддæттæг поэзийы суадон, кæй никуы æрмынæг уыдзæн йæ цæхæр. Уымæн æмæ Къоста бауагъта хуымæтæг ныхæсты уæларвон тых. Уыцы тых та у æнæбайсысгæ, æмæ дзы цас дзыллæтæ фылдæр хъæстæ кæной, уыййас уый та ноджы хъомысджындæр кæндзæн, хондзæн нæ рæсугъд фæндæгтыл уды сыгъдæгдзинадмæ.

*КЪÆБУЛТЫ Аленæ*
*Камбилеевкæ*

## НЕ 'ВЗАГ — НÆ ХÆЗНА

*Æвзаг у адæмæн сæ кувæндон,*
*Сæ уд, сæ цардыуаг æвдисæг.*
***Вяземский***

Не 'взаг — нæ намыс. Не 'взаг — нæ хæзна. Не 'взаг — нæ фарн. Фарн æмæ намысæн фесæфæн куыд нæй, афтæ хъуамæ ма фесæфа нæ алæмæты дзаджджын, рæсугъд æвзаг. Фыдæлтæй нын лæвæрд у. Æнусты сæрты йæ рахастам. Бахъахъхъæдтам æй алыхуызон историон фыдракæндтæй. Ирондзинадыл удуæлдай куыст кодтой Иуане æмæ Аксо, Къоста æмæ Секъа, Елбыздыхъо æмæ Арсен. Нæ диссаджы «Нарты кадджытыл» фæсарæнты зындгонд ахуыргæндтæй чи не 'рæвæрдта йæ цæст!

Цас ратæр-батæр, хъизæмар царды бонтæ баййæфтой мæ адæм! Фæлæ уыцы уæззау уавæрты цæргæйæ, се 'взаг, сæ культурæ, сæ фарн æрхастой махæн. Хъыгагæн, нæ фæсивæд сæ сæрмæ нал хæссынц се 'взагыл дзурын, сæмтъеры йæ кодтой уырыссаг æвзагимæ. Дыууæ ироны кæрæдзимæ нал дзурынц иронау. Цас рæстæг ма рацæудзæни, уый ничи зоны, фæлæ адæм бынтондæр ферох кæндзысты сæ мадæлон æвзаг, сæ культурæ, сæ кадджытæ æмæ литературæ. Сывæллæттæ дæр фылдæр дзурынц æндæр æвзагыл, нал ахуыр кæнынц сæхи литературæ. Уый æдде ма былысчъилтæ æмæ фидистæ кæнæм кæрæдзийæн. Дихтыл ныллæууыдыстæм: ды — къуыдайраг, ды — ирон, ды — дыгурон. Ферох нæ, иууылдæр кæй стæм иу туг, иу стæг, иу ныфс, иу уидагæй. Бæласæн йæ уидæгтæ куы ныллыгтæ кæнай, уæд хуыскъ кæны. Къухы æнгуылдзтæ дæр ма хицæн кæнынц, фæлæ сæ рыст иу у! Нæ тых иудзинады ис.

Сæрыстырдзинадæй цух кæй стæм, иудзинад дæр нæм уый тыххæй нæй.

Æз бирæ уарзын мæ адæмы, тынг уæлиау æвæрд мæм у мæ мадæлон æвзаг. Скъолайы ахуыр кæнгæйæ, тынг бауарзтон ирон æвзаг, ныртæккæ та — ноджы фылдæр, ам, лицейы ахуыр кæнгæйæ. Мæн фæнды ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг суæвын. Æз дæр мæ ахуыргæнæгау хъуамæ сахуыр кæнон нæ фæсивæды, æмæ сын бауарзын кæнон Дзуццаты Хадзы-Мураты æмдзæвгæйы рæнхъытæ:

*Ирыстоны суадæттау,*
*Зæххы бынæй кæудзынæн,*
*Æз фæстаг поэт куы уон,*
*Поэттæ мæ фæстæ куынæуал уа,*
*Ирыстоны хæхтыл*
*Сау туг куы ныууара,*
*Æз мæрдтæм дæр*
*Куынæ хъусон*
*Иронау Къостайы сидт тохмæ,*
*Иронау*
*Отеллойы богътæ!*

Ахуыргæнæг куы фæдзуры, уæд æм æз лæмбынæг хъусын, цæмæй, адæмы цур куы ’рлæууон, уæд мæ бон уа хорз дзурын. Зонын, мæ мадæн тынг æхсызгон вæййы, афтæ æнувыд кæй дæн мæ мадæлон æвзагыл.

Æрыгон фæсивæд сæ фылдæр æцæгæлон цæстæй кæсынц не ’гъдæуттæм, нæ культурæйы хæзнадонмæ. Цæмæн суæлæхох стæм нæ фарныл, нæ намысыл? Искæй цæмæн фæзмæм!

Ирон сылгоймаг куыд хъуамæ рацæуа гомгуыбынæй, хъæрæй дзургæ, уымæй æвзæрдæр æмæ худинагдæр цы уыди сылгоймагæн!

Ныр та алырдыгæй сæ кæрæдзимæ лæбурынц, къухæй, къахæй чызг уа, лæппу уа, кæрæдзийы дæрæн кæнынц, æвзæр дзыхæй дзурынц. Цыма нæ ирон æвзаг æлгъитынæн у, уыйау! Мæнмæ гæсгæ, ам стыр аххосджын сты ныййарджытæ, ахуыргæнджытæ, хистæртæ.

Мадæлон æвзаг рохуаты куы баззайа, уæд нæ наци фесæфдзæн. Адæм ирон æвзагыл куы нал дзурой, уæд нын фыдæлтæ цы рæсугъд, цы фæрнæйдзаг истори, æгъдæуттæ æмæ культурæ ныууагътой, уыдон дæр ферох уыдзысты. Æмæ ма уæд нæхи куыд хондзыстæм ирæттæ? Куыд хæсдзыстæм нæ

сæртæ уæлиау, нæ фыдæлты кой нын куы кæной, уæд?

Мæ сызгъæрин, мæ адджын адæм, куыд бирæ уæ уарзын, афтæ уарзут нæ мадæлон æвзаг, цæмæй нæ фæстæ чи уа, уыдон дæр зоной нæ ирон æвзаг, не 'гъдæуттæ, нæ культурæ.

*ОЗИТЫ Мæдинæ*
*8-æм кълас, Сечер*

## ÆЗ КУЫ УАИН ПРЕЗИДЕНТ ИРЫСТОНЫ...

Зæгъæм, ахæм амонд мæм æрцыд æмæ мæ равзæрстой президентæй...

Цымæ, цæмæй райдаин мæ куыст? Фæсивæды раст фæндагыл аразынæй. Сусæггаг нæу: нæ дуджы тæккæ æвзæрдæр фыддзинæдтæй иу — наркомани — фидар æрбынæттон нæ царды. Хатгай тасы бацæуын, мæ кæстæр æфсымæр Азæмæт искуы уыцы хъылмайы фурды куы анығъуыла, куы нæ йæ бахъахъхъæнæм. Ацы æвирхъау низ нын цæмæй дарддæр дæр афтæ ма скъуына нæ Ирыстоны фæсивæды уидæгтæ, уымæн, президент уæвгæйæ, саразин хъæугæ мадзæлттæ. «Хъылма» чи парахат кæны, уыдонæн æрæхгæнин сæ фæндæгтæ, кæнин сын карз тæрхон, закъонмæ гæсгæ цæуиккой карз æфхæрд.

Æрмæст президенты бон нæ бауыдзæн ацы сæрсæфæн былæй фервæзын кæнын, фæлæ иумæйаг тых, иумæйаг хъарутæй куы ницы бакæнæм, уæд æнæ фидæнæй баззайдзыстæм æмæ знæгты фæндиаг фæуыдзыстæм.

Ноджы ахсджиагдæр, тæккæ æвæстиатæй лыггæнинагдæр хæс у мæгуыр адæмы мæгуырдзинады цъысымæй ракæнын. Хъуамæ æз, президент уæвгæйæ, æмбарон сæ тыхст уавæр. Фæзындысты нæм бынтон хъæздыг адæм, бынтон мæгуыртæ. Цæуылнæ ис бафæрсæг: чидæр бæрзонд цæхæркалгæ галуантæ цæмæн аразы, æмæ йæ фарсмæ йæ сыхаг зæронд хæстон лæг та зырзыргæнгæ æнæбон къухтæй бырондон цæмæн сгары хæринаг ссарыны æнхъæл?

Президент уæвгæйæ, æз æдзухдæр архаин, цæмæй Ирыстоны æфтиæгты фылдæр хай хардзгонд цæуой социалон фарстатыл, хæсты æмæ фæллойы ветерантыл, бирæсывæллонджын æмæ æвæгæсæг адæмыл.

Æз Ирыстоны президент куы уаин, уæд, дохтыр уæвгæйæ гæртæмттæ чи исы, уыдоны æргом бафæрсин: адæймаджы цард дæ къухты уæвгæйæ, куыд ис рынчын, æнæбон адæймагæй æхца райсæн?

Цæвиттон, мæ фыдыхо тыхст уавæры бахауд онкологон рынчындонмæ. Хъуыди æвæстиатæй операци скæнын . Дохтыр дзы агуырдта æвддæс мины. Кæцы рынчын нæ ратдзæн ахæм æхца хосæнхъæл? Уыцы дохтыртæ искæмæй куы тæрсиккой, уæд низæфхæрд адæймагæй æхца нæ домиккой! Куыд ис адæймаджы цардыл ахæм æхцатæ кусæн? Цæуылнæ сæ ис иу бафæрсæг, æви æппын закъон нал ис?

Ахæм дохтыртæ куы лæвæрдтой Гиппократы ардбахæрд, уæд цæуыл хъуыды кодтой?

Ирыстоны президент куы уаин, уæд фылдæр æргом аздахин сидзæр сывæллæтты хъомыл æмæ ахуыр кæнынмæ. Саразин сын ахæм уавæртæ, цæмæй мацæмæй хицæн кæной иннæ сывæллæттæй.

Мæнмæ афтæ кæсы, цыма нæ царды ахуыргæнæг æмæ дохтырæй ахсджиагдæр бынат ничи ахсы, æмæ уыдонæн скæнин сæ царды уавæртæ хуыздæр, стæй сын сæ мызд ноджы зынгæ фæфылдæр кæнин.

Скъолаты фаг нæй ахуыргæнæн чингуытæ, уый нын тынг къуылымпы кæны нæ ахуыры хъуыддаг.

А фæстаг рæстæг арæх фехъусын: ирон æвзаг сæфтмæ цæуы, хъæуы саразын мадзæлттæ, цæмæй ма фесæфа. Æз арæх дисы бацæуын, куыд хъуамæ фесæфа нæ фыдæлты, аланты æвзаг? Ирыстоны президент уæвгæйæ, æз фылдæр æргом аздахин нæ мадæлон æвзагмæ, цæмæй йæм уазал цæстæй мауал кæсой. Уæлдæр ахуыргæнæндæтты саразын кæнин фæлварæнтæ ирон æвзагыл.

Æрæджы бакастæн ахæм таурæгъ. Йæ адæм амондджынæй кæмæн царди, ахæм фæрныг бæстæйæн йæ кад æмæ ном бонæйбон фыддæрмæ цыди. Цы уыдзæн нæ райсом, нæ фидæн, зæгъгæ, сæ райгуырæн бæстæйы хъысмæтыл чи хъуыды кодта, уыдон сагъæсы бацыдысты. Бирæ чи фæцарди, бирæ чи федта, иу ахæм зæронд лæджы фæрсынц: «Нæ буц хистæр, нæ бæстæ цы уавæрмæ æрцыд, уый дæхæдæг уыныс. Дæумæ гæсгæ цы бакæнын хъæуы, цæмæй нæм нæ фыццаджы кад æмæ ном фæстæмæ раздæхой?». Зæронд лæг ахъуыды кодта, арф ныуулæфыд, стæй загъта: «Æнцон фарст мæм нæ радтат, мæ хуртæ, фæлæ уын мæ

хъуыды æргомæй зæгъын. Нæ бæстæ, нæ адæмы сæргъы æрлæууынæн равзарут ахæм адæймаг, йæ бæстæ, йæ адæмы йæхи удæй фылдæр чи уарзы».

Мæнмæ гæсгæ, раст загъта зæронд лæг. Хъуамæ президент уа ахæм, чи хъуыды кæна, цы уыдзæн нæ райсом, нæ фидæн, райгуырæн бæстæйы хъысмæтыл чи тыхса.

Зæгъæм, æз президент сдæн. Мæ алы хъуыддаг дæр араздзынæн зæрдæбынæй, сыгъдæг удæй, арæхстджынæй. Ирыстоны цухгонд никуы уыдис хорз раздзогтæй. Райдай нæ фыдæлтæй æмæ фæу абонæй. Хостыхъоты Зинæйы загъдау:

*Нырма Сослантæ сты нæ фæйнæгфæрстæ,*
*Нæма курæм Батрадзтæ дæр æфстау.*
*Ир не 'лхæны æндæр рæтты Иссæтæ,*
*Фыды фарн Иры нæ ацæуы мæрдтæм.*

Чи зоны, искуы мæм ахæм кадджын хæс куы 'рхауа æмæ мæ равзæрстой Ирыстоны президентæй, уæд хъуамæ мацы бавгъау кæнон Ирыстоны хорздзинадæн. Мæхиуыл нæ ауæрдгæйæ архайон саразын ахæм хъуыддæгтæ, цæмæй мæ адæм уой разы. Мæ ныхасы уа стыр уæз, мæ дзыллæйæн ныфсы мæсыг, фарны фидиуæг, Æрфæны фæдау фæндагамонæг куыд уон.

Иу ныхасæй, уаин ахæм президент, æмæ мæ адæм цалдæр хатты æвæсмонæй равзариккой сæхицæн раздзогæй.

Мæнæн нырма раджы у, фæлæ кæд мæ хъуыдытæ раст сты, уæд нæ президент Мамсыраты Таймуразы къухы бафтæнт. Мæ гыццыл Ирыстонæн та мæ зæрдæ зæгъы, цæмæй бонæй-бонмæ рæзгæ цæуа, адæмы нымæц фылдæрæй-фылдæр кæна.

*ДЗИОЙТЫ Кристинæ*
*6-æм къълас, Дзæуджыхъæу,*
*2-æм скъола*

## ТЕМÆ: НЕ 'ВЗАГ — НÆ ХÆЗНА

Ирон æвзаг мæм мæргъты зарæгау рæсугъд кæсы. Уæлæ бæлæстæй алы хъæлæсæй цъыбар-цъыбур куы байдайынц, уæд мæм афтæ фæкæсы, цыма иронау фæдзурынц...

Мæ къона акæна гыццыл дзиба-митмитгæнаг! «Мит-мит», — зымæджы къæсæрыл сыгъдæг иронау сисы фæдис. Ома, дам, зымæг хъæдæй æрхъуызы! Батагъд кæнут!

«Чи у, чи?» — фæрсы сырддонцъиу. Чи, дам, уæ разындзæн ахæм хæларзæрдæ? Чи мын уæ ракалдзæн дзулы къæбæртæ?..

«Цъыууитт», «Цъыууитт», — цыма фырмæллæгæй тæхын нал фæразы — уæлдæфы æрхау-æрхаугæнгæ уасы хъулонцъиу...

«Бубу-Бупп!» — уый та цыма Бубумæ дзуры, стæй Бупмæ...

«Дуду-Чыкк», Дуду-Чыкк!» — кæмæйдæр æппæлы къуырма бæлон. Стæхы æмæ та æндæр бæласæй хъуысы афтæ. Ирон чызджытæ йын алы уынджы дæр дудутæ сты...

«Гакк-Гукк!» «Гакк-Гукк!» — уый та магусатыл худы... Ома, гакк дæр дын ис, гукк дæр дын ис... Йæуæ, исты фезмæл!

Мæргътæй иутæ иугай дзырдтæ йеддæмæ «дзурын» нæ зонынц. Карк та — дыууæ дзырды: айк æм куы вæййы, уæд «дзуры» «хъахъа», куы æрæфтауы, уæд та — «хъуыдатт»... Уасæг дæр афтæ. Азæлы сыхыл йæ «хъихъырыхъо». Фæлæ цæргæсæй фæтарст, зæгъгæ, — карчы «хъуыдатт» сисы...

Æз æнæзонгæ дзырдтыл куы сæмбæлын, уæд бафæрсын мæ нанайы кæнæ дадайы. Скъолайы та — ахуыргæнæджы. Уыдон та иронау тынг хорз зонынц. Тæхуды, уыдоны хуызæн куы зонин иронау! Иубон мын нæ ахуыргæнæг афтæ зæгъы: «Абон ирон урок кæндзыстут уæхæдæг. Кристинæ! Ды та уыдзынæ ахуыргæнæг. Мах равзæрстам ахæм темæ: «Нæ мадæлон æвзаг». Темæ акодтам æртæ хайы:

1. Цы у мадæлон æвзаг? Дзуапп уыдис мæнæ афтæ: «Авдæнмæ нæм ныййарæг цы æвзагыл фæдзуры, уый у мадæлон æвзаг».

2. Цæмæн хъæуы мадæлон æвзаг? Уый фæрцы у бæрæг, мах ирæттæ кæй стæм, уый. Уый фæрцы нæ сæфы нæ ирон туг. Уый фæрцы нæ сæфы иннæ адæмты æхсæн нæ ирон æгъдау, нæ ирон æфсарм.

3. Чи уаиккам мах æнæ ирон æвзаг? Æнамонд, æлгъыст адæм... Æппындæр ничи!

Ирон адæмы хъæбул Къоста ныффыста бирæ диссаджы рæсугъд зарджытæ. Цыма сын се ’взагæй зыдта — ныхас кодта суанг мæргътæ, сырдтимæ:

*О уасæг, уасæг,*
*Сызгъæрин къоппа!*
*О уасæг, уасæг,*
*Сырх зæлдаг боцъо!*

*Куыд раджы фестыс,*
*Куыд хъæрæй зарыс?*
*Нæ буц лæппуйы*
*Хуыссын нæ уадзыс.*

Мæнæ куыд хæлар ныхас кæны дзывылдаримæ та:

*Æнгуырдар-дзывылдар,*
*Кæм хæтыс зымæг?*
*Цы бæстæ, цы хæхтæ*
*Фæтæхыс уынæг?*

*Кæм рæзынц, кæм цæрынц*
*Дæ хотæ, дæ мад?*
*Тæхуды, тæхуды*
*Кæмæн ис дæ цард!*

Ирон æвзагыл афтæ рæсугъд фидауы зарæг æмæ зæлы уæларвмæ. Уæдæ сыгъдæг дзурæн нæй иронау? Ау, мæргътæ дæр ма куы «дзурынц» иронау. Мæнæ куыд æппæлынц чиныджы гыццыл митмитгæнагæй:

*«Мит-мит», — сахары уа — хъæуы*
*Уасыс ды сыгъдæг иронау...*
*Дзиба! Бафæзмын дæу хъæуы:*
*Дзурыс ирæттæм иронау!*

Уæдæ цæмæн хæццæ кæнæм нæ ирон æвзаг уырыссаг дзырдтимæ? Уырыссаг æвзаг хорз у, айгъай! Фæлæ дæхи мады искæйы хорз мадæй баивдзынæ?

Чызджытæ хъæумæ æрцыдысты сæ нанайы мардмæ. Æмæ йыл ныддæлгом сты: «Бабу! Зачем нæ оставила?»

— Уырыссагау иу ныхас дæр нæ зыдта уæ бабу... Кæуын дæр уырыссагау куы райдыдтам... — бауайдзæф кодта чидæр.

Фыццаг хатт Абеты чиныг куы райстон мæ къухтæм, уæд æй нылхъывтон мæ риумæ. Алы бон дæр-иу базонгæ дæн иу дамгъæимæ. Афтæмæй мæ ног лымæнтæ фынддæс æмæ ссæдз баисты! Æппæтæй дзы тынгдæр кæимæ бахæлар дæн, уыдон уыдысты А æмæ О...

Дамгъæтæ иугæйттæй сты æнкъард... Кæрæдзийы къухтыл куы ныххæцынц, уæд та — æнæхъæн æфсад! Æмæ сын уæд цастæ æнтысы, цастæ! Сдзурынц дзыхæй! Райхъуысы зарæг...

Абеты æхсæнæй мæм хъуысы ныхас:

— Уе 'ппæты раздзæуæг — æз мæхæдæг! — загъта хъалхуызæй А.

— Æз дæр æнæлæгдæр нæ дæн! — йæ риу бахоста Æ.

— О, разы дæн сымахимæ! — йæ сæр батылдта О. — Фæлæ æз мæхæдæг иунæгæй дæр — æххæст хъуыды!

— Æз дæр уæдæ афтæ! Цæуылнæ йыл басæттут, и? — бафарста И.

— Сау бон мыл акæна! Æз та ма цы зæгъон уæдæ? — бахъарæг кодта Ъ — хъæбæр нысан. Уе 'гасæй æз — зындæр уавæры. Мæ дзыхыл — цъутта. Мæ дзырды бар — ист. Афтæмæй та бирæ дамгъæтæн сæ цæнгтыл куы æрхæцын, уæд сæ цъыбар-цъыбур ссæуы! Æмæ «цай» фесты «цъай», «цил» свæййы «цъил»...

— Уæдæ мах дæр дыууæ уаргъы хæссæм! — размæ ракъахдзæф кодтой З æмæ Ч. Дзургæ дæр кæнæм æмæ нымайгæ дæр. Дамгъæтæ дæр стæм æмæ нымæцтæ дæр... «Æртæ» æмæ «цыппар».

— Мах та Абетæн — æххуырстытæ! Нымады дæр сæм не стæм... Фæлæ ма афæлварут æнæ махæй! Цымæ ауындзæныл дзедзырой нæ кæниккат?

— Ау, уый та куыд? — бадис кодтой Абетæ.

— Уый та афтæ: паддзах тæрхон аивта: «Простить, нельзя казнить!» Фæлæ, дам, писыр «Ферхæцыди» æмæ къæдзыг иу дзырды размæ бахауд. Æмæ паддзахы ныхас разынди афтæ: «Простить нельзя, казнить!» Æмæ дæ балгъитæг афтæ — æнаххос лæг ауындзæныл хъеллау кодта...

Уæдæ цæмæй мах дæр ма кæнæм «хъеллау», уый тыххæй иттæг хорз хъуамæ зонæм нæ ирон æвзаг! Гъемæ кæрæдзийы къухтыл ныххæцæм, раст Абетау. Уыдоны хуызæн рæсугъд æмæ сыгъдæг дзурæм иронау! Ирон æвзагæн уæд алы бон дæр уыдзæни бæрæгбон!

*Уильям ШЕКСПИР*

# ГАМЛЕТ,<br>ДАНИАГ ПРИНЦ

К л а в д и й, Данийы къарол.
Г а м л е т, раздæры къаролы фырт, ныры къаролы æфсымæры фырт.
П о л о н и й, галуаны гофмейстр.
Г о р а ц и о, Гамлеты æмбал.
Л а э р т, Полонийы фырт.
В о л ь т и м а н д.
К о р н е л и й.
Р о з е н к р а н ц. галуанмæ хæстæглæуд адæм
Г и л ь д е н с т е р н.
О з р и к.
У æ з д а н л æ г.
С а у д ж ы н.
М а р ц е л л,
Б е р н а р д о } афицертæ
Ф р а н ц и с к о, салдат.
Р е й н а л ь д о, Полонийы фæсдзæуин.
А к т е р т æ.
Д ы у у æ и н г æ н к ъ а х æ д ж ы.
Ф о р т и н б р а с, норвегаг принц.
К а п и т а н.
А н г л и с а г м и н æ в æ р т т æ.
Г е р т р у д æ, даниаг королевæ, Гамлеты мад.
О ф е л и я, Полонийы чызг.
Л о р д т æ, у æ з д а н с ы л г о й м æ г т æ, а ф и ц е р т æ, с а л д æ т т æ, м а т р о с т æ, х а б а р х æ с д ж ы т æ æмæ ф æ с д з æ у и н т æ.

*Архайд цæуы Эльсиноры.*

# ФЫЦЦАГ АКТ

## *1-аг СЦЕНӔ*

*Эльсинор. Галуаны раз фæз. Æмбисæхсæв. Ф р а н ц и с к о лæууы йæ посты. Сахат цæгъды дыууадæс. Францискомæ бацæуы Б е р н а р д о.*

Б е р н а р д о
Чи дæ?
Ф р а н ц и с к о
Нæ, дæхæдæг чи дæ? Ратт уал дзуапп.
Б е р н а р д о
Æгас цæуæд къарол!
Ф р а н ц и с к о
Бернардо?
Б е р н а р д о
Æз.
Ф р а н ц и с к о
Лæг дæ дæ дзырдæн — афоныл фæзындтæ.
Б е р н а р д о
Цæгъды дыууадæс, ацу, схуысс, Франциско.
Ф р а н ц и с к о
Кæй мæ раивтай — бузныг. Тынг ныргъæвстæн,
Мæ зæрдæ ‘нкъард у.
Б е р н а р д о
Хъалагъур куыд у?
Ф р а н ц и с к о
Мыстау у сабыр.
Б е р н а р д о
Цæй, уæдæ, хæрзæхсæв.
Куы фембæлай Горацио ‘мæ Марцеллыл,
Уæд сæ фæтагъд кæн, — раивой мæн дæр.
Ф р а н ц и с к о
Фæлæуу, кæд уыдон сты сæхæдæг. Гъей, чи стут?

*Æрбацæуынц Г о р а ц и о æмæ М а р ц е л л.*

Г о р а ц и о
Бæсты фырттæ.
М а р ц е л л
Фæсдзуинтæ къаролæн.
Ф р а н ц и с к о
Хæрзбон.

М а р ц е л л

Фæндараст, ме ‘рдхорды зæронд.
Дæу чи раивта?

Ф р а н ц и с к о

Посты ис Бернардо.
Хæрзæхсæв.

*Ацæуы.*

М а р ц е л л

Гъей, Бернардо!

Б е р н а р д о

О, зæгъ-ма,
Горацио ам ис?

Г о р а ц и о

Ме ‘мбис цыма ам ис.

Б е р н а р д о

Салам Горацио; де ‘хсæв хорз, Марцелл.

М а р ц е л л

Фæзынд та уыцы диссаджы фæлдисонд?

Б е р н а р д о

Нырма нæма.

М а р ц е л л

Горацио нымайы,
Цыма нæ цæстыл ахъазы цыдæр,
Æцæгæй ‘ндæрг дыууæ хатты кæй федтам,
Уый хоны мæнг, æмæ йын загътон æз, —
Куыд лæууа немæ хъахъхъæнæгæй ахсæв ,
Æмæ æндæрг куы фæзына, гъе уæд
Уадз йемæ дзурæд, базонæд хъуыддæгтæ.

Г о р а ц и о

Фæзындзæн уæм, уæдæ!

Б е р н а р д о

Æрбадæм, цæй,
Сты фидæрттау æхгæд дæуæн дæ хъустæ,
Фæлæ бар радт — ныббырса сæм нæ уац,
Цы федтам, ууыл.

Г о р а ц и о

Уæдæ æз æрбадон,
Цæй байхъусæм, цы нын зæгъдзæн Бернардо.

Б е р н а р д о
Æндæрæхæсæв, гъе, уалæ уыцы стъалы,
Йæ тæмæнтæ кæм калы арвыл ныр,
Гъе уым куы ссыгъд, уæд иу сахат ныццагъта,
Марцеллимæ æз...

*Бацæуы Æ н д æ р г.*

М а р ц е л л
Æнцад! Фæзынд та уæртæ, уæртæ, кæс!
Б е р н а р д о
Йæ цыд — нæ рухсыбадинаг къаролау.
М а р ц е л л
Ды фенджын дæ, Горацио, сдзур æм исты.
Б е р н а р д о
Куыд уæм кæсы, нæ къаролы хуызæн нæу?
Г о р а ц и о
Куыд ма вæййы! Мæ удыл тас æфтауы.
Б е р н а р д о
Уый фарстмæ кæсы ‘нхъæлмæ.
М а р ц е л л
Фæрс, Горацио!
Г о р а ц и о
Æхсæвдзу, чи дæ, чи радта дæуæн,
Ингæны хуыссæг даниаг паддзахы
Æнаипп хуызы бацæуыны бар?
О, ратт мын дзуапп, — фæтæрс уæлæрвтæй!
М а р ц е л л
Цæуылдæр нæм фæхæрам.
Б е р н а р д о
Иуварс ацыд.
Г о р а ц и о
Æрлæуу! Дзуапп ратт! Мæ дзырдæн аргъ ыскæн!

*Æ н д æ р г ацæуы*

М а р ц е л л
Нæ бафæндыд æй дзурын æмæ ацыд.
Б е р н а р д о
Цы ма зæгъыс, Горацио? Мауал риз тæссæй.
Нæ сæнтты равзæрд, ныр цы федтай, уый?
Дæ хъуыды зæгъ.

Г о р а ц и о

Хуыцауæй ард хæрын:
Нæ бауyæндин, фæлæ мæхæдæг федтон.

М а р ц е л л

Къаролы хуызæн тынг у!

Г о р а ц и о

Ды куыд дæ
Дæхи хуызæн, раст афтæ. Стæй йæ уæлæ, —
Норвегагимæ тохы йыл цы уыд,
Ныр дæр гъе уыцы згъæр æфсæддон дарæс.
Цъæх ихыл Польшæйæ 'рвыст лæгтæн
Куы сфæлдæхта сæ дзоныгъ, уæд куыд уыди, —
Ныр дæр уыд ахæм тар æмæ тызмæг.

М а р ц е л л

Раст ац'афон дыуyæ хатты нæ рæзты
Æрцæйцыд дысон, раздæрау сæрбæрзонд.

Г о р а ц и о

Нæу ацы сусæг бамбарын мæ бон,
Дзæгъæлы нæм кæй нæ фæзынд, уый зонын:
Нæ паддзахадыл скæндзæни фыдбон.

М а р ц е л л

Фæлæууут. Сбадæм. Чи зæгъдзæн мæнæн,
Хъалагъуртæн цæмæн фæкарздæр се 'гъдау? -
Фæндон змæлæн нæй адæмæн æхсæв.
Цæмæн удынц сармадзантæ кæныныл,
Цæмæн ласынц фæсарæнтæй гæрзтæ,
Цæуылнæ ис хуыцаубоны дæр улæфт
Нæ науаразæг плотниктæн æппын?
Цæуыл калæм нæ сау хид 'хсæвæй-бонæй,
Уый чи зæгъдзæни?

Г о р а ц и о

Бафæлварон æз.
Цы фехъуыстон, зæгъдзынæн уый. Къаролмæ,
Нæ цæсты раз кæй сурæт фестад ныр,
Лæгæй-лæгмæ ысхæцынмæ фæсидти
Норвегæгтæн сæ паддзах Фортинбрас.
Фæуæлахиз нæхи хъæбатыр Гамлет,
Йæ карды цæфæй Фортинбрас фæмард.
Хæсты размæ æууæнк æмæ æфсармæй
Уæд ахæм бадзырд фидаргонд æрцыд:
Фæхæрдуæвæг йæ зæххытæ ныууадздзæн

Йæ марæгæн. Норвегæгты бæстæ
Сæ дзырдмæ гæсгæ бацахста уæд Гамлет.
Фæлæ йæ бындар, кæстæр Фортинбрас,
Æнахъæл туг кæмæн фыцы йæ уæнгты,
Хылкъахынмæ цъæх цырен уадзы ныр,
Къæбæрæйсайгæ тугмондаг сæркъуыртæй
Уый сарæзта Норвегийы отряд.
Æппындæр нæу зын рахатæн йæ нысан:
Æнахуыр цаутæ, ног хабæрттæ дзурынц,
Йæ тых æмæ æхсаргарды фæрцы
Кæй сфæнд кодта йæ мард фыды зæххытæ
Фæстæмæ байсын. Гъе, уæдæ æмбырдтæн,
Ызнæт уавæр, фæдисæнхъæл фынтæн,
Æбæрæг тас, стæй дам-думты гуырдзæн,
Мæнмæ гæсгæ, сæ сæйраг аххос уым ис.

Б е р н а р д о

Дæ хъуыдытимæ разы дæн æз дæр.
Хъалагъуртыл хуымæтæджы нæ зилы
Æбуалгъ æндæрг - нæ къаролы æнгæс -
Уый уыд, стæй у хæстон цæхæр фæлгъауæг.

Г о р а ц и о

Мæ зæрдæйы сындзау нынныхст йæ уынд.
Куы ныррухс Рим уæлахизты тæмæны,
уæд Юлийæн йæ мæлæты хæд размæ
Æппæт ингæнтæ сафтид ысты. Мæрдтæн
Сæ дзолгъо-молгъо уынгты хъуыст. Æртæх
Уыд тугæнхъæвзт кометæты цæхæрæй,
Фæзынди хурыл сау тæппытæ; мæй,
Нептуны хъомыс чи ‘взары йæхиуыл,
Хъаймæты бонау уыд фæлмæй рынчын.
Æмæ ныр дæр æрцæуинаг хъуыддæгтæн
Сæ разæй раст фæдисæттау тæхынц
Цыдæр æрра бæрæггæнæнтæ. Уыдон
Зæхх æмæ арвы иумæйаг фæндæй
Æрвыст цæуынц нæ бæстæйы цæрджытæм.

*Æ н д æ р г æрбаздæхы.*

Фæзынди та! Æнцад! Цыфæнды уæд,
Æрцæудзæн урæд. Ма фезмæл, куырысдзау!
О, кæд дæуæн æвзаг лæвæрд фæци,
Уæд раргом кæн дæхи!

Нæ удæнцой, дæ рухсаджы тыххæй
Кæд исты хорзæх саразын хъæуы,
Уæд раргом кæн дæхи!
Кæд федтай тарæй бæстæйæн йæ хъысмæт,
Æмæ ма ис йæ фервæзынæн хос,
Уæд раргом кæн дæхи!
Кæд ды уæлæуыл галиу миты руаджы
Хæзнаты чырын баныгæдтай искуы —
Кæрæф, дам, ысты мард удтæ, зæгъынц —
Уæд раргом у! Æрлæуу! Æмæ мæм сдзур!

*Уасæг уасы.*

Марцелл, хæц ыл!

М а р ц е л л

Цæвон æй алебардæй?

Г о р а ц и о

Куы лидза, уæд!

Б е р н а р д о

Фæзынд та!!

Г о р а ц и о

Уæртæ!

*Æ н д æ р г ацæуы.*

М а р ц е л л

Ацыд.
Бынтон дзæгъæлы паддзахæн йæ ауон
Мæсты кæнæм æргом тыхгæндæй мах.
Æндæрг у мигъау, комы тæфау афтид,
Сæрхъæндзинад у йемæ тох кæнын.

Б е р н а р д о

Дзуапп раттаид, фæлæ ныууасыд уасæг.

Г о р а ц и о

Куыд фестъæлфыд, уыд аххосджын цыма,
Æмæ фæтарсти дзуапп дæттынæй. Уасæг, —
Сæуæхсиды фæндырдзæгъдæг — æваст,
Сæууон хуыцауы хъæлгæнгæ, йæ уаст
Куы райхъуысы, уæд, дам, хæтæнхуаг мард уд
Кæм фæнды к ‘уа — дæлдзæх æви уæлзæхх,
Уæлдæфы, денджызы, кæнæ цъæх арты —
Уæддæр æваст йæ хæдзармæ тындзы.
Æцæг у уый. Нæхæдæг ын æвдисæн.

М а р ц е л л
Уый уасæгæн йæ зарæгæй фæтар.
Ис ахæм хабар: алы аз зымæджы
Цыппурсæхсæвæй боныцъæхтæм раст
Нæ банцайы хæдзарон маргъы уаст.
Уæд, дам, мæрдтæ дæр рацæуын нæ уæндынц.
Æдых вæййы кæлæнгæнджыты хин,
Æхсæв — æнцад, планетæтæ - æназым,
Рæстæг вæййы зæды удау сыгъдæг.
Г о р а ц и о
Уый фехъуыстон, æмæ уырны мæн дæр.
Сæумæ у ныр, — цъæх пæлæзы фæзынд,
Сæууон æртæхтæй уæлрæгъты æрттивы.
Ныр хъалагъурты баивын хъæуы.
Хæссын фæндон: принц Гамлетæн зæгъæм,
Цы федтам, уый. Мæ сæр лыгмæ дæттын —
Æгомыг бардуаг сдзурдзæни йæ цуры.
Куыд уæм кæсы, мæ хæлæрттæ? Зæгъæм,
Нæ уарзт, нæ хæс куыд амонынц, раст афтæ.
М а р ц е л л
Мæнмæ гæсгæ, йæ зæгъын у хуыздæр,
Стæй зонын æз, кæм æй ссардзыстæм абон.

*Ацæуынц.*

## *2-аг СЦЕНÆ*

*Уый дæр уым. Галуаны уазæгуат.*

*Бацæуынц Къарол, Королевæ, Гамлет, Полоний, Лаэрт, Вольтиманд, Корнелий, уæздæттæ, фæсдзæуинтæ.*

К ъ а р о л
Нæ зæрдæ ме ‘фсымæрыл риссы,
Нæма бахус йæ ингæны сыджыт.
Нæ паддзахад хъыгæй нымпылид хъуамæ,
Гъе уыйас у нæ бæллæх æмæ маст,
Фæлæ нæ зонд æрдзимæ тохы сфидар,
Æмæ фæразæм хиуыл хæцын мах, —
Хъыггæнгæйæ хи рох кæнын нæ хъæуы.
Гъе уый тыххæй мын бинойнаг ыссис
Нæ хо, нæ чындз — нæ ныры королевæ,
Хæсты дæр чи уыд ме ‘фсымæрæн ныфс.

Хъыг æмæ цин ныр сæмхæццæ сты риуы,-
Нæ мидбылхудгæ калæм мах цæссыг.
Хъуыддаг кæнгæйæ саккаг кодтам 'гъдауæй
Æвзæрст лæгтæн сæ фæнд зæгъыны бар.
Нæ къахдзæф нын нымайынц растыл. Бузныг.
Дыккаг хъуыддаг у ахæм. Фортинбрас,
Къаролы фырт, мах мурмæ дæр нæ дары.
Цыма мæ уарзон 'фсымæры фæсмард
Нæ бæстæйы бынтон æвзæр у уавæр,
Цыма сæфæм, кæрæдзийы хæргæ,
Гъе афтæ йæм кæсы. Æмæ йæхимæ
Æркасти номдзыд фæтæг. Домы
Цы зæхх бацахста ме 'фсымæр рæстæй,
Йæ фыдæй йын кæй рамбылдта сæ тохы,
Фæстæмæ уыцы облæсттæ. Уый иу.
Ныр ам нæхи æмбырды нысан циу?
Норвегæгтæн сæ къарол, Фортинбрасæн
Йæ фыдыфсымæр, базæронд бынтон,
Кæцæй зондзæн йæ къабазы фыд фæндтæ?
Æмæ йæм мæнæ мах фыссæм, зæгъгæ,
Фыдбылыз ма 'руадз,уымæн æмæ йе 'фсад
Йæ адæм сты, æмæ сæ дары къазна.
Фыстæгимæ æрвыст цæут сымах,
Нæ дзæбæх Вольтиманд æмæ Корнелий.
Зæронд къаролæн ратдзыстут салам.
Уæ бартæ уын æгæр уæрæх нæ кæнæм.
Æгъдауы сæрты ма хизæд уæ дзырд,
Ут хиуылхæцгæ. Разæнгард ызмæлдæй,
Цæттæ кæй стут, уый бавдисут. Цæугæ.

К о р н е л и й æмæ В о л ь т и м а н д

Стæм разæнгард кæмфæнды дæр дæ дзырдæй.

К ъ а р о л

Гуырысхо уыл куы нæ кæнын. Фæндараст.

*В о л ь т и м а н д æмæ К о р н е л и й ацæуынц.*

Уæдæ, Лаэрт, цы фехъусдзыстæм ногæй?
Цыдæр куырдтай. Цымæ цы уа, Лаэрт?
Цы дæ хъæуа бæзгæ хъуыддагæн тронæй,
Гъе уый тыххæй нæ фехъусдзынæ «нæ»,
Цы нæм ис, уый дæхи цыма у афтæ.

Сæр æмæ зæрдæ, къухтæ æмæ дзых
Куыд пайда сты кæрæдзийæн, гъе афтæ —
Дæ хорз фыд æмæ Данийæн йæ трон.
Цы хъæуы дæу?

Л а э р т

Бар радт мæнæн, нæ паддзах,
Æмæ та Францмæ ацæуон фæстæмæ.
Æз уырдыгæй æрбацыдтæн, ды нын
Къарол куы сдæ, уæд уыцы цины бонмæ.
Æмæ, сæттын, куы ахицæн мæ хæс,
Уæд уырдæм ногæй сайы мæн мæ бæллиц.
Ныллæг дын кувын æмæ курын бар.

К ъ а р о л

Дæ фыд цы зæгъы? Сразы ис Полоний?

П о л о н и й

Мæн хъизæмарæй амардта, паддзах,
Йæ лæгъстæтæй мын басаста мæ хъару.
Фæндараст ын æнæбары зæгъын.
Фæндагсарæн ын саккаг кæн дæ арфæ.

К ъ а р о л

Рæстмæ фæуæд дæ балцы сæр, Лаэрт.
Æрвит дзæбæх, дæхи фæндон дæ рæстæг.
Нæ удлæууæн фырт Гамлет, ды куыд дæ?

Г а м л е т *(иуварсмæ)*

Цæй удлæууæн, цæй фырт дæн æз сымахæн?

К ъ а р о л

Дæ цæсгом та цыдæр мигътæй ныттар.

Г а м л е т

Тар нæ, фæлæ æнæхъуаджы ныррухси.

К о р о л е в æ

Ах, Гамлет, ‘хсæвау мауал у æнкъард,
Зæрдæхæларæй къаролмæ æрбакæс.
Æртхутæджы кæдмæ агурдзæн, кæ,
Дæ цæстæнгас дæ фыды сурæт. Дуне
У афтæ конд: цæрæг кæны мæлгæ,
Цы уд амæлы, свæййы уый æнусон.

Г а м л е т

У дуне афтæ конд.

К ъ а р о л

Уæдæ дæ зиан
Чи никуы ‘рцыди, ахæмыл нымайыс?

Г а м л е т

Нымайгæ нæ, уый афтæ у, æхсин.
Нæ зонын æз «нымайынтæ» 'мæ йедтæ.
Нæдæр пæлæзы, дарæсы сæнтсау,
Нæдæр уынæргъът, нæдæр хъæрзгæ тыхулæфт,
Нæдæр цæссыгты судзгæ фурд, нæдæр
Уæззау хъыджы æндæр нысæнттæн
Мæ уды рыст нæу равдисын сæ бон.
Уыдон ысты кæнгæ митæ — æвдис сæ
Раст хъазæн хъултау адæмы цæстмæ.
Мæн хъыг та нæу рæсугъд фæлгæтты 'вæрд, —
Уый у æрмæст мæ рыст удæн лæвæрд.

К ъ а р о л

Æхсызгон у, æппæлинаг у, Гамлет,
Кæй фидыс ды хъæбулы хæс хъыгæй.
Фæлæ йæ фыд дæхи фыдæн дæр амард,
Йæ фыдыфыд дæр — афтæ. Фæлæ ис
Æнкъард кæнынæн, сау дарынæн афон.
Фæлæ дæ уд хъыгæн нывондæн 'рхæсс,
Дæхи æфхæр — уый раст зонд нæу. Дзыназын
Нæлгоймагæн сæрмæ 'рхæссинаг нæу. —
Уый æрдзы фæтк гуымиры хуызы халы,
Æвдисы уый æнæуууæнк уды тар,
Куырм зæрдæйы, æнæзынг зонды тухи.
Æмæ кæмæн нæй 'нæрцæугæ зæххыл
Æрдзон тæккæ хуымæтæгдæр хъуыддæгтау,
Гъе уый ныхмæ ныццæхгæр кæн дæхи, —
Уый раст уыдзæн? Уый арвы бын рæдыд у,
Мæрдтæн — фыдæх, æрдзы ныхмæ — фыдгæнд.
Хъысмæтимæ нæй тохгæнæн æппындæр,
Куы 'рсабыр уа дæ зонд, уæд уый зæгъдзæн,
Дæ фыды, стæй æнæнымæц ингæнты
Уынгæйæ: «Раст у: афтæ хъуамæ уа!»
Фæсур дæ хъыг, æмæ нырæй фæстæмæ
Мæн хон дæхи фыд. Дуне зонæд, уадз,
Кæй ничи ис дæуæй хæстæгдæр тронмæ,
Æмæ кæд искуы иу фыдæн уыди
Йæ зæрдæйы æгæрон уарзт йæ фыртмæ,
Уæд уый æз дæн. Æрмæст мæнæн
Зын у, кæй цæуыс ногæй Виттенбергмæ,

Кæй равзæрстай ды ахуыры фæндаг,
Нæ зæрæдæмæ æппындæр уый нæ цæуы.
Лæуу ам, нæ хур, нæ мыггаджы мæсыг,
Нæ фырт æмæ нæ паддзахады хицау.

К о р о л е в æ

Дæ мад дæр куры: ма цу Виттенбергмæ,
Лæгъстæ кæнын мæ ма бауадз, мæ хур.

Г а м л е т

Æхсин, кæсын æнæ хъыпп-сыпп уæ коммæ.

К ъ а р о л

Гъе уый уæздан, сæрæн дзуапп хуыйны, гъе.
Нæ хæдзар у дæхи хæдзар. ‘Хсин, цомут.
Нæ зæрдæмæ ныккæсын кодта хур
Йæ разыйы дзырд Гамлетæн. Ныртæккæ
Гъе уый фæдыл сармадзан дзуапп дæтдзæн
Бæрзонд æврæгътæн, арвы хъæр фæзмдзæни
Зæххы нæрын — нæ нуазæнты зæланг.

*Гамлетæй фæстæмæ сеппæтдæр ацæуынц.*

Г а м л е т

Куы фестид тæф, йæхимидæг æмбигæ,
Лæгæн йæ буар — фыды уæззау къуылдых!
О, хи марын тæригъæды фыдæхыл
Куы нæ нымаид Сфæлдисæг! Хуыцау!
Æппæт дуне — йæ хъуыддæгты, йæ фæндты —
Куыд ницæйййаг, куыд къуымых мæм кæсы.
Цы ма уа ‘лгъагдæр? Сау хъамылы бын
Куыд фесæфы зæрæстон дыргъдон, афтæ
Æнарæнæй æвæгæсæг зæххыл
Гуымиры миты сау кæлæн ныттыхсти.
Уæддæр цымæ куыд рауад афтæ, куыд?
Дыууæ мæйы, кæдæй амард... Нæ, къаддæр.
Къарол уыд æрдзæй. Ай та циу? Сатир
Циу Фебы цур? Куыд тынг уарзта мæ мады,
Йæ уындæн ын рæудымгæйæ дæр тарст.
О, арв, о зæхх! Цытæ мысын дзæгъæлы?
Мæ мад дæр æм йæхи йæхæдæг ласта,
Цыма æфсæстæй стонгдæргæнгæ цыд.
Мæй рацыди... Дзæгъæл кæны мæ хъуыды!
Сылгоймæгтæ, æуyæнкхор, сайд — уæ ном!

Нæ рацыд мæй! Дзыназгæ Ниобейау
Мæ фыды уазал чырыны фæстæ
Цы басмахъты цыд, уыдон ма — дзыхъхъынног.
Уый... О, Хуыцау, хъыг кæныны бæсты
Æнæзонд сырдау баздæхт æмæ уайтагъд
Мæ фыдыфсымæр сси йæ лæг, йæ мой, —
Цы ис мæнмæ Гераклы хуызæнæй,
Ис уымæ дæр мæ фыды хуызæй уый.
Мæйы фæстæ! Цæстфæливæн — йæ цæссыг,
Нæма бахус, йæ цæстытæ ма — сырх,
Гъе афтæмæй хъæццулы бын фæиу сты!
Нæ, хорздзинадмæ не 'ркæндзæни уый!
О, зæрдæ, аскъуый, бамбæхс уал дæ хъыг.

*Æрбацæуынц* *Горацио*, *Марцелл* *æмæ* *Бернардо*

Горацио
Салам дын, принц!
Гамлет
Хуыцау уæ хизæд низæй.
Гораций, ды? Æви мæ сайы цæст?
Горацио
Йæхæдæг, принц, — ингæны уонг дæ цагъар.
Гамлет
Уый фенгæйæ у: чи кæмæн — цагъар.
Цы дымгæ дæ æрхаста Виттенбергæй? —
Марцелл, ды дæ?
Марцелл
Æз дæн, нæ зынаргъ принц.
Гамлет
Æхсызгон у мæнæн. Дæ изæр хорз, Бернардо.
Дæу та цы 'рхаста Виттенбергæй уæд?
Горацио
Нæ уæздан принц, мæ зивæг мыл фæтых и.
Гамлет
Нæ зæгъид уый дæ фыдгул дæр дæуæй,
Мæстæй мæнæн цæмæн марыс мæ хъустæ,
Дæхиуыл алы хахуыртæ мысгæ?
Æз зонын дæу: циу зивæг, уый нæ зоныс.
Цæмæй дыл бацин кодта Эльсинор?
Иннæтау ам фæцалх уыдзынæ нозтыл.

Г о р а ц и о

Ӕрцыдтæн æз дæ фыды зианмæ.

Г а м л е т

Нæ,

Мæ хæлар, ма мыл худ. «Дæ мадæн
Йæ чындзæхсæвмæ» — афтæ зæгъ фæлтау.

Г о р а ц и о

О, раст зæгъгæйæ, тынг тагъд уыди хъуыддаг.

Г а м л е т

Сæ хъавд уыд раст: æнæ хæрзтæй, Гораций, —
Сæ чындзæхсæв уыд хисты фынгтæй конд.
О, уыцы бон мыл макуы скæнæд ногæй,
Фæлтау зындоны знагимæ цæрин.
Мæ фыд — цыма та февзæрди мæ размæ.

Г о р а ц и о

Кæм, принц?

Г а м л е т

Мæ уды цæстыты, Горацио.

Г о р а ц и о

Цы уыди, уымæй уыд къарол — зыдтон æй.

Г а м л е т

Кæй уыдис адæймаг, гуырысхойаг нæу уый.
Ӕз нал фендзынæн ахæм лæг уæлæуыл.

Г о р а ц и о

Гъе уæдæ, принц, дысон æхсæв уый ам уыд.

Г а м л е т

Уыд? Чи?

Г о р а ц и о

Къарол, дæ фыд.

Г а м л е т

Мæ фыд?

Г о р а ц и о

Ӕрсабыр у æмæ фæхæц дæхиуыл,
Дæ дис æмбæхсгæ байхъус ды мæнмæ.
Ӕз радзурон æвдисæнты цур мæнæ
Ӕнахуыр цау.

Г а м л е т

О, курын: тагъддæр дзур!

Г о р а ц и о

Дыууæ ‘хсæвы хъарагъулы фæд-фæдыл

Марцелл ӕмӕ Бернардойыл ӕрцыд
Мӕрдон мӕйдары ‘нӕкӕрон тыгъдады
Ӕгӕнон диссаг. Конд ӕмӕ уындӕй —
Дӕ фыд йӕхӕдӕг. Къахӕй сӕрмӕ ифтонг
Хӕцӕнгӕрзтӕй, паддзахы цыд — йӕ цыд,
Вӕййы ма се ‘хсӕн иу санчъех ӕрмӕстдӕр,
Гъе афтӕмӕй ӕртӕ хатты фӕзынд.
Фыр тӕссӕй цавддур фестадысты адон,
Ӕбуалгъ сусӕгӕй фестад их сӕ туг.
Куы радзырдтой мӕнӕн ӕвиллон хабар,
Уӕд семӕ ‘хсӕвгӕс рацыдтӕн ӕз дӕр,
Ӕмӕ зӕгъын: цы федтой, уый ӕцӕг у,
Ӕнахуыр ауuон уыц’ афон фӕзынд.
Зыдтон дӕ фыды. Сты ӕмхуызон, бауӕнд,
Мӕ дыууӕ къухау.

Г а м л е т

Ӕмӕ уый кӕм уыд?

М а р ц е л л

Кӕм фӕлӕууы хъалагъур, уым — фӕзы.

Г а м л е т

Ӕмӕ нӕ дзырдтай йемӕ?

Г о р а ц и о

О, дзырдтон.
Ӕрмӕст дзӕгъӕлы. Фӕлӕ иу уысм тары,
Йӕ сӕр, йӕ уӕнгты фезмӕлдмӕ гӕсгӕ,
Ӕз фенхъӕлдтон, цыма ныртӕккӕ сдзурдзӕн,
Фӕлӕ уӕдмӕ ныууасыд уасӕг дард,
Ӕмӕ ӕваст уый фестъӕлфыд йӕ хъӕрӕй,
Гъе стӕй цыдӕр ӕрбаци.

Г а м л е т

Н’ арын дзырд!

Г о р а ц и о

Хӕрын дын ард мӕ цардӕй, принц: ӕцӕг у
Цы федтам уый, ӕмӕ дын ӕй зӕгъӕм.

Г а м л е т

О, афтӕ, о...Ӕрсабыр уон... Ныртӕккӕ...
Хъалагъур чи у ахсӕв?

М а р ц е л л ӕмӕ Б е р н а р д о

Мах, милорд.

Гамлет
Гæрзифтонг уыд?
Марцелл æмæ Бернардо
Сæрæй къæхтæм — гæрзифтонг.
Гамлет
Суанг йе счъилтæм?
Марцелл æмæ Бернардо
Суанг йе счъилтæм, бæгуы.
Гамлет
Уæдæ йын уæд йæ цæсгом дæр нæ федтат?
Горацио
Куыд нæ, йæ цæсгом згъæр худæй зынди.
Гамлет
Тызмæг уыди? Ælхынцъæрфыг?

Горацио
Уый касти
Мæстыйæ нæ, фæлæ бынтон æнкъардæй.
Гамлет
Фæлурс уыди йæ цæсгом æви сырх?
Горацио
Бынтондæр урс.
Гамлет
Æмæ уæм каст æдзынæг?
Горацио
Уысм не суагъта йæ цæстæнгас мах уæгъд.
Гамлет
Куы фенин æй!
Горацио
Дæ сæрызонд фæцæудзæн.
Гамлет
Цы нæ вæййы. Уый бирæ фæци уым?
Горацио
Сæдæйы уонг уыд банымайæн рогæй.
Марцелл æмæ Бернардо
Фылдæр, фылдæр.
Горацио
Нæ уыд фылдæр мæ цуры.
Гамлет
Йæ зачъе урс уыд?

Г о р а ц и о

Нæ, бынтон урс нæ,
Ӕгасæй йын куыд халасдзагъд уыд, афтæ.

Г а м л е т

Лæууын æз уемæ, чи зоны æмæ
Фæзындзæн ахсæв дæр.

Г о р а ц и о

Фæзына хъуамæ.

Г а м л е т

Ӕмæ куы райса ног мæ фыды сурæт,
Уæд мын зындон куы ныхгæна мæ дзых,
Уæддæр æз йемæ аныхас кæндзынæн.
Сымахæй та дæн уый курæг, цæмæй
Ӕнахуыр цау, нылонг кæй кодтат сусæг,
Уый ма схъæр кæнат макæмæн ныр дæр.
Цы ‘рцæуа ахсæв, агурут уым мидис,
Фæлæ йæ дзургæ ма кæнут. Уæ хорз
Нæ уыдзæн рох. Хуыцауыл уæ фæдзæхсын.
Фæзындзынæн дыууадæсмæ хæстæг
Сымахмæ.

С е п п æ т

Мах — дæ цагъартæ, нæ принц.

Г а м л е т

Цагъартæ нæ, — мæ хæлæрттæ. Фæндараст.

*Гамлетæй фæстæмæ иннæтæ ацæуынц.*

Мæ фыды ‘ндæрг æд хотыхтæ! Бæллæх!
Цы сайы уый? Куы ‘рталынг уаид тагъддæр!
Мæ уд, фæраз! Зæххы бынæй дæр скъах
Хæрам митæн, фыд хъуыддæгтæн сæ фæдтæ.

*Ацæуы.*

## *3-аг СЦЕНӔ*

*Уый дæр уым. Уат Полонийы хæдзары.*
*Бацæуынц Л а э р т æмæ О ф е л и я.*

Л а э р т

Сты науы голджытæ. Хæрзбон, мæ хо.
Кæдæм цæуын, гъе уыцырдæм куы хæссой
Дымгæтæ науты, ма кæ уæд фынæй —
Ӕрвит хабар.

О ф е л и я

Гуырысхо ма кæн ууыл.

Л а э р т

У Гамлетæн йæ уарзты узæлд тут,
Цъæхæй рæгъæд æрыгон туджы монцау.
Йæ ныхæстæ сты уардийы тæмæн, —
Хъызт уазалы æнæмæлгæ кæмæн нæй,
Сæ тæф цæры цæстыныкъуылды бæрц,
Сты афтид, ницы.

О ф е л и я

Афтид, ницы?

Л а э р т

Ницы.
Канд нуæртты тыхæй царды рæзт нæу барст.
Куыд рæзы буар, сыгъдæг дзуарау дзы афтæ
Æнæмæлæт уд, зонды бар рæзы.
Уадз уарзæд уый сыгъдæг зæрдæйæ абон,
Йæ æнкъарæнтæ уæнт нырма сыгъдæг.
Тæрсгæ-ризгæйæ ахъуыды кæн: чи у?
Йæхæдæг нæу йæхи хицау: у ‘рмæст
Йæ ном, йæ туг, йæ бынаты уацайраг,
Æмæ йын нæй фæндон цæрыны бар.
Уый равзæрста хъысмæт, æмæ йæ митæй
У аразгæ нæ паддзахады фарн.
Йæхæдæг ницы саразздзæн — сæ сæргъы
Кæмæн лæууы, уыдон кæнынц хъуыддаг.
Уадз дзурæд уал, цыма дæ уарзы бирæ,
Æууæнд ыл уыйбæрц, цас кæна æххæст
Йæ дзырд хъуыддагæй. Фæлæ зон æрмæст
Йæ бон нæу ницы Данийы æвæндæй.
Ныр бамбæрстай, цы зынгæй хъазыс уый?
Йæ зарджытæ йын уарзондзинад хоныс?
О, цас уыдзæн дæ худинаг, дæ хъыг,
Йæ мондæгтæ куы суадза уый дæ уды
Сыгъдæг, æнæвнæлд стыр хæзнатæй, уæд!
Рынау дæхи мæнг уарзты монцæй хъахъхъæ,
Тæрсгæ, мæ хо Офелия, тæрсгæ!
Дзуапп макуы радт æмуддзинадæй уымæн.
Чындздзон чызгмæ мæй рудзынгæй куы ‘ркæсы,
Уæд уымæй дæр къæмдзæстыг хъуамæ уа.

Хæрзгæнæгыл цъыф бакалын æнцон у, —
Зыдæй фæхæры ног æвзарты зулкъ.
Сæууон æртæхыл, райсомæй, дзæгæрæг
Æххæст куы нæма райхæлы, уæд æм
Дзæвгар, дзæвгар æмхицдæр вæййынц низтæ.
Фæлæ æвæлтæрд мон удæн, æмбар, —
Йæ хуыздæр хъахъхъæнæг æфсарм.

О ф е л и я

Мæ уд мын алкæд хъахъхъæндзæн дæ ахуыр.
Мæ хорз æфсымæр, ма бакæ æрмæст
Мæнг сауджыны ми, чи кувы уæлæрвтæм,
Зын фæндагыл нæ чи цæуын кæны,
Йæхæдæг та æдзæсгомæй фæсауон
Æнæфсарм митæ чи кæны æмæ
Сырх чи нæ кæны.

Л а э р т

Ма мын фæтæрс уымæй.
Кæнын фæстиат. Мæнæ, кæс, нæ фыд.

*Æрбацæуы Полоний.*

Дыккаг арфæ — дывæр амонд бæлццонæн,
Кæрæдзийæн та ног зæгъæм хæрзбон.

П о л о н и й

Лаэрт, кæм дæ? Цæугæ! Фæхуд дæхиуыл!
Йæ пæлæз систа нау, дæ фæндаг — даргъ,
Ды та кæм дæ? Фæндагсарæн мæ фæдзæхст
Ныффысс дæ фындзыл м' арфæйимæ ды:
Дæ фæнд, дæ бæллиц дар æдзух æмбæхстæй,
Æнæрцæф митæ макуы хæсс сæрмæ.
Хуымæтæг у, къæбæрæфсымæр ма дар,
Æууæнкджындæр, хуыздæр æмбæлттæй скæ
Цæфуромæг ызгъæр хæдон дæхицæн.
Фæлæ дæ къухтæ ма схауæнт тæппал
Дзæгъæлцæуджыты къухистытæй. Ма кæ
Хылтæ, фæлæ куы бацæуай хылы,
Уæд цæв, цæмæй дæ ма цæвой æндæртæ.
Хъус алкæмæ, дæхæдæг къаддæр дзур,
Быцæу-иу ма кæ, дар дæ хъуыды 'мбæхстæй.
Дæ дарæс уæд дæ чыссæмæ гæсгæ
Зынаргъ, гъе 'рмæст æгæр хъал ма у франтау.

Уæлæдарæсæй базонынц лæджы, —
Уæлдай фырнымд сты Францийы уæздæттæ,
Сæ цæст уынаг у. Макуы радт æфстау,
Стæй ма ис хæс. Æхца æфстау куы дæдтай,
Уæд де 'хца дæр, дæ лымæнтæ дæр — сæфт.
Æфстау дæттын фæстауæрцæн у йе 'знаг.
Æппæты сæр: дæхи цæрайæ цæр.
Æмæ цæудзæни раст фæткыл дæ хъуыддаг,
Куыд ралæууы æхсæвы фæстæ бон.
Фæндараст ныр. Мæ дзырдтæ дар дæ зæрдыл.

Л а э р т

Хæсджын кæны дæ намыс мæн. Хæрзбон.

П о л о н и й

Лæггадгæнджытæ рагæй кæсынц 'нхъæлмæ.

Л а э р т

Хæрзбон, Офелия. Дæ зæрдыл фидар дар
Мæ ныхæстæ.

О ф е л и я

Сты дуарæхгæд мæ риуы,
Дæгъæл та демæ айс.

Л а э р т

Дзæбæх мын ут!

*Ацæуы.*

П о л о н и й

Цæуыл уыди, Офелия, уæ ныхас?

О ф е л и я

Фæнды дæ зонын? Принц Гамлеты тыххæй.

П о л о н и й

Ах, афтæ у? Æгайтма. О. Мæ хъустыл
Æрцыд, цыма дæ нал уадзы æнцад,
Æмæ йæ цыма сфыдуаг кодта — дзурынц —
Дæ хъарм цæстæнгас. Уый æцæг у кæд, —
Мæнæн та афтæ радзырдтой дæ хабар —
Уæд дын æз хъуамæ бауайдзæф кæнон, —
Дæуæй чызджы сыгъдæг æфсарм куыд домы,
Дæхи нæ дарыс афтæ хорз. Цы ис
Сымах æхсæн? Æргомæй зæгъ дæ фыдæн.

О ф е л и я

Фæкæны мыл хæлары узæлд уый
Æуууæнкагæй.

П о л о н и й

Гъы, бакæсут ма уымæ!
Æууæнкагæй, дам! Уыдæттæн цымæ
Цы ‘мбарыс ды? Кæй хоныс «узæлд», уымæ, —
Дæхæдæг та цы цæстæй кæсыс уæд?

О ф е л и я

Дæ фарстæн дын цы дзуапп радтон, нæ зонын.

П о л о н и й

Мæ зондмæ хъус: дæндæгтæ не сты цыхт,
Дæ зæрдæмæ йæ сæртæг митæ ма хæсс.
Æууæнк цы у? Зынаргъдæр исты дом,
Кæннод кæугæ æдылыйы бынаты
Дæ æууæнкимæ баззайдзынæ ды.

О ф е л и я

Мæ фыд, уый райхæлдта уæздан æгъдауæй
Йæ уарзт мæнæн.

П о л о н и й

Уæздан! Æгъдау! Уæдæ!

О ф е л и я

Ард бахордта хуыцæуттæ æмæ зæдтæй
Йæ ныхæсты рæстдзинадыл мæнæн.

П о л о н и й

Уый цъиуахсæн къæппæг у! Æви мæ ферох,
Куы фыца туг, уæд сомытæм æвзаг
Кæй вæййы рæвдз! Фæлæ дзы хъарм нæ вæййы,
Цæст атар кæнынц, стæй ахуыссынц æваст.
Арт ма фенхъæл сæ мæнг æрттывд, мæ хъæбул,
Уадз алчидæр дæ ныхасмæ бæллæд,
Дæхæдæг та у хиуылхæцгæ алкæд,
Куы дæм сидой — сæ цурмæ ма кæн тагъд.
Ис иунæг хуызы Гамлетыл æууæндæн, —
Кæй у æвзонг, фылдæр кæй у йæ бар;
Æппындæр ыл куы нæ ‘ууæндай — хуыздæр у.
Уæлдайдæр та йæ сомытыл — сты мæнг,
Цы сын æнхъæлæм, уый нæ вæййынц царды,
Æмæ фæлтæрдджын сайæгойтау раст
Сæ улæфт свæййы рухс дзуæрттау æназым,
Цæмæй нæ уымæй афæливой. Мæн
Нæ фæнды уый, зæгъын ма йæ, цæмæй дыл

Уысмы бæрц дæр принц Гамлеты фыдæй
Æрхауа ауон аххосау. Ныр ацу.
Дæ зæрдыл дар.

О ф е л и я

Кæсын дæ коммæ æз.

*Ацæуынц.*

### *4-æм СЦЕНÆ*

*Уый дæр уым.*

*Фæз галуаны цур. Бацæуынц Г а м л е т, Г о р а ц и о æмæ М а р ц е л л.*

Г а м л е т

Дымы æмæ хуынчъытæ кæны уазал!

Г о р а ц и о

Зымæджы хъызтау буары хизы раст.

Г а м л е т

Цы афон у?

Г о р а ц и о

Уыдзæни тагъд дыууадæс.

М а р ц е л л

Фылдæр. Ныццагъта сахат.

Г о р а ц и о

Ау? Æз æй
Нæ фехъуыстон. Æрцыд уæдæ рæстæг, —
Раст ацы афон рацæйцæуы ауон.

*Сценæйы æдде уадындзты уаст, сармадзаны гæрæхтæ.*

Циу уый та, принц?

Г а м л е т

Хуыссæг нæ хæцы къаролыл. Æнцъухы
Цæлæфсæстæй раст боныцъæхтæм сæн.
Куы  ахус кæны рейнаг сæны нуазæн,
Уæд та ныннæры сармадзан, цыма
Æрцыд уæлахиз.

Г о р а ц и о

Æмæ уый æгъдау у?

Г а м л е т

Цы дын зæгъон — уæууæй. Дæн ахуыр æз
Уыдæттыл. О, æгъдау ис ахæм,
Йæ кæнынæй йæ фесафын хуыздæр

Кæмæн у. Уыцы расыджы цæлгуывдтæн
Ныхъхъæр цæгатæй скæсæнмæ сæ кад,
Æмæ нæ алкæм худинаг фæкодтой.
Хуытæ æмæ къупритæ — нæ ном.
Æмæ нын уый нæ кад æмæ нæ намыс,
Нæ хъуыддæгтæ тæры дæлæмæ тынг.
Лæджы хабар дæр афтæ вæййы хатгай:
Зæгъæм, уый аипп рахаста гуырдзæй,
Уæд уый цæмæй у аххосджын? Йæхицæн
Ныййарджытæ куы нæ 'взæрста, мыййаг,
Кæнæ, зæгъæм, йæ уды конд нæ бæззы,
Кæнæ та йын нæ фаг кæны цыдæр,
Æмæ йæхи фæткыл дарын нæ зоны —
Цыбырдзырдæй, чысыл аипп дæр уæд
Фæнды гуырдзæй, фæнды æнæуи афтæ —
Æгад уыдзæн уый иннæты цæсты,
Йæ цард æмæ йæ хъуыддæгтæ куы фестой
Сыгъдæг, Хуыцауы арфæйау, уæддæр.
Фыдæхы уыцы иунæг къæмы руаджы
Фæкæны хорзæх доны къусы сæфт.
Хъыгаг у уый.

Г о р а ц и о

Принц, уæртæ и, кæс-ма!

*Бацуы Æ н д æ р г.*

Г а м л е т

Фæдзæхсын, дзуæрттæ, æз мæхи сымахыл!
Ды рухс дуаг дæ, æви хæрамы зæд,
Дзæнæты улæфт дæ, æви зындоны,
Ды фарн хæссыс, æви хæссыс фыдæх,
Дæ фæзындæй фæдæн æрвдзæфау мæнæ,
Æмæ дæ хъуамæ бафæрсон æргом:
Ды чи дæ, 'мæ цы дæ? Мæ фыд дæ — Гамлет,
Нæ къарол æмæ Данийы паддзах?
Дзуапп ратт! Сæфын нæ ма бауадз куырмæджы.
Зæгъ-ма, цæмæн сты сау мæрддзæгтæ пырх
Дæ цырты стджытыл? Ингæны къæйтæ,
Кæм федтам мах дæ мард 'ртхутæг, гъе уыдон
Цы тых стыдта, цы тых сæппæрста дæу?
Куыд бамбарæм, кæй зилыс зæххыл мардæй

Дæ хотыхтимæ, уый дæр? Стæй мæйрухс
Дæ аууонæй цæмæн кæныс æнкъарддæр?
Нæ зонд нæ ахсы уыйбæрц, 'мæ нæ ма 'ппар
Æвирхъау тасы, базоныны амал
Кæмæн нæй, ахæм диссæгтæй. Цæмæн?

*Æндæрг йæхимæ сайы Гамлеты.*

Г о р а ц и о
Уый амоны, цæмæй цæуай йæ фæдыл,
Дæуæн æй цыма иунæгæй фæнды
Цыдæр зæгъын.

М а р ц е л л
Кæсут-ма йæм, куыд хоны
Уæзданхуызæй æхсæвы тармæ дæу.
Фæлæ йын ма ком.

Г о р а ц и о
Ницæй тыххæй зæххыл.

Г а м л е т
Ам дзуапп нæ ратдзæн, æмæ æз цæуын.

Г о р а ц и о
Нæ хъæуы, принц.

Г а м л е т
Цæуылнæ уæд? Нæ тæрсын —
Нæ кæнын цардæн доны къусы аргъ.
Æмæ мæнæн цæмæй тас у мæ удæн,
Мæлæт, æндæргау, уымæн дæр куы нæй.
Уый сиды ногæй. Бацæуон хæстæгдæр.

Г о р а ц и о
Куы басайа уый донмæ дæу, мыййаг,
Кæнæ тæссаг сæрсæфæны кæронмæ,
Кæм лæууы айнæг денджызгæрон, уым
Æваст йæхи куы фестын кæна исты,
Дæ зонд фæцæудзæн уæд, æмæ бынмæ
Дæу фесхойдзæн. Ды ахъуыды кæн ууыл.
Æнæуый дæр тæссаг куы у къæдзæх,
Сæр разилы, куы бацæуай йæ тигъмæ, —
Дæле кæмдæр уым абухы мæстæй
Æнæнцой денджыз.

Г а м л е т
Сиды ногæй, сиды.
Цæугæ! Цæуын!

М а р ц е л л

Дæу н ‘ауаддзыстæм!

Г а м л е т

Иуварс!

Г о р а ц и о

О, байхъус нæм.

Г а м л е т

Мæ хъысмæтæн йæ хъæлæс
Æз хъусын ныр. Фæранчы тыхæй уый
Кæны мæнæн æрдынæлвæст мæ нуæрттæ.

*Æндæрг æм сиды.*

Йæ фæдыл хоны мæн. Уæздæттæ, иуварс!
*Йæхи сæ ратоны.*
Куы мæ уромат — фестдзыстут æндæргтæ!
Æз загътон — иуварс! Цу. Дæ фæдыл — æз.

*Æ н д æ р г æмæ Г а м л е т ацæуынц.*

Г о р а ц и о

Æндæрджы уындæй сæрра ис бынтондæр.

М а р ц е л л

Йæ фæдыл цом, цæмæн æм хъусæм мах?

Г о р а ц и о

Цæуæм, фæлæ цы диссæгтæ сты адон?

М а р ц е л л

Цыдæр æмбыд тæф Данийы зæххыл.

Г о р а ц и о

О, стыр Хуыцау, мах де уазæг.

М а р ц е л л

Цом тагъддæр.

*5-æм СЦЕНÆ*

*Уый дæр уым. Фæзы дарддæр ран.*
*Бацæуынц Æ н д æ р г æмæ Г а м л е т.*

Г а м л е т

Кæдæм мæ хоныс? Нал цæуын æз дарддæр.

Æ н д æ р г

Уæдæ мæм хъус.

Г а м л е т

О, хъусын дæм.

Æ н д æ р г

Мæ рæстæг
Фæци, æмæ фæстæмæ здæхын ныр
Зындоны арты хъизæмар кæнынмæ.

Г а м л е т

Мæгуыр æндæрг!

Æ н д æ р г

Тæригъæд нæ, фæлæ мæм хъус
Æмæ мыл баууæнд.

Г а м л е т

Байхъусын — мæ хæс.

Æ н д æ р г

Стæй тугисын, куы фехъусай æппæтдæр.

Г а м л е т

Цы?

Æ н д æ р г

Æз — дæуæн дæхи фыды æндæрг,
Мæ зæххон азым цалынмæ бынтондæр
Фæнык нæ феста, гъе уæдмæ — æлгъыст,
Зæхх æмæ арвæй хъодыгондæй зилын
Æхсæв бæстыл, цъæх арты судзын бон.
Нæ фæтчиаг у м ‘ахæстоны сусæг,
Мæ таурæгъы тæккæ рогдæр дзырдтæй
Дæ цæстытæ ысхауиккой сæ къуырфæй,
Дæ уд кæуид, ныууазал уаид туг,
Ныллæууиккой дæ сæрыхъуынтæ арцау,
Æмæ сæ иугай тонид, скъуынид маст.
Фæлæ Хуыцау зæххон лæгæн нæ радта
Æнусондзинад бамбарыны фæтк.
О, хъус-ма, хъус-ма, хъус-ма! Искуы
Æцæгæй ды дæ фыды уарзтай ды...

Г а м л е т

О, стыр Хуыцау!

Æ н д æ р г

Йæ туг ын райс лæгмарæй.

Г а м л е т

Уый амардтой?

Æ н д æ р г

О, уый куыд æрцыд мард,
Æбуалгъдæр ми нæма æрцыди уымæй.

Г а м л е т
Цæй дзур, цæмæй æз базыртыл тæхон
Бæллиц æмæ фыцгæ хъуыдыйæ тагъддæр
Мæ туг исынмæ.
Æ н д æ р г
Дæ цæттæ, уынын.
Цы уаис ды? Æмбыд, фынæй цъымара,
Мæрдон хæрвы лæугæ донау, ныр ам
Куы нæ ризис æмризæджы. Хъус, Гамлет.
Ис хабар, цыма дыргъдоны мæныл
Фынæйæ калм фæхæцыд. Дани
Æрцыд æлгъаг, æдзæсгом сайдæй сайд.
Лæппу, мæ хæрзгуырд, базонай ды хъуамæ,
Дæ фыды дын цы калм амардта, уый
Йæ троны бады.
Г а м л е т
Уый зыдта мæ зæрдæ!
Мæ фыдыфсымæр?
Æ н д æ р г
О.
Джырыззаг миты тугхæстæг кæмæн нæй,
Гуырдзæй рахæсгæ хин æмæ кæлæнæй
(Æлгъыст фæуæд лæджы гъе уыцы уæх,
Нæ цард нын чъизи чи кæны) æрсайдта
Йæ хуыссæнмæ къаролы усы уый.
Цы ма уа уымæй худинагдæр, Гамлет!
Мæ бæрзонд уарзт, мæ ардбахæрды рухс
Кæй тавта хурау, чи цыди мæ фарсмæ
Сыгъдæг зæдау, æрхауди уый бынмæ,
Мæ цуры ницæййаг чи у, ахæм
Цæрæгоймæ.
Æнæгъдау ми — цыфæнды адджын фестæд, —
Хæрзгæнæг æм нæ бабæлдзæн уæддæр.
Фæлæ зæды хъæбысы дæр хъапхай лæг
Рæвдыдæфсæстæй райдайдзæн хæрын
Хæдмæлтæ дæр.
Фæтагъд кæнон. Сæумæйы уазал ирдгæ
Æрбадымдта. Хъус дарддæр. Иухат æз
Фынæй куы кодтон дыргъдоны фæссихор,
Æрбахъуызыд дæ фыдыфсымæр уæд

Æмæ мын карз марг ауагъта мæ хъусты,
Йæ иунæг ‘ртах дæр уыцы маргæн уыд
Джынасуйау — хуылфыдзаумæтты, уæнгты
Цæстыныкъуылдмæ чи ахъары, туг
Æваст кæмæй æрбацахсы, æхсырыл
Цыма ныччынди уксус,афтæ раст.
Мæныл дæр ахæм бон уыд. Уайтагъд
Æвирхъау сау тæппæлтæ æмæ хæф,
Æмбигæ цъæй æз къахæй сæрмæ ‘рбадæн,
Кæддæр куыд уыди Лазæрæн йæ буар
Гъе афтæ раст.
Гъе афтæ байста ме ‘фсымæры марг
Мæнæн мæ цард, мæ коронæ, мæ усы.
Мæ царды цъуппыл анығуылд мæ хур,
Мæ тæригъæдтæ мын не систой уæлæуыл,
Æмæ йæ «рухсаг» агуры мæ мард,
Гъе афтæмæй мæ тагъд-тагъдæй зындоны,
Æдзæттæйæ, Тæссаг тæрхоны цур
Æрлæууын кодтой, ме ‘фцæгыл та ауыгъд
Мæ фыдгæндтæ. Уæуүæй, уæуүæй, уæуүæй!
Кæд ды æрдзæй æххæст лæг дæ, уæд ма ‘ртас,
Уæд Данийæн йæ къаролты хуыссæн
Гадздза æмæ æнаккаг митæн ма радт.
Куыдфæнды ис дæ маст, фæлæ дæхи уд
Сыгъдæгæй дар, стæй ма бафхæр, мæ фырт,
Дæ мады дæр, уый йе ‘фсарм дæр æргæвддзæн,
Тæрхон та йын кæндзæн æрмæст Хуыцау.
Ныр та хæрзбон. У афон. Уæлæ стъалы
Хуыссын кæны йæ рухс — сæумæ у ныр.
Хæрзбон, хæрзбон, ды ма ферох кæн дæ фыды.

*Ацæуы.*

Г а м л е т

О, арв! О, зæхх! Цы ма мæм кæсы ‘нхъæлмæ?
Зындон? О, зæрдæ, зæрдæ, ма аскъуый мæстæй,
Фæлæуут фидар, ма фæтасут, зæнгтæ!
Лæуут æмраст. Дæу ферох кæнон æз?
Кæдмæ 'мбара мæнæ ацы къори исты,
Уæдмæ мæ рох нæ уыдзынæ, мæгуыр,
Фæлтау мæрдрохæн ратдзынæн æппæтдæр —

Æнкъарæнты нысæнттæ, чингуыты дзырдтæ,
Æцæг хабæрттæ, таурæгътæ, мæ сæнттæ —
Мæ сабидугæй чи баззад мæнæн,
Æмæ æрмæст дæ иунæг карз фæндонæй
Ныффысдзынæн кæрæй-кæронмæ æз
Сыгъдæг къухæй сæрымагъзæн йæ чиныг
Хуыцауы раз. О, ус-бирæгъ, мæнгард,
Бынтон ницы, йæхæдæг мидбыл худы.
Кæм и мæ грифель — афыссон æй ам, —
Ис мидбылхудгæ адæймаджы счъилтæ
Фæсте лыггæнæн. Кæд æппæт ран нæ,
Уæддæр уый Данийы æцæгæйдæр у афтæ.

*Фыссы.*

Фыдыфсымæр, цæттæ дæ. Ныр мæ хæс —
«Хæрзбон, хæрзбон, ды ма ферох кæн дæ фыды».
Æз ууыл ард хæрын.

Г о р а ц и о æмæ М а р ц е л л *(фæссценæ)*
О, принц!

М а р ц е л л *(фæссценæ)*
Принц Гамлет!

Г о р а ц и о *(фæссценæ)* Кæм ис?

Г а м л е т
Хуыцау зæгъæд.

Г о р а ц и о
Огъо-гъо-гъо, милорд!

Г а м л е т
Огъо-гъо-гъо, æз цуан кæнын, хæлæрттæ!

*Бацæуынц Горацио æмæ Марцелл.*

М а р ц е л л
Цæй, куыд, милорд?

Г о р а ц и о
Цы ма федтай, милорд?

Г а м л е т
О, диссæгтæ.

Г о р а ц и о
Уæддæр?

Г а м л е т
Фæкой кæндзыстут хабар.

Г о р а ц и о
Нæ, никæддæр, милорд!
М а р ц е л л
Æз дæр, милорд.
Г а м л е т
Цæй, хорз уæдæ. Ныр афтæ ‘нхъæл та чи уыд...
Æрмæст нæхи ‘хсæн?
Г о р а ц и о æмæ М а р ц е л л
Уый уыны Хуыцау.
Г а м л е т
Нæ, Данийы нæй иу ахæм æнаккаг,
Фæлитой чи нæу йе ‘взæры уæле.
Г о р а ц и о
Ды раст кæй дæ, уый ‘вдисынæн нæ хъæуынц
Мæрдтæй сыстæг æндæргтæ.
Г а м л е т
О, гъай-гъай.
Уæдæ ма, цæй, кæрæдзи къухтæ райсæм,
Æнæ уæлдай дзæгъæл митæй ‘мæ цом.
Сымах кæнут уæхи хъуыддæгтæ, фæндтæ, —
Йæхи хъуыддæгтæ алкæмæ дæр ис. —
Æз та — мæхи: мæгуыр æмæ тыхсаст лæг,
Фæцæуын кувынмæ.
Г о р а ц и о
Фæлæуу, милорд,
Дæ дзырдтæ сты хæццæ-мæццæ.
Г а м л е т
Ныббарут,
Фæхудт уæ зæрдæ.

Г о р а ц и о
Уым зæрдæхудт нæй.
Г а м л е т
Ис, ис, Горацио, ард хæрын Патрикæй!
Цы æндæрг федтам, уымæй та зæгъын:
Ымаинаг у раст лæгау, æууæнкджын.
Ныр уый тыххæй фылдæр зоныны фæнд
Фæсурут дард. Æфсымæртæ, хæлæрттæ,
Мах баиу кодтой скъола æмæ цирхъ, —
Æмæ уæ курын.

Г о р а ц и о

Аргъ уыдзæн дæ дзырдæн.

Г а м л е т

Цы ‘рцыди, уый — нæфæтчы — дзурæн нæй.

Горацио æмæ Марцелл

Нæ зæгъдзыстæм.

Г а м л е т

Ард бахæрут.

Г о р а ц и о

Мæ номæй

Æз ард хæрын.

М а р ц е л л

Мæ номæй ард хæрын.

Г а м л е т

Мæнæ мæ цирхъ — ард бахæрут.

М а р ц е л л

Стæм ардхæрд.

Г а м л е т

Нæ, бахæрут мæхи цирхъыл уæ ард.

Æндæрг(*сценæйы бынæй)*

Ард бахæрут!

Г а м л е т

Æгъа, зæронд, дæу фæндон дæр у ахæм?

Цы уын зæгъы, уый фехъуыстат сымах?

Ард бахæрут.

Г о р а ц и о

Æмæ уæддæр цæй тыххæй?

Г а м л е т

Цы федтат, уый кæй уыдзæни æмбæхст

Уæ зæрдæйы бын. Армы тъæпæн — цирхъыл.

Æ н д æ р г *(сценæйы бынæй)*

Ард бахæрут.

Г а м л е т

Уый ам ис. Иуварс цом.

Уæ къухтæ ногæй фистоныл æруадзут,

Ард бахæрут, цы фехъусат, гъе уый

Кæй уыдзæн сусæг. Цирхъыл дар дæ арм та.

Æ н д æ р г *(сценæйы бынæй)*

Ард бахæрут.

Г а м л е т

Зæронд куырм уыры! Зæхх
Куыд тагъд акъахтай? Аивæм нæ бынат.

Г о р а ц и о

О, бон, о ‘хсæв! Цы диссæгтæ уынын!

Г а м л е т

Кæс сæм, Горацио, диссæгтæм кæсæгау,
Кæй нæ зоны дæ философи ‘ппын,
Ис дунейыл гъе ахæм цаутæ бирæ.
Фæлæ хъуыддагмæ.Бахæрут та ард.
Фæдзæхсын уын: мæхи куыдфæнды дарон
Нырæй фæстæмæ, стæй куыд уон, цы уон,
Цыфæнды дæр куы саразон мæхицæй,
Уæддæр-иу макуы бавзарут сымах,
Уæ къухтæ афтæ дзуарæвæрдæй даргæ,
Уæ сæртæ уфтæ тилгæйæ, æмæ
Зæнддджынхуыз æмæ хиппæлойæ дзурын:
«Уый махæн циу...», «Нæ фæнды мах, æндæр...»
«Куы нæ фæндид, уæд радзуриккам...» «Зонæм...»
Уый макуы кæнут, дарут-иу уæхи,
Цыма мæн тыххæй ницы зонут, афтæ, —
Ард ууыл бахæрут. Хуыцау уын
Æххуыс кæндзæн.

*Æ н д æ р г (сценæйы бынæй)*

Ард бахæрут!

Г а м л е т

Уæ, банцай,
Хæтæнхуаг бардуаг! — Ме ‘мбæлттæ, ныр та
Мæхи сымахыл, уарзгæйæ, фæдзæхсын,
Йæ хæлардзинад равдисын йæ бон
Мæхи хуызæн мæгуыр лæгæн цæмæй у,
Хуыцауы фæрцы конд æрцæудзæн уый
Фæстæдæр. Цомут ныр. Уæ былтыл
Хæцут æнгуылдзтæй. — иу хатт ма зæгъын.
Цард фехæлди, мæн баппæрстой зындонмæ,
Цæмæй фæстæмæ раздахон æгъдау,
Фæтк æмæ уаг!

*Ацæуынц.*

# ДЫККАГ АКТ

## *1-аг СЦЕНÆ*

*Эльсинор. Уат Полонийы хæдзары. Бацæуынц П о л о н и й æмæ Р е й н а л ь д о.*

П о л о н и й

Айс мæнæ ‘хца фыстæгимæ, Рейнальдо.

Р е й н а л ь д о

Æмбæлдзысты йыл.

П о л о н и й

Хорз уаид, бæргæ,
Уæ фембæлыны агъоммæ дзæбæхдæр
Куы басмудис — куыд дары уым йæхи.

Р е й н а л ь д о

Фæндыд, милорд, мæхи дæр афтæ.

П о л о н и й

Тынг хорз.
Фыццаг уал хъуамæ бафæрсай, мæ лымæн,
Парижы цæрæг даниæгты ды, —
Сæ мыггæгтæй, сæ уавæртæй, цы кусынц,
Кæйтимæ сты лымæн; æмæ æваст
Куы сбæрæг уа, мæ фырты мын кæй зонынц,
Уæд-иу сæ быны бабад, кæн дæ куыст,
Гуырысхо дыл куыд нæ фæуой. Зæгъæм,
Йæ дард зонгæйау райдайдзынæ дзурын:
«Йæ хæлæрттæ, йæ фыды йын зыдтон,
Йæхиимæ дæр иу чысыл дæн зонгæ».
Æмбарыс мæ?

Р е й н а л ь д о

Куыд нæ, милорд.

П о л о н и й

«Чысыл. —
Стæй-иу афтæ зæгъ: — хæрз чысыл, афтæ,
Кæд ма фыдуаг, æнæрцæф у ныр дæр,
Уæд афтæ, уфтæ...» æмæ сай, мыс алцы,
Фæлæ йæ намыс чи кæны æгад,
Гъе ахæм исты ма сræди. Тæвд туг у,
Æгæр бархи, фыдуаг лæппу — уыдæттыл,
Табуафси, дзур.

Р е й н а л ь д о

Стæй къамæй дæр кæй хъазы?

П о л о н и й

Табуафси. Нуазы, къахы хыл, фæнæмы,
Сылтæм цæуы — гъе афтæ дæр-иу дзур.

Р е й н а л ь д о

Милорд, йæ ном куы фæчъизи уа уымæй...

П о л о н и й

Цæмæн? Æгæр тæвдæй куы дæттай бас,
Уæд судзы ком. Æгæр кæнын нæ бæззы,
Гуымиры хуызы ма бавдис йæ митæ,
Йæ хъуыддæгтæ йын ахæм хуызы 'вдис,
Æвзонг зынгæй йæ рæдыдтæ куыд срухс уой, —
Фыцгæ туг æмæ хивæнд зонды бар
Лæппуйы карæй хицæнгонд нæ вæййынц,
Æмæ сын алкæд барын хъæуы.

Р е й н а л ь д о

Æз...

П о л о н и й

Фæрсыс: цы давынц уыдон?

Р е й н а л ь д о

О, милорд.

Цæмæн хъæуынц?

П о л о н и й

Уыдон мæнæн нымад сты.
Йæ нысаныл æмбæлдзæни бæлвырд
Дæ къахæн дзырд, куы сахорай мæ фырты
Ды хъавгæ, кусæн халатау, цъыфæй,
Уæд демæ дзурæг сразы уыдзæн уайтагъд,
Æмæ кæд уый дæр фиппайдта æцæг
Мæ фырты ахæм сахъæттæ, уæд райсдзæн
Дæуæн дæ ныхас аивæй, зæгъæм,
«Сэр» — сдзурдзæн уый, кæнæ — «æрдхорд», йе — «хицау»,
Йæ ном, йæ райгуырд, хъомылгонд куыд уыд,
Гъеуымæ гæсгæ.

Р е й н а л ь д о

Раст у, раст дæ ныхас.

П о л о н и й

Æмæ гъеуæд, гъеуæд, æрмæстдæр уæд...

Цы зæгъынмæ хъавыдтæн? Ард хæрын дзуæрттæй, æз цыдæр зæгъынмæ хъавыдтæн. Цæуыл æрлæууыдтæн?

Р е й н а л ь д о

«Дæ ныхас райсдзæн...»

П о л о н и й

Райсдзæни, гъай-гъай.
О, райсдзæни. «О! — зæгъгæ зæгъдзæни. —
Мæнæн, мыййаг, уый ме 'нæзонгæ нæу,
Ызнон æви æнæдæрæбон æй федтон,
Гъе ахæмтæ 'мæ ахæмтимæ уым,
Уæд хъазыдисты портийæ, уыд расыг.
Хыл ракъахта». Кæннод: «Лæууын æвдисæн, —
Уæййаг сылты хæдзармæ дæр цæуы».
Кæннод та дын æндæр истытæ дзурдзæн.
Ды бакæ зулкъау де 'нгуырыл дæ мæнг,
Рæстдзинады кæсаг дын уæд æрцахсдзæн.
Дæрддзæфты зилгæ, иуварсæй кæсгæ,
Æрбафты йæм зылын фæндæгтæй растмæ.
Мæ фыртмæ дæр мæ амынд надыл цу.
Гъы, бамбæрстай? Æмбæрст у?

Р е й н а л ь д о

О, милорд.

П о л о н и й

Æнæниз у.

Р е й н а л ь д о

Хæларзæрдæ милорд!

П о л о н и й

Дæ цæстдард дын куыд нæ зона æппындæр.

Р е й н а л ь д о

О, нæ, милорд.

П о л о н и й

Уæвгæ кæнæд цыфæнды,
Йæ бар — йæхи.

Р е й н а л ь д о

Æмбарын дæ, милорд.

П о л о н и й

Фæндараст.

*Р е й н а л ь д о ацæуы. Бацæуы О ф е л и я.*

О, Офелия, цы зæгъыс?

О ф е л и я

Тæрсын!

П о л о н и й

Хуыцау дæ хъахъхъæнæд! Цы 'рцыд?

О ф е л и я

Хуыдтон цыдæр, æмæ æрбахызт Гамлет,
Æнæхудæй, йæ куырæт скъуыд, дыууих,
Йæ цъындатæ раст йе счъилтæм æрхаудтой,
Йæхæдæг ризы æмæ хойы тынг
Йæ уæрджытæ кæрæдзиуыл. Ныффæлурс,
Цыма уый ралыгъд зындонæй, цæмæй
Йæ хъизæмæрттæ радзура уæлæуыл.

П о л о н и й

Фыр уарзтæй сæрра ис?

О ф е л и я

Нæ зонын уый,

Фæлæ тæрсын.

П о л о н и й

Æмæ уæддæр цы дзырдта?

О ф е л и я

Мæнæн нылхъывта адæргæй мæ къух,
Æнахуыр къахдзæф акодта фæстæмæ,
Цæстытæм схаста йе 'ннæ къух æмæ
Нывгæнæгау йæ къухаууонæй бирæ
Мæнмæ æдзынæг комкоммæ фæкаст.
Къух ауыгъта, æртæ хатты æркуывта,
Стæй афтæ карз ныккæрзыдта, цыма
Йæ уд йæ фæстаг улæфтимæ систа.
Мæ къух мын суагъта, разылд иуварс
Æмæ йæ уæхсчы сæрты каст мæнмæ.
Цыд афтæмæй, йæ каст уыди мæнырдæм,
Фæлæ фæндаг цыдæр хуызы уыдта,
Æмæ нæ къæсæрæй æддæмæ ахызт.

П о л о н и й

Цом мемæ, цом, къаролы ссарæм мах.
Бæрæг у: уарзтæй сæрра ис бынтондæр,
Лæг ахæм уавæры тынг вæййы тæссаг,
Куы скæна исты стыр фыдбылыз, уымæй.

Цы ис уæвгæ мæйы бын ногæй, цы?
Нæ монцтæн стæм сæ хъазæнхъул. Хъыгаг у.
Нæ уыдтæ йемæ фæстаг бон тызмæг?

О ф е л и я

Æнхъæл нæ дæн. Фæлæ дæ фæдзæхст дардтон
Мæ зæрдыл æмæ нал уагътон хæстæг
Йæ фыстæг дæр, йæхи дæр.

П о л о н и й

Гъемæ сæрра!
Хъыг мын у ныр, нæ йæ зыдтон дзæбæх,
Æнхъæлдтон æй рæузонд æмæ дæ сафæг,
Æмæ æгæр фæцæхджын ис мæ фау.
Фæлæ æлгъыстæн баззади зæрæдтæн
Уæлдай мæт, раст фыдбылызау куыд у
Фæсивæдæн æнæмæтдзинад, афтæ.
Цом радзурæм нæ къаролæн æппæт.
Хи хъахъæнгæйæ уайсадын æвзæр у,
Æргом ныхас йæ афоныл хуыздæр у.
Цом.

### *2-аг СЦЕНÆ*

*Уый дæр уым. Уат галуаны. Бацæуынц К ъ а р о л, К о р о л е в æ, Р о з е н к р а н ц, Г и л ь д е н с т е р н æмæ ф æ с д з æ у и н т æ.*

К ъ а р о л

Салам уын, Розенкранц ‘мæ Гильденстерн!
Кæй уæ ‘рхуыдтам, дыууæ аххосы ис уымæн, —
Уæ фендмæ мах бæллыдыстæм — уый иу,
Иннæмæй та уæ сæр æхсызгон бахъуыд.
Æвæццæгæн, уæ хъустыл дæр æрцыд,
Йæхи хуызæн кæй нал у  Гамлет абон.
Цы уын зæгъон — æппындæр нал у, нал,
Йæхи хуызæн уый удæй дæр, уындæй дæр.
Йæ фыд кæй амард, уый хъыгæй уæлдай ма
Цы тых фæлдахы уый зыгъуыммæ ныр ?
Сымах æй зонут йе скъолайы бонтæй,
Æмгæрттæ стут, дзæбæх зонут йæ уаг,
Æмæ уæ курын: ацæрут уал махмæ,
Уæ уæгъд рæстæг нын ма бавгъау кæнут.
Цæут-иу иумæ, бакæнут æй уе ‘хсæн,

Куыд нæ хъуса йæхимæ уый, æрмæст
Куы фæуа фадат — базонут бæлвырдæй,
Цы сусæг низæй хъизæмар кæны?
Æмæ йæ хос кæд разынид нæхимæ.

К о р о л е в æ

Уый арæх мысыд йе 'мгæртты — сымах,
Æнувыддæр кæуыл уаид уæхицæй,
Æз дунейыл нæ зонын ахæм лæг.
Кæд ын æвгъау нæ бакæнат уæ хорзæх,
Æмæ уæ рæстæг арвитдзыстут ам,
Цæмæй нæ ныфс йæ къæхтыл ногæй слæууа, —
Уыдзæн нæ къаролы лæвæрттæй аргъ
Уæ лæггадæн.

Р о з е н к р а н ц

Къарол нæ вæййы курæг, —
Кæддæриддæр у бардзырдтæ дæттæг.

Г и л ь д е н с т е р н

Уыдзæни махæн стыр хорзæх уæ бардзырд,
Сымах ыстæм фæстаг улæфты уонг,
Цы гæнгæ у, зæгъут нын уый — цæттæ стæм.

К ъ а р о л

О, бузныг, Розенкранц 'мæ Гильденстерн.

К о р о л е в æ

О, бузныг, Розенкранц 'мæ Гильденстерн.
Уæ хорзæхæй, ныр ацæут нæ фыртмæ.
Куыд тынг аивта! Фæсдзæуинтæй иу
Фæхонæд адон Гамлетæн йæ цурмæ.

Г и л ь д е н с т е р н

Хуыцау зæгъæд, нæ фæзындæй йын ахъаз
Цы бакæнæм.

К о р о л е в æ

Хуыцауыл фæдзæхст уæд.

*Р о з е н к р а н ц, Г и л ь д е н с т е р н æмæ ф æ с д з æ у и н т æ й ч и д æ р т æ ацæуынц. Бацæуы П о л о н и й.*

П о л о н и й

Норвегийæ сæрæгасæй, нæ паддзах,
Æрбахæццæ сты минæвæрттæ.

К ъ а р о л

Уыдтæ ды алкæд хорз хабæртты фыд.

П о л о н и й

Уыдтæн, паддзах? Уый раст у. Стæй уыдзынæн.
Къаролы цур сыгъдæг хæссын мæ хæс,
Хуыцауы цур мæ уд куыд хæссын, афтæ.
Æмæ дæуæн цы зæгъинаг дæн æз?
Йе ацы магъз — зæронд куыдз — цуанон нал у,
Йе базыдтон æз Гамлетæн йæ низ,
Йæ удхайраг сæнттæцæгъдыны аххос.

К ъ а р о л

Цæй, дзургæ тагъд. Фæнды йæ зонын мæн.

П о л о н и й

Дæ минæвæртты суазæг кæн фыццагдæр,
Мæ сусæг та — хæрды фæстæ десерт.

К ъ а р о л

Дæ хорзæхæй, уæдæ, сæ размæ рацу.

*П о л о н и й ацæуы.*

Хъуыстай, Гертрудæ, зонын, дам, бæлвырд,
Цæмæн фæцух уæ мæгуыр фырт йæ зондæй.

К о р о л е в æ

Хъыгаг у, фæлæ аххос иу у ‘рмæст —
Йæ фыды зиан, нæ чындзæхсæвы ратагъд.

К ъ а р о л

Бæрæг уыдзæн.

*Æрбаздæхы П о л о н и й В о л ь т и м а н д æмæ К о р н е л и и м æ.*

Æгас цæут, хæлæрттæ!
Куыд цæры не ‘фсымæр — норвегиаг къарол?

В о л ь т и м а н д

Кæны уын арфæ, амондджын куыд уат.
Хæстмондаг адæм нал цæуынц æмбырдгонд.
Нырмæ къаролмæ афтæ каст, цыма
Хæстон фæдис уыд Польшæйы ныхмæ,
Æмæ цыма дæ бæрзонд фарныл уымæй
Цæф не ‘руайдзæн. Йæ зæронд сæр ныххоста,
Куы бамбæрста, кæй йæ фæсайдта карз
Йæ хæстæг къабаз. Гъемæ йæм фæсидти,
Йæ бардзырдмæ фæзынди Фортинбрас,
Йæ хъуын ын хорз куы ацагъта йæ дада,
Фæсмонгæнгæ уæд бахордта уый ард,
Дæумæ, милорд, кæй никуы сласдзæн кард.

Æмæ фæфæлмæн зæрондæн йæ зæрдæ,
Дæтты йын аз æртæ мины æхца,
Стæй Польшæмæ йæ салдæттимæ стæры
Цæуыны бар. Фæстагмæ куры уый
*(дæтты гæххæт),*
Цæмæй æфсæдтæн хибар фæндаг радтай
Уæ зæххытыл уæ арæнты сæрты,
Йæ уагæвæрд æууæнкæй фыст кæмæн у,
Гъе уыцы фидар бадзырдмæ гæсгæ.

К ъ а р о л
Стæм тынг разы уæ хъуыддæгтæй. Уæгъд рæстæг
Лæмбынæгдæрæй бакæсдзыстæм фыст,
Æмæ йын дзуаппыл ахъуыды кæндзыстæм.
Ут арфæгонд. Уæ фæллад суадзут ныр,
Изæры та, уæ хорзæхæй, — нæ куывдмæ.
Цæй фенынмæ.

*В о л ь т е м а н д æмæ К о р н е л и й ацæуынц.*

П о л о н и й
Нымай — хъуыддаг у конд.
Мæ паддзæхтæ, куы кæниккам быцæу, —
Цы у паддзах, фæсдзæуинтæ, нæ рæстæг
Кæй у рæстæг, бон — бон, æхсæв — æхсæв, —
Уæд ‘хсæвæй, бонæй сафиккам нæ рæстæг.
Кæд зондæн у æлвæст хъуыды йæ уд,
Кæд у фырдзырд — рæсугъд цацатау буарыл,
Зæгъын цыбырæй уæд: йæ зонд фæцыд
Уæ фыртæн, зæгъын, уымæн æмæ зондцух,
Гъе уый у, гъе, йæ зонд кæмæн фæцыд.

К о р о л е в æ
Дæ аивадæй рахиз ныр хъуыддагмæ.

П о л о н и й
Ам, ме ‘хсин, аивад æппындæр нæй.
Фæсæлхæр — факт, тыхсæм ыл — уый дæр факт у,
Хъыгаг у, фæлæ факт. Дæлдæр-уæлдæр —
Мæ ныхæстæ. Уыдзынæн æз хуымæтæг,
Зæгъæм, йæ зонд фæдзæгъæл, уæд хъæуы
Эффект кæнæ дефекты аххос ссарын,
Уымæн æмæ йæхæдæг дæр эффект
Æнаххосæй нæ вæййы дефективон.

Кæнинаг у, кæнын цы хъæуы, уый.
Æмæ цы у мæ зæгъинаджы мидис?
Мæнæн ис чызг, æмæ мæхи у чызг.
У коммæгæс, æмæ мæм радта мæнæ,
Лæмбынæг хъусут, рахæссут тæрхон.

*Кæсы.*

«Мæ уды зæд, ме 'рвон рæсугъд Офелиямæ». Ай æвзæр ныхас у, ихсыд ныхас: «ме 'рвон рæсугъд» — ихсыд ныхас. Фæлæ хъусут дарддæр. Мæнæ:

*Кæсы.*

«Йæ диссаджы урс риуыл ацы...» æмæ афтæ дарддæр.

К о р о л е в æ

Уый Гамлет фыссы уымæ?

П о л о н и й

Бабыхс цъус,
Æз райдайон сæрæй кæронмæ, ме 'хсин.

*Кæсы.*

«Ма 'ууæнд боны рухсыл,
Ма 'ууæнд хуры скастыл,
Ма 'ууæнд сайд æнусыл,
Фæлæ 'ууæнд мæ уарзтыл.

О, зынаргъ Офелия, æз æмдзæвгæтæ фыссынмæ зæрдæргъæвд нæ дæн. Рифмæтæй арф улæфтытæ кæнын — уый мæн лæмæгъдзинад нæу. Фæлæ дæ тынг кæй уарзын, о, мæхи дзæбæх чызгай, ууыл æууæнд. Хæрзбон. Мыггагмæ дæу дæн, мæ зынæргъты зынаргъдæр, цалынмæ ма мæ къодах истæмæн бæзза, уæдмæ. Гамлет».

Мæ коммæгæс чызг радта ай мæнмæ,
Стæй радзырдта, цы ран æмæ цы афон
Уыди сæ фембæлд, Гамлет ын йæ уарзт
Кæм райхæлдта.

К ъ а р о л

Цы дзуапп уыди йæ уарзтæн
Чызджы 'рдыгæй?

П о л о н и й

Сымахмæ та куыд кæсын
Мæхæдæг æз?

К ъ а р о л

Бæрзонд намыс кæмæ ис,
Ды уыдонæн — сæ фыццаг.

П о л о н и й

O, бæргæ!

Куы ссыгъдаид гъе уыцы уарзт цъæх артау —
Мæ чызгæй раздæр рахатыдтон уый —
Æмæ æнцад куы бадтаин мæхицæн, —
Сымахмæ уæд куыд фæкастаид уый?
Куы уыдаин фæразондæр гæххæттæй,
Сымахмæ уый куыд фæкастаид уæд,
Дæумæ, паддзах æмæ дæумæ дæр, ме 'хсин,
Мæ зæрдæйæн куы загътаин: «Æнцад!»,
Куыд уæм кæсид? Фæлæ нæ, æргомæй
Мæ чызгæн загътон уыцы фæдыл æз:
«Лорд Гамлет принц у, къайагæн æй ма 'взар,
Уæвæн нæй уымæн».Карз фæдзæхст ын ис:
Йæ зæрдæйы дуар сæхгæнæд гуыдырæй,
Йæ лæвæрттæ йын аздахæд 'мæ сурæд
Йæ минæвæртты. Чызг кæсы мæ коммæ.
Фæфыдæнхъæл и лæппу дæр, уæдæ!
Ырхæндæг, æмæ нал комы хæрын дæр,
Фæлыгъд йæ хуыссæг, асасти йæ тых,
Гъе стæй йæ рог низ рахызти уæззаумæ, —
Йæхиуыл дæр, стæй махыл дæр былар
Æфтауы ныр.

К ъ а р о л

Цы зæгъдзынæ ды та?

К о р о л е в æ

Рæстдзинадмæ йæ ныхæстæ хæстæг сты.

П о л о н и й

Мæ дзырд кæд фæмæнг, ахæм хабар царды
Æрцыд цымæ?

К ъ а р о л

Нæ хъуыды кæнын æз.

П о л о н и й *(йæ сæр æмæ йæ уæхсчытæм амоны)*

Кæрæдзийæ фæхицæнтæ уæнт адон,
Кæд раст нæ дæн. Æндахвæдыл цæугæйæ,
Зæххы быны дæр ссардзынæн рæстад.

К ъ а р о л

Уый мах куыд сбæрæг кæнæм, куыд?

П о л о н и й

Нæу зын.

Дзæвгар рæстæг дзæгъæл тезгъо фæкæны
Ам галерейы.

К о р о л е в æ

Раст зæгъыс, бæгуы.

П о л о н и й

Æз æм мæ чызджы барвитдзынæн барæй,
Æмæ дыууæйæ бамбæхсдзыстæм уым
Фæсæмбæрзæн. Уындзынæ сæ. Мæ чызджы
Нæ уарзы уый, нæу рынчын кæд уарзтæй,
Уæд нал дæн 'взæрст лæг, æмæ схонут мæн
Æрмæстддæр дуаргæс.

К ъ а р о л

Бавзарæм, цы кæны.

К о р о л е в æ

Йæ чиныгимæ 'рбацæуы, мæгуыр.

П о л о н и й

Уæ дыууæ дæр уал ацæут, цæугæут.
Цæуын йæ размæ. Бахатыр кæнут.

*К ъ а р о л, К о р о л е в æ, æмæ ф æ с д з æ у и н т æ ацæуынц. Бацæуы Г а м л е т чиныджы кæсгæ.*

Куыд у мæ хицау Гамлетæн йæ цард?

Г а м л е т. Хорз. Табу Хуыцауæн.

П о л о н и й. Ды мæн зоныс, милорд?

Г а м л е т. Тынг хорз. Ды дæ кæсæгтæуæйгæнæг.

П о л о н и й. Нæ, цытæ дзурыс, милорд.

Г а м л е т. Уæдæ уæд æвзæр нæ уаид, ды дæр ахæм сыгъдæгзæрдæ куы уаис.

П о л о н и й. Сыгъдæгзæрдæ, милорд?

Г а м л е т. О, сэр. Сыгъдæгзæрдæ уæвын мах рæстæджы дæс мин лæгæй æрмæст иуы къухы 'фты.

П о л о н и й. Уый сыгъдæг рæстдзинад у, милорд.

Г а м л е т. Кæд æмæ æрттивгæ хуыцау — хур дæр ныййары кæлмытæ куыдзы цармыл, батæ кæнынæн хæдмæл уæд, æндæр... Чызг дын ис?

П о л о н и й. Ис, милорд.

Г а м л е т. Ма йæ уадз хурмæ, сывæрджын уын арфæйаг хъуыддаг у, фæлæ дæ чызгæн — нæ. Хæлиудзыхæй ма аззай, æрдхорд.

П о л о н и й *(иуварсмæ).* Гъы, цы зæгъдзыстут сымах?

Нæй-нæй, уæддæр мæ чызгмæ фæвæййы. Зонгæ дæр мæ нæ бакодта. Кæсæгтæуæйгæнæг, дам, дæ. Æгæр арф бацыдис. Уæвгæ мæнæн дæр æрыгонæй, охх, цытæ бавзарын кодта мæ уарзондзинад. Чысыл ма бахъæуа, ай хуызæн ма суон. Бавзарон та. — Цы кæсыс, милорд?

Г а м л е т. Дзырдтæ, дзырдтæ, дзырдтæ.

П о л о н и й. Æмæ цы дзурынц, милорд?

Г а м л е т. Чи æмæ кæимæ?

П о л о н и й. Æз афтæ зæгъинаг дæн: чиныджы цы фыст ис, милорд?

Г а м л е т. Цъыфкалæн. Æнаккаг сатирик ууыл ныллæууыд, æмæ, дам, зæрæдтæн сæ зачъетæ урс вæййынц, сæ цæсгæмттæ — æнцъылдтæ, сæ цæстытæй лæдæрсы бæзджын писи æмæ чылауыйы чъиу, вæййынц, дам, куынæгзонд, се 'гъдтæ та — лæмæгъ. Æз уыдæттыл сеппæтыл дæр, сэр, зæрдиагæй æууæндын, фæлæ сæ мыхуыр кæн — уый æдзæсгомдзинадыл нымайын, уымæн æмæ ды дæхæдæг дæр, мæ зæрдæхæлар хицау, искуы бон мæнау базæронд уыдзынæ, ракау сыдзмыдзы фæстæмæ куы бырай, уæд.

П о л о н и й (*иуварсмæ*). Кæд йæ зонд фæцыд, уæддæр йæ ныхæсты цыдæр фæтк ис. — Нæхи гом уæлдæфæй дарддæр куы айсиккам, милорд.

Г а м л е т. Кæдæм, ингæнмæ?

П о л о н и й. Æцæгæйдæр, дарддæр нæ вæййы. (*Иуварсмæ.*) Куыд цыргъзонд вæййынц хаттæй-хатт йæ дзуаппытæ. Æррадзæфмæ арæх чи фæзыны æмæ æмбаргæ адæммæ хатгай чи нæ вæййы, ахæм зæрдæргъæвддзинад. Фæлæ цон, тагъддæр ахъуыды кæнон, мæ чызгимæ йæ куыд фембæлын кæнон, ууыл. — О, намысджын принц, бар мын ратт ацæуынæн.

Г а м л е т. Уый дын куыд æхсызгонæй дæттын, ахæм æхсызгонæй дын ницы раттин. Мæ цардæй уæлдай, мæ цардæй уæлдай, мæ цардæй уæлдай.

П о л о н и й. Æнæниз у, принц.

Г а м л е т. О, быхсæн кæмæн нæй, уыцы зæронд æдылытæ!

*Бацуынц Р о з е н к р а н ц æмæ Г и л ь д е н с т е р н.*

П о л о н и й

Принц Гамлет уæ хъæуы? Йæхæдæг мæнæ.

Р о з е н к р а н ц (*Полонийæн*)

Сэр, бузныг.

Г и л ь д е н с т е р н
Кадджын принц!
Р о з е н к р а н ц
Нæ зынаргъ принц!
Г а м л е т
А! Ме ‘рдхæрдтæ! Ды дæ уый, Гильденстерн?
Ды — Розенкранц? Куыд у хъуыддаг, лæппутæ?
Р о з е н к р а н ц
Зæххы фырттæн куыд вæййы, афтæ раст.
Г и л ь д е н с т е р н
Нæ амондæн, æгæр амонддзын не стæм,
Фортунæйæн хъуырыгънæгау нæ фестæм.
Г а м л е т
Стæй уафсæн дæр нæ равзæрста сымах?
Р о з е н к р а н ц
Сæ иу дæр æмæ се ‘ннæ дæр нæ, принц.

Г а м л е т. Уæдæ сымах Фортунæйы астæумæ хилгæйæ æрдæгфæндагыл стут, йе та йæ тæккæ стырдæр хорзæхы арфы смидæг стут.

Г и л ь д е н с т е р н. О, о. Уым мах хиуонтæ стæм.

Г а м л е т. Фортунæйы сусæг æвæрæнты? Зæрдиагæй æуæндын. Фæлæ Фортунæ, бирæ чи федта, ахæм сыл у. Фæлæ цы ис ногæй?

Р о з е н к р а н ц. Ницы, принц, а дунейыл æфсарм кæй фæзынд, уымæй уæлдай.

Г а м л е т. Уæдæ тагъд хъаймæт æрцæудзæн. Уæвгæ, сымах цы зæгъут, уый мæнг хабар у. Фæлæ, цæй, бæстондæрæй. Афтæ тынг уæм цæуыл смæсты уæ уыцы Фортунæ, цæмæй уæ ардæм ахæстонмæ рарвита.

Г и л ь д е н с т е р н. Ахæстонмæ, принц?

Г а м л е т. Дани ахæстон у.

Г и л ь д е н с т е р н. Уæдæ уæд æппæт дуне дæр ахæстон у.

Г а м л е т. Уымæй дæр тынг дæсны арæзт, ахстыты кæм дарынц, ахæм арф талынг уæрмытæ æмæ ныккæндтимæ, æмæ уыдонæн сæ тæккæ ‘взæрдæр у Дани.

Р о з е н к р а н ц. Мах разы не стæм, принц.

Г а м л е т. Уæдæ уæд сымахæн ахæстон нæу, уымæн æмæ цыдæриддæр ис зæххыл, уыдон нæдæр хорз сты, нæдæр æвзæр, — цы цæстæй сæм кæсай, уыдзысты ахæм. Мæнæн ахæстон у Дани.

Р о з е н к р а н ц. Уæдæ, ды кадмæ ӕгæр кæй бæллыс, уый йæ кæны дæуæн ахæстон. Дæ домæнтæн къуындæг у.

Г а м л е т. О, Хуыцау! Ӕнгузы хъузджы мæ бакæнут, æмæ мæхи ӕгæрон тыгъдады бардуаг æнхъæлдзынæн, æрмæст мæ мæ фыдфынтæй фервæзын кæнут.

Г и л ь д е н с т е р н. Фынтæ дæр кадмæ бæллынæй гуырынц. Афтæ у, — цытуарзаг цæры, зæххыл цы нæй, уымæй. Йæ удыхъæдыл йæ фынты ауүон бады.

Г а м л е т. Фын йæхæдæг дæр ауүон у.

Р о з е н к р а н ц. Хъуыддаг дæр уый мидæг ис. Мæнмæ гæсгæ, кадмæ бæллын йæхæдæг дæр ауүоны ауүон у.

Г а м л е т. Ӕцæг? Уæдæ кадмæ чи нæ бæллы, уыцы ницæййагтæ цæрынц æцæг цардæй, барджын, стыр адæймæгтæ та сты уыцы ницæййæгты ауүæттæ. Фæлæ, зондаби ныхæстæ кæныны фæлтау кæртмæ куы акæсиккам. Хуыцауыстæн, дзæбæх хъуыды кæнын мæ бон нæу.

Р о з е н к р а н ц æмæ Г и л ь д е н с т е р н. Мах — де 'нæсайд лæггадгæнджытæ.

Г а м л е т. Нæ, цæмæн. Мæ лæггадгæнджытæ а фæстаг рæстæг ӕгæр хорз зилын райдыдтой мæ фæдыл. Фæлæ сыгъдæгзæрдæйæ зæгъут: Эльсиноры цæмæн стут?

Р о з е н к р а н ц. Дæумæ уазæгуаты, принц, æндæр ницæмæн.

Г а м л е т. Мæгуыр кæй дæн, уымæ гæсгæ сымахæн аккаг арфæ ракæнын мæ бон нæу. Фæлæ уын арфæ кæнын. Гъе æрмæст уыцы арфæ дæр сымахæн ӕгæр стыр у. Хонæг уæм нæ уыди? Уæхи фæндæй стут ам? И? Барвæндонæй абалц кодтат? И? Уæ хорзæхæй, уе 'фсармы коммæ бакæсут. И? И? Цæй куыд?

Г и л ь д е н с т е р н. Цы зæгъæм, милорд?

Г а м л е т. Цыфæндыдæр, æрмæст хъуыддаджы тыххæй нæ! Арвыстой уæм. Уæ цæстæнгасыл бæрæг у, æмæ уæхиуыл тынг куы хæцат, уæддæр æй уæ бон бамбæхсын нал суыдзæн. Ӕз зонын, зæрдæхæлар къарол æмæ уæм королева арвыстой хонæг.

Р о з е н к р а н ц. Цæй фæдыл, принц?

Г а м л е т. Уый та уæхæдæг хуыздæр зонут. Ӕрмæст уæ домын æмбалы барæй: басомы кæнут нæ раздæры лымæндзинад, нæ фыццагон иузæрдиондзинад, нæ æнæхæлгæ уарзондзинад, æмæ сыгъдæгдæрæй цы уыди не 'хсæн, уыцы хъуыд-

дæгтæй, æцæг æнæ рафæлив-бафæливæй: арвыстой уæм, æви нæ?

Р о з е н к р а н ц *(Гильденстернæн).* Цы зæгъдзынæ ды?

Г а м л е т *(иуварсмæ).* Мæ дзырд нысаныл сæмбæлд. *(Хъæрæй.)* Кæд мæ уарзут, уæд æргом зæгъут.

Г и л ь д е н с т е р н. Милорд, æрвыст уыд махмæ.

Г а м л е т. Фæнды уæ, зæгъон — цæмæн? Æз уын уæ сусæг рагацау рахатыдтон, æмæ уын мæхæдæг радзурдзынæн, уæ цыды сæр цæй фæдыл уыд, уый, афтæмæй уæ бахиздзынæн дзæгъæлдзых уæвынæй, стæй уæм къарол æмæ королевæ цы ‘ууæнк дарынц, уымæй чысыл пакъуы дæр не ‘рхаудзæн. Æрæджы, цæмæн — нæ зонын, цыдæр фæци мæ хъæлдзæг уаг, мæ къух нал тасы исты архайынмæ. Мæ чемы нæ дæн, æмæ мæм ацы дунейы дидинæгдон — зæхх кæсы æгомыг къæдзæх, арвы къуырф мæм кæсы уæлдæфы æнæкæрон цатыр, дурæй конд у æмæ йæ уæлæ — сызгъæрин цæхæркалæг стъæлфæнты рæдзæгъд, фæлæ уый у, мæнмæ гæсгæ, дæлæмæдæр-уæлæмæдæр смаггæнаг æмæ зианхæссæг тæф. Æрдзы диссæгты диссагдæр — адæймаг! Куыд рæсугъд æмæ уæздан сты йæ хъуыдытæ! Куыд æнæкæрон сты йæ авналæнтæ! Куыд алæмæттаг сты йæ конд æмæ йе ‘змæлд! Куыд хæстæг у зæдтæм йæ митæй! Цардмæ цы цæстæй кæсы, уымæй куыд хæстæг у Хуыцаумæ! Дун-дунейы фидыц! Æппæт цæрджыты цыты дидинæг! Фæлæ мæнæн цы у, чи амæлдзæн, уый æртхутæджы квинтэссенци? Нæлгоймæгтæй мæ зæрдæ нæ райы, сылгоймæгтæй дæр афтæ, кæд уæ мидбылхутт, цы дзурын, уыимæ разы нæу, уæддæр.

Р о з е н к р а н ц. Принц, мæ хъуыдыты ахæмæй мур дæр ницы ис!

Г а м л е т. Уæдæ былысчъилтæ цæмæн кодтат, нæлгоймæгтæй мæ зæрдæ нæ райы, зæгъгæ, куы загътон, уæд?

Р о з е н к р а н ц. Æз ахъуыды кодтон, ныр цы уавæры дæ, уымæ гæсгæ уазалзæрдæйæ куы ракæсай актертæм. Мах сыл фæндагыл сæмбæлдыстæм, сæ разæй фестæм. Ардæм æрбацæуынц сæ аивадæй сымахæн лæггад кæнынмæ.

Г а м л е т. Къаролты чи хъазы, уымæн мæ сæрæй ныллæг кувын. Йæ бæрзонддзинады цур мæхи хæсджыныл нымайдзынæн. Хæтæнхуаг рыцæр дæр куыст ссардзæн йæ цирхъ æмæ уартæн. Уарзоны арф улæфтытæ дæр дзæгъæлы нæ фесæфдзысты. Æрхæндæг уд удæнцой ссардзæн. Айуаныл гуыбынхæлд фæуыдзысты фыр худæгæй, йæ цыргъ ныхæстæй сæ цыма хъыдзы кæны,

уыйау. Сылгоймаджы чи хъаза, уый йæ уды быцъынæг скъуыйæд, æмдзæвгæты арæзт æй ма къуылымпы кæнæд. Цавæр актертæ сты?

Р о з е н к р а н ц. Дæ зæрдæмæ тынг чи фæцыди, уыдон — столицæйаг трагиктæ.

Г а м л е т. Цы сæ бафтыдта балцы фæндагыл? Иугæндзон уыциу бынаты куы уаиккой, уæд сæ кад дæр фылдæр уаид, æхца дæр сæм фылдæр хауид.

Р о з е н к р а н ц. Уый, мæнмæ гæсгæ, фæстаг ног ивддзинæдты аххос у.

Г а м л е т. Æз горæты куы уыдтæн, уæд сын цы аргъ кодтой, уый ма сын кæнынц цымæ? Æхца ма сæм афтæ бирæ хауы?

Р о з е н к р а н ц. Нал, æмæ хъуыддаг дæр уый мидæг ис.

Г а м л е т. Цæуылнæ? Мыййаг, æвзæрдæр фесты?

Р о з е н к р а н ц. Нæ, сæ аивад раздæрау йæ тæмæны ис. Фæлæ горæты фæзынди, авдæнæй нырма ныр чи рахызти, ахæм сывæллæтты къордтæ. Уыдон сисынц тæккæ бæрзонддæр нотæтæ, æмæ сын саразынц хъæддаг къухæмдзæгъд. Ныртæккæ модæйы сты, иннæ театрты хуымæтæг театртæ хонынц, ноджы сæ афтæ сæнкъуысын кодтой, æмæ сæм адæм суанг шпагæтимæ дæр цæуын нæ уæндынц, ноджы тæрсынц фыссæн систæй — исты сыл куы æрымысой.

Г а м л е т. Ау, уыцы сабитæ ахæм тæссаг сты? Чи сæ дары? Цы сын фидынц? Уый сын рæстæгмæ хиирхæфсæн у? Фæстæдæр, сæ хъæлæстæ куы фæбæзджындæр уой, æмæ сæхæдæг хуымæтæджы театрты актертæ куы суой, уæд фæсмойнаг нæ фæуыдзысты, хистæртæ сæ сæхи фидæны ныхмæ кæй ардыдтой, уымæй?

Р о з е н к р а н ц. Раст зæгъын хъæуы, дыууæрдыгæй дæр стыр хъаугъатæ рауад, æмæ адæм уыдон кæрæдзиуыл ардаунæй æфсæрмы нæ кæнынц. Иу рæстæджы пьесæйæн фидгæ дæр ницыуал кодтой, автор æмæ дзы актертæ сæ ныхмæлæуджыты куы нæ ныддæрæн кодтаиккой, уæд.

Г а м л е т. Уанцон нæу!

Г и л ь д е н с т е р н. О, бирæтæн сæ цард фенад кодтой.

Г а м л е т. Æмæ гыццыл лæппутæ фæуæлахиз вæййынц?

Р о з е н к р а н ц. О, принц. Суанг Геркулесыл дæр йæ уаргъимæ.

Г а м л е т. Уæвгæ уый диссаг нæу. Ныртæккæ мæ фыдыфсымæр — Данийы къарол, мæ фыд ма æгас куы уыди, уæд æм дзурынмæ дæр йæ сæр чи нæ хаста, уыдон ын йæ ницæййаг

нывтæ ‘лхæнынц ссæдзгай, дыууиссæдзгай, дæс æмæ дыууиссæдзгай æмæ сæдæгай дукаттæй. Хæйрæджы амæттаг фæуа, уым цыдæр уæларвон тых ис, — тæхуды, философийæн йæ бон куы бауид уыцы сусæг раргом кæнын.

*Хъуысы уадындзты уасын.*

Г и л ь д е н с т е р н. Мæнæ сты актертæ дæр.

Г а м л е т. Æгас цæут Эльсинормæ, уæздæттæ. Уæ къухтæ, æмбæлттæ. Уазæгыл бацин кæнынæн хъæуы æмбæлгæ æгъдау æмæ уæздæтты кæнгæ митæ. Мах дæр уыдон бафæзмæм, цæмæй уый фæстæ, актертимæ куы фембæлон, уæд, афтæ ма зæгъат, уыдоныл тынгдæр бацин кодтай, зæгъгæ. Фæлæ мæ фыдыфсымæр — мæ фыд, æмæ мæ чындз — мæ мад рæдийынц.

Г и л ь д е н с т е р н. Цæмæй, милорд?

Г а м л е т. Мæнæн мæ зонд фæхæссы цæгат-ныгуыйлæнаг дымгæ. Хуссарæй куы дыма, уæд та ма уари кæсагласæй раиртасдзынæн.

*Бацæуы Полоний.*

П о л о н и й. Æгас цæут, уæздæттæ.

Г а м л е т. Хъусут-ма, Гильденстерн, æмæ ды дæр, Розенкранц. Мæ алы хъусмæ дæр — иу хъусæг. Мæнæ ныр кæй уынут, уыцы зæронд ноггуырд нырма хæцъилты тыхт вæййы.

Р о з е н к р а н ц. Кæд æй, мыййаг, дыккаг хатт бахъуыдысты. мæнгæй нæ акæнынц: зæронд сабийæ уæлдай нæу.

Г а м л е т. Хатын, уый дæр актерты хабар æрбахаста. Уæхæдæг æвдисæн. — Сыгъдæг рæстдзинад, сэр. Куыд загътай, афтæ — къуырисæры райсоммæ.

П о л о н и й. Милорд, ног хабæрттæ зæгъинаг дæн дæуæн.

Г а м л е т. Милорд, ног хабæрттæ зæгъинаг дæн дæуæн. Росций Римы актер куы уыди...

П о л о н и й. Актертæ æрцыдысты, милорд.

Г а м л е т. Хъуыдатт, хъуыдатт, хъуыдатт!

П о л о н и й. Хуыцауыстæн, милорд.

Г а м л е т. Хæрæгуæрдæтты æрбацыдысты...

П о л о н и й. Алы æгъдауæй дæр дунейы хуыздæр актертæ, æвдисынц трагедитæ, комедитæ, хроникæтæ, пасторалтæ, пасторалон-комедион, историон-пасторалон, трагикон-историон, трагикомикон уацмыстæ цыфæнды сценæйыл дæр. Вазыгджын Сенекæ æмæ рог Плавт — æмхуызон хорз сæ ‘вдисынц. Æнæ чиныгмæ кæсгæйæ, кæнæ экспромтæй дзурынмæ уыдонæн æмбал нæй.

Г а м л е т. О, Евфай, Израилы тæрхонгæнæг, цы диссаджы хæзна уыди дæумæ!

П о л о н и й. Цавæр хæзна йæм уыди, милорд?

Г а м л е т. Уæдæ куыд,

«Уыдис ын иунæг чызг æрмæст,
Æмæ йæ буцæй хаста».

П о л о н и й *(иуварсмæ).* Уæддæр та мæ чызгыл йæхи ныццавта!

Г а м л е т. И? Исты афтæ нæу, зæронд Евфай?

П о л о н и й. Кæд æз Евфай дæн, уæд тынг раст у, мæнæн ис чызг æмæ йæ хæссын буцæй.

Г а м л е т. Нæ, уый æппындæр раст нæу.

П о л о н и й. Уæдæ ма уæд раст цы у, милорд?

Г а м л е т. Мæнæ уый:

«Æмæ Хуыцау цы загъта,
Хъысмæт дæр уый æруагъта».

Дарддæр æй кæсын хъæуы — хатыр курын — дины æмдзæвгæйы фыццаг строфайы, уымæн æмæ, дæхæдæг уыныс, нырткæккæ нæхи ирхæфсдзыстæм.

*Бацæуынц ц ы п п а р, кæнæ ф о н д з актеры.*

Æгас цæут, хæлæрттæ! Саккаг кæнут, табуафси. Æхсызгон мын у уæ фенд. Æгас цæут, мæ хорз лымæнтæ. — А, зæронд æрдхорд! Бакæсут-ма, цы зачъе рауагъта, кæрæдзи кæдæй нал федтам, уæдæй нырмæ! Дæхи дзы бамбæрзтай æмæ Данимæ æрцыдтæ мæныл ахудынмæ, и? — Уый ды дæ, ме 'рыгон æхсин? Уæларвон сылпаддзах, нæ фæстаг фембæлдæй нырмæ ды арвмæ стахтæ венециаг каблуччы бæрц. Нæ зæрдæ дарæм, дæ хъæлæс, царды чи нал цæуы, ахæм ихсыд сызгъæрин æхцайау мæнг нæ уыдзæни. Табуафси, уæздан адæм. Цæй æмæ, уаритимæ чи цуан кæны, уыцы францусаг цуанæттау нæхи ныццæвæм, фыццагдæр нæ размæ цы фæуа, ууыл. Уæ хорзæхæй, исты монолог. Равдисут, уæ аивад цы у, уый. Цæй! Исты зæрдæагайæг монолог.

Ф ы ц ц а г а к т е р. Кæцы монолог, хæларзæрдæ принц?

Г а м л е т. Мæ зæрдыл ма лæууы, иу хатт мын кастæ скъуыддзаг иу пьесæйæ — уый æвдыст не 'рцыди сценæйыл, йе та йæ равдыстой иунæг хатт — сæ зæрдæмæ нæ фæцыдис. Бирæтæн хорз хæринаг æвзæрæй равзарын сæ бон нæу. Фæлæ мæнмæ гæсгæ, стæй мæнæй хуыздæр тæрхонгæнджытæм гæсгæ дæр, уый уыди диссаджы хорз пьесæ, хуымæтæг, фæлæ дæсны

фыст,архайд архайды фæстæ цыди æнаипп фæткыл. Хъуыды ма кæнын, фау æм хастой, æмдзæвгæтæ, дам, фаг рæсугъд не сты, йе 'взаг хъуаг у уæлтæмæнæй, æнæуый, дам, ыл æрцыди зæрдиаг куыст, уæлдай къæбæлдзыг ныхæстæ дзы нæй. Мæ зæрдæмæ дзы тынгдæр цыди монолог, Эней Дидонæн йæхи тыххæй кæм дзуры, уæлдай фылдæр та уарзтон, Приамы амарды кой кæм уыди, уыцы бынат.Кæд ма уыцы монолог дæ зæрдыл лæууы, уæд райдай мæнæ ацы рæнхъæй. Фæлæуу, фæлæуу...

«Æвирхъау Пирр, гиркайнаг сырдау чи уыд...»

Нæ, афтæ нæ. Райдайы Пиррæй:
«Æвирхъау Пирр, йæ хотыхтæ йæ удау
Кæмæн уыдысты тар æхсæвау сау,
Бæхы гуыбыны чи хуыссыд æмбæхстæй,
Уый ныр йæ дарæс сахуырста сырхæй,
Æмæ фæци фыццагæй дæр æбуалгъдæр,
Йæ нысанмæ йын рухс кæны фæндаг
Сылгоймæгтæн, сывæллæттæн, зæрæдтæн
Сæ туджы денджыз — найы дзы йæхи.
Тæссаг цæстытæй тугцырентæ калгæ,
Æнæхуыцау Пирр агуры зæххыл
Приамы».

Дарддæр æй дæхæдæг дзур.

П о л о н и й. Хуыцауыстæн, хорз, милорд. Дæ дикци хорз у, æнкъарæнтæ дæр — фæтк æмæ бæрцæй.

Ф ы ц ц а г  а к т е р.

«...Пирр æй ссардта.
Тыххæй-фыдтæй ма систа цирхъ Приам,
Фæлæ æрлæмæгъ, зæхмæ йын æрхаудта.
Æмæ йæ размæ бацæйтахти Пирр,
Йæ цирхъ бæрзонд, æрцæвынæввонг даргæ;
Цы хъуыд Приамæн? Карды 'хсидтæй дæр
Æрхаудта. Фæлæ стыр рыстæй хъæрзæгау
Æваст нынкъуысыд судзгæ галуан уæд,
Æркалд йæ къул æмæ фæсур лæгмарæг
Уысмы бæрц. Тугхор Пирры кард
Цыма нынныхст йæ риуыгъдыл уæлдæфы,
Йæ сæрмæ уыйау ауыгъдæй нындзыг,
Йæ бакаст та — лæгмары ныв кæттагыл,
Лæууы, йæ къух бынмæ нæ уадзы Пирр.

Фæлæ куыд вæййы уадтымыгъы размæ —
Кæсынц бæрзондæй æврæгътæ æнцад,
Фæцыдæр дымгæ, зæхх — мæлæтау сабыр,
Гъе стæй æваст ныннæры арв, æмæ
Нырризы зæхх. Гъе афтæ Пирр дæр фехъал,
'Мæ тынгдæр ферра тугмондагæй уæд.
Дзæбуг дæр сохъуыр уæйгуыты куырдадзы,
Кæм кæнынц Марсæн йе 'фсæйнаг гæрзтæ,
Нæ ныццæвдзæни афтæ карз хъæсдарæг,
Куыд ныццавта йæ цирхъæй Пирр Приамы.
Нæу раст Фортунæ! Сисут ыл уæ къух,
Йæ цалх ын байсут, о хуыцæуттæ — курæм, —
Ныссæдтут ын йæ дæндæгтæ, йæ чъил,
Æмæ йæ фехсут зындонмæ æврæгътæй».

П о л о н и й. Æгæр даргъ у.

Г а м л е т. Уый хилдасæгмæ арвитдзысты дæ зачъеимæ. — Дарддæр дзур, курын дæ. Ай балеттæ æмæ къуымых анекдоттæ йедтæмæ ницы зоны, æндæр истæмæ та бафынæй вæййы. Дзур. Гекубæмæ рахиз.

Ф ы ц ц а г а к т е р.
«Уæд ус-паддзахы чи федта бызгъуыртты...»

Г а м л е т. «Ус-паддзах бызгъуыртты»?

П о л о н и й. Тынг дзæбæх у! «Ус-паддзах бызгъуыртты» — хорз у.

Ф ы ц ц а г а к т е р.
Хуыссын кæны йæ цæстысыгтæй пиллон,
Бæгъæввадæй, хæцъилæй баст йæ сæр,
Хъæццулы цъарæй балвæста йæ астæу
Сызгъæрин рон, камариты бæсты.
Мæрдон цоппай йыл бахæцыд. Куы фенид
Лæг уыцы ныв, уæд нал кувид æппын
Фортунæйæн, йæ марг дзырдтæй йæ 'лгъитид.
Куыд хъазыди паддзахы усæй Пирр,
Йæ лæджы йын куыд къуыхтæ кодта кардæй,
Хуыцæуттæ уый куы федтаиккой, уæд
Æнамонд усы удхалæн цъæхахстæй
Цæхæркалгæ ыстъалытæ æваст
Цæссыгтæ фестиккой.

П о л о н и й. Кæсут-ма, йæ цæсгомы хуыз аивта, цæссыгтæй йæхи æхсы! Дæ хорзæхæй, æгъгъæд у.

Г а м л е т. Хорз. Дарддæр æй уый фæстæ радзурдзынæ. Уæздæтты уæздандæр, дæ цæст сæм фæдар, актерты дзæбæх суазæг кæнæнт. Хъусыс — дзæбæх сыл аудут, уымæн æмæ адон сты нæ рæстæгыл афæлгæст, йæ цыбыр повесть. Адон дæ удæгасæй дæ фыдгой куы ракæной, уæд уый фыддæр уыдзæн дæ ингæны къæйыл исты æвзæр фыстытæй.

П о л о н и й. Принц, цы аккаг сты, уый сын уыдзæн.

Г а м л е т. Нæ, хуыздæр, хæйрæджы амæттаг фæуай, уæздангуырд! Чи цы аккаг у, алкæмæн уый куы чындæуа, уæд æнæ надæй чи аирвæздзæн? Ауд сыл, дæ намыс куыд амоны, афтæ. Адонмæ цас къаддæр уой арфæйаг, уыйас фылдæр арфæйаг уыдзæн дæ рæдаудзинад. Ахон сæ.

П о л о н и й. Цомут, уæздæттæ.

Г а м л е т. Цæут йæ фæдыл, хæлæрттæ. Равдыст уыдзæн райсом.

*П о л о н и й æмæ а к т е р т æ, фыццагæй фæстæмæ, ацæуынц.*

Зæгъ-ма, зæронд æрдхорд, Уæ бон у «Гонзагойы амард» ахъазын?

Ф ы ц ц а г а к т е р. О, милорд.

Г а м л е т. Уæдæ йæ сомизæр æрæвæр. Куы бахъæуа, уæд æз кæй ныффыссон, ахæм дыууадæс — æхсæрдæс рæнхъы нæ сахуыр кæнис, пьесæмæ сæ бахæсгæйæ?

Ф ы ц ц а г а к т е р. О, милорд.

Г а м л е т. Иттæг хорз. Цу ды дæр уыцы уæзданы фæдыл, æрмæст ын мæстæймарæн митæ ма кæ.

*Фыццаг актер ацæуы.*

Нæ фембæлдмæ изæры, мæ хæлæрттæ. Иу хатт дæр ма зæгъын: сымах стут зынаргъ уазджытæ Эльсиноры.

Р о з е н к р а н ц. Хæларзæрдæ принц!

Г а м л е т. Хуыцауыл фæдзæхст ут!

*Р о з е н к р а н ц æмæ Г и л ь д е н с т е р н ацæуынц.*

Фæхибар дæн. Æппынфæстаг. Уæдæ
Куыд æвзæр дæн æнаккагдæр цагъарау!
Уый тъæйлаг нæу: хæтæнхуаг актер, ай,
Æрæмысгæ æнкъарæнтæй йæ сæнттæн,
Йæ бæллицтæн сæ дæлбар скæны зонд,
Æмæ кæлынц йæ цæссыгтæ, йæ рустыл
Тæдзы йæ туг, цæсгомы аллы ‘нцъылд
Æвдисы хъыг, зыр-зыр кæны йæ хъæлæс, —

Уый тъайлаг у! Фæлæ цæй фæдыл уæд?
Гекубæйы тыххæй.
Цы у Гекубæ,? Чи йын у Гекубæ?
Уæддæр уый ниуы. Уагæр ын мæнау
Йæ риу куы скъуыниd тугисыны азар,
Йæ цæссыгтæй уæд сценæ фестид мал,
Æмæ хъуысид æрвнæрынау йæ хъæлæс,
Фæцæуын кæнид аххосджыны зонд,
Нырризид раст лæг, фестъæлфид гуымиры,
Цæст атар уаид, хъус кæнид къуырма.
Æз та,
Къуымых, фыдгуырд, дыдæгътæгæнгæ зилын,
Фыр зивæгæй мыл бахæцыд хуыссæг,
Æмæ нæдæр мæнгардæй мард къаролæн,
Нæдæр мæхицæн исты дæн. Уæдæ,
Тæппуд дæн æз? Ныббардзынæн æфхæрдæн?
Куы мæ нæмой, — нæ ратдзынæн ныхкъуырд?
Сывæллонау мын зонд амоной хъуамæ?
Мæ фындзæй ласой мæн? Мæнгард мæ схоной
Æнаххосæй? Кæй фæнды, — рæвдздæр! Æз,
Нывæрдзынæн мæ къух, цы райсон ууыл.
Мæ бæлоны игæры нæй мæстад,
Мæ худинаг нæ судзы мæн цъæх артау,
Æндæр кæлмытæн аппæрстаин æз
Йæ мард лæгсырдæн раджы. О, æнаккаг
Фæлитой, туграсыг, хъыггаг гадздза!
О, тугист!
Æз та — хæрæг,цы загъдæуа мæнæй?
Æз мард фыды фырт. Арв мæнæн фæдзæхста:
«Дæ туг-иу райс дæ туджджынæй!» Æз та...
Уæййаг сылау хъæстытæгæнгæ тъизын,
Дзæгъæл дзæнгæда, уайдзæфтæ кæнын
Раст къустæхсæгау.
Пуй, зин! Мæ магъз, æрыхъал у! Кæддæр
Æз фехъуыстон, йæ талынг царды цаутæ
Фыдлæг куы фены сценæйыл, уæд, дам,
Актеры хъазтæй ссонт вæййы æррайау,
Йæ фыдгæндтыл, дам, басæтты æваст.
Нæ дзуры мард, фæлæ йæ сусæг
Æргом кæны йæхи. Куыд æрцыд мард

Мæ фыд, раст уый хуызæн ныв хъуамæ
Къаролæн равдисой актертæ. Æз та
Мæ цæст лæмбынæг дардзынæн йæ митæм —
Цымæ йæм бахъардзæн, тыхсдзæн. Кæд о,
Уæд зонын æз, цы гæнгæ у. Фæлæ ауон,
Уæвæн ис, æмæ зин уыди. Кæд зин
Мæ фыды хуызы бацыди? Фæлитой
Æмбары, æз фæллад, сæргой кæй дæн,
Æмæ мæ сафы. Æз цы зонын, уыдон
Фаг не сты искæй аххосджын кæнынмæ, —
Мæ фыст фæбæлвырддæр кæнон ам, —
Къаролæн сисин кæд йæ гам.

## ÆРТЫККАГ АКТ

### *1-аг СЦЕНÆ*

*Эльсинор. Уат галуаны. Бацæуынц К ъ а р о л, К о р о л е в æ, П о л о н и й, О ф е л и я, Р о з е н к р а н ц æмæ Г и л ь д е н с т е р н.*

К ъ а р о л

Уæдæ уæ бон йæ ракъахын нæ баци —
Цæмæн кæны сæрхъæны дард йæхи?
Йæ сагъуыды фæстиуджытæй нæ тæрсы?
Йæ удæнцой цæмæн сафы тыхæй?

Р о з е н к р а н ц

Йæхæдæг басаст — нæу æппын йæ чемы,
Фæлæ цæй тыххæй, уый нæ кæны хъæр.

Г и л ь д е н с т е р н.

Йæ ракъахын зын хъуыддаг у. Йæ низыл
Куы рацæуы ныхас, фæтылиф кæны уæд
Йæхи иннæрдæм йе 'рра зонды хинæй.

К о р о л е в æ

Куыд сæмбæлди сымахыл?

Р о з е н к р а н ц

Джентльменау раст.

Г и л ь д е н с т е р н.

Фæлæ чысыл æвæндгомауæй.

Р о з е н к р а н ц

Раст у.
Нæ фæрстытæн лæвæрдта дзуапп дзæбæх,
Фæрсгæ та — къаддæр.

К о р о л е в æ

Хиирхæфсæн митæм
Цыбæл нæ кодта?

Р о з е н к р а н ц

О, куыд нæ! Хъуыддаг
Йæхи йæхæдæг амыдта. Актерты
Æрцыды хабар фехъусгæйæ тынг
Ныццин кодта. Ныр галуаны сты уыдон,
Æвæццæгæн, йæ бардзырдмæ гæсгæ,
Изæры хъаздзысты.

П о л о н и й

Уый раст у, раст.
Нæ паддзæхтæ, спектакльмæ уæ хоны.

К ъ а р о л

Æхсызгонæй. Æз цин кæнын, кæд æй
Цыдæр æндавы, æмæ срухс йæ зæрдæ,
Бæлвырддæрæй йын базонут йæ равг,
Йæ æрхуым ын уæ узæлдæй фæсурут.

Р о з е н к р а н ц

Куыд зæгъыс, афтæ архайдзыстæм мах.

*Р о з е н к р а н ц æмæ Г и л ь д е н с т е р н ацæуынц.*

К ъ а р о л

Мæхи Гертрудæ, ацу уал ды дæр.
Мах Гамлеты æрбасайдзыстæм ардæм,
Офелия, æнæнхъæлджы ам
Куыд фембæлат. Æнæбары шпионтæй
Дæ фыдимæ уал бамбæхсæм нæхи,
Цæмæй бæлвырдæй базонæм нæ принцæн
Йæ низыхатт: уый уарзт у æви нæу.

К о р о л е в æ

Уæдæ цæуын. Зæгъы мæнæн мæ зæрдæ,
Офелия, — дæ рæсугъддзинад уæд
Йæ иунæг низ мæ иунæгæн — нæ принцæн,
Дæ уды фарн ын срухс кæнæд йæ цард, —
Уый кад уыдзæни уымæн дæр, дæуæн дæр.

О ф е л и я

Хуыцау зæгъæд.

П о л о н и й

Офелия, тагъд ардæм.

Кæн тезгъо ам. Мæ паддзах, стыр дæ фарн,
Æмбæхсын афон у. Чызг, райс уал чиныг —
Цæмæн дæ иунæг, уымæн дын æфсон:
Кæсыс. Уæвгæ сæ хæрзтæй не стæм мах дæр:
Æддаг бакастæй — раст æнæлаз зæдтæ,
Фæлæ нæм бавнал — сайтанты зæвæттæ
Фæдфæливынæй н 'амбулдзысты мах.

К ъ а р о л (*иуварсмæ)*

О, раст у уый, æгæр раст. Æмæ ехсау
Æхситгæнгæ мæ удыл уый æрцыд.
Гадздза сылæн йæ русты ахуырст сисæнт, —
Нæ уыдзысты фыдцъылыздæр уæддæр
Мæ хъуыддæгтæй, — рæсугъд ныхæсты ауон
Æмбæхсын уыдон. О, куыд зын у, куыд!

П о л о н и й

Æрбахиздзæн ныртæккæ. Цом, мæ паддзах.

*К ъ а р о л æмæ П о л о н и й ацуынц. Бацæуы Г а м л е т.*

Г а м л е т.

О, уым ис фарста: уон æви нæ уон.
Цы цæфтæ 'мæ къæрццытæ уайы удыл
Мæрддзæст хъысмæтæй, уыдонæн быхсон
Æви фыдæхты денджызæн йæ ныхмæ
Æрлæууон, скæнон удхæрттæн кæрон?
Мæрдрох дыл бафтæд. Амæл. Гъе æрмæст ма
Уый зон, кæй у фæстаг тæлмæн дæ фын
Дæ буар, дæ уды мингай гом хъæдгæмттæн.
Уый нæу бæллиц? Мæлæт. Мæрдрохы фын.
Фынæйæ уын фынтæ? Уый — дзуапп мæ фарстæн.
Цы фынтæ ма уындзæн йæ фыны мард,
Куы суа зæххон æнкъарæнтæй хæрзафтид?
Йæ аххос уый у. Уымæн бæллы лæг
Æнамондæй дæр а зæххыл цæрынмæ.
Æндæр куыд ис ныббарæн дуджы 'фхæрд, —
Æнаххос уды чи 'ппары цъысымы,
Æдзæсгом хицæутты æнæфсарм уаг, —
Бар чи хурх кæны, уарзондзинад та — маргæ,
Ысгуыхт лæгтæн хæрам лæджы тæрхон, —
Куыд ис ныббарæн? Кæд æмæ æхсаргард
Йæ иунæг цæфæй скæнид сын кæрон?

Кæй фæндид царды стыр уаргъы бын хилын,
Куы нæ тæрсиккам, н' адзалы фæстæ
Цы уыдзæн, уымæй, — мæрдтыбæстæй иу дæр
Нæма раздæхт. 'Мæ сразы вæййæм мах
Нæ зонгæ стыр фыдæхтимæ цæрыныл,
Мæрдкъуырма тармæ лидзыны фæлтау.
Тæппудтæ скæны уыцы хъуыды махæй,
Нæ æрдзон ныфсыл алайау зыны,
Йæ мынæг рухс нæ мæллæг зондæн тары
Зынг раттын нæу нæ хъуыддæгтæн йæ бон, —
Æмæ сæ нысан никуы 'ргъæвынц царды, —
Мæлынц фæндагыл. О, фæлæ æгъгъæд! —
Офелия! Мæ уды цин! Куы кувай, —
Мæ тæригъæдты кой дæр-иу ыскæн.

О ф е л и я

Дзæбæх уыдтæ, принц, а фæстаг рæстæджы?

Г а м л е т.

У арфиаг: æгæр дзæбæх, æгæр.

О ф е л и я

Цы лæвæрттæ мын радтай, принц, фæстæмæ
Мæн уыдон рагæй раздахын фæндыд.
Æмæ сæ айс.

Г а м л е т.

Цытæ дзурыс, рæдийыс.
Нæ радтон никуы æз дæуæн лæвар.

О ф е л и я

Нæ, радтай, принц, тынг хорз æй куы зоныс,
Дæ буц ныхæстæ зарæгау мæнæн
Дæ лæвæртты уæлдай зынаргъдæр кодтой.
Ныр ссыд сæ тæф. Ныр сæ фæстæмæ айс.
Лæвар дæтгæйæ чи ивы йæ зæрдæ,
Нымады нæу æгъдауджын чызгмæ уый.
Дæ хорзæхæй.

Г а м л е т. Ах, ды æгъдауджын чызг дæ?

О ф е л и я. Милорд?

Г а м л е т. Æмæ ды рæсугъ дæ?

О ф е л и я. Цы зæгъынмæ хъавы дæ уæздандзинад?

Г а м л е т. Уый, æмæ кæд ды æгъдауджын æмæ рæсугъд чызг дæ, уæд де 'гъдауæн ницы куыстаг ис дæ рæсугъддзинадимæ.

О ф е л и я. Ау, рæсугъддзинадæн æгъдау йæ хуыздæр хъузон нæу?

Г а м л е т. О, ай-гъай. Æмæ цалынмæ æгъдау рæсугъддзинады раст кæна, уæдмæ рæсугъддзинад æгъдауы цъымарайы смидæг кæндзæн. Раздæр уый нымадтой парадоксыл, ныр та рабæрæг, æцæг кæй у, уый. Æз дæ кæддæр уарзтон.

О ф е л и я. Æцæгæйдæр, принц, уырныдта мæ.

Г а м л е т. Нæ дæ хъуыди æууæндын. Нæ тæригъæдджын къодахы цасфæнды ахуыр кæн хорздзинадыл, уæддæр йæ зæронд уаг нæ аивдзæн. Æз дæ нæ уарзтон.

О ф е л и я. Уыцы сайд мæ ноджы тынгæдæр риссын кæны.

Г а м л е т. Ацу моладзандонмæ. Цæмæн хъæуы цот арын, æмæ уымæй тæригъæдджынты фылдæр кæнын? Æз мæхæдæг, быхсæн кæмæн ис, ахæм æгъдауджын дæн. Фæлæ суанг æз дæр мæхимæ уыйбæрц хъæнтæ арын, æмæ хуыздæр уыдаид, мæ мад мæ куы нæ ныййардтаид. Дæн сæрыстыр, хиуарзон, мастисæг. Мæ хъуыды цас ахсы, уымæй мæ мидæг фылдæр æлгъагдзинæдтæ ис, фантази мын нæ фаг кæны, цæмæй сæ цæрдхуыз скæнон, рæстæг дæр нæй сæ равдисынæн. Цы хæйрæджы къæдзилмæ фæзынынц мæн хуызæттæ арвæй зæххы ʻхсæн сæхи кæрæдзийыл хафынæн? Неппæтдæр сæрæй-бынмæ фæлитойтæ стæм. Макæуыл æууæнд махæй. Дзæбæхæй ацу моладзандонмæ. Кæм и дæ фыд?

О ф е л и я. Нæхимæ, милорд.

Г а м л е т. Дуæрттæ йыл фидардæр сæхгæнын хъæуы, цæмæй йæхицæй æдылы араза æрмæст йæ бинонты æхсæн. Ацу, удæнцой у.

О ф е л и я. Уаз тыхтæ, феххуыс ын кæнут!

Г а м л е т. Мой куы скæнай, уæд дын мæнæ æлгъыст чындзагæн. Ихау у æнæхæлд , митау сыгъдæг, хахуырæй нæ фервæздзынæ. Зæгъынц дын: моладзандоны дæхи бамбæхс. Ацу дзæбæхæй. Фæлæ дæ кæд æнæмæнг лæг хъæуы, уæд смой кæн æдылымæ. Зондджынтæ æгæр хорз зонынц, сымах сæ цы маммитæ ацаразут, уый. Зæгъын дын: моладзандонмæ. Фæстиат ма кæн. Цу удæнцойæ.

О ф е л и я. Уаз тыхтæ, сдзæбæх æй кæнут!

Г а м л е т. Дæхи куыд ахорыс, уый дæр зонын. Хуыцау дын радта иу цæсгом, ды та æндæр цæсгом райстай — кафыс, гæппытæ кæныс, дæ фыддзых, Хуыцау цы сфæлдыста, уыдон

хоныс фидиссаг нæмттæй. Æмæ дæ фæнды, цæмæй дын дæ хæлд митæ афтæ нымайой, — цы кæны, уый Хуыцауы рæстæй кæны, цы кæны, уый не 'мбары, зæгъгæ? Нæ, уый нæ уыдзæн. Æгъгъæд у. Мæ зонд мæнæн уыдæттæй фæцыди. Иунæг чындзæхсæв дæр нæ. Ныронг усджын чи сси, уыдонæн та, иуæй фæстæмæ, Хуыцау æнæниз цард раттæд. Иннæтæ та цæрæнт, куыд цардысты, афтæ. Ацу моладзандонмæ.

*Ацæуы.*

О ф е л и я.
Цы дисаджы зонд амарди! Йæхимæ
Кæй не 'лвæста йæ парахатæй уый?
Уым сиу ысты æгъдау æмæ дзырдарæхст,
Лæгдзинад æмæ ахуыры тæмæн,
Уыд хорзæхы, уæздандзинады фидыц,
Сæ айдæн... Æмæ ныр ныппырх... бынтон...
Æз чи дæн? Æз - сылгоймæгты мæгуырдæр,
Кæй удмæ тагъд йæ сомытæн сæ мыд,
О, стыр Хуыцау, куыд уынон ныр, куыд сæфы, —
Æрхауæг фаст дзæнгæрæджы мыртау
Йæ тыхджын зонд дзæгъæл зыланг куыд кæны,
Йæ рæсугъд, йе 'взонг диссаджы фæлгонц
Æрра гутон куыд хуым кæны хæйрæгау!

*К ъ а р о л æмæ П о л о н и й æрбаздæхынц.*

К ъ а р о л
Уый уарзт у? Нæ, нæ, уымæй нæу сæргой.
Стæй кæд хæлхъой сты Гамлеты ныхæстæ,
Уæддæр сæ нæй æррадзинад. Йæ уд
Æндæр цыдæр æбæхсы сау æрхуымы,
Æндæр цыдæр бæллæхмæ у йæ хъавд.
Гъе уый тыххæй æз рахастон уынаффæ,
Мæхи куыд скæнон афоныл æдас:
Уый хъалонтæ æмбырдкæнынмæ науыл
Рæхджы æрцæудзæн Англисмæ æрвыст.
Кæд денджызон балц, ног бæстæ 'мæ адæм
Фæсуриккой, цы йын хæры йæ уд,
Йæ сæр дзæгъæл кæмæй кæны, уыдæттæ
Йæ зæрдæйæ. Куыд дæм кæсы мæ фæнд?
П о л о н и й
Дæ фæнд у фæнд. Фæлæ уæддæр фыццагау
Нымайын афтæ: йе 'рхæндæг гуыры

Ӕнамонд уарзтæй. — Чызг, ды та цы зæгъыс?
Цы дзырдта Гамлет, ма фæзм уый æрмæст.
Хъуыстам æй мах — Дæ бар дæхи. Цы зæгъон?
Дæ бынаты комедийы фæстæ
Фæиу кæнин æз принц æмæ æхсины.
Кæд райхалид йæ зæрдæйы ‘лхынцъ мадæн.
Кæд дæ фæнды, уæд байхъусдзынæн æз
Сæ ныхасмæ æмбæхстæй. Ӕмæ ‘хсинæн
Йæ ракъахын куы нæ бантыса, уæд —
Ӕрцæуæд ахст, йе Англисмæ цæуæд,
Дæхи куыд фæнды, афтæ кæн.

К ъ а р о л

Уæд афтæ.
Дзырддзæугæ ‘рратæн ахæстон — хæдзар.

*Ацæуы.*

## *2-аг СЦЕНӔ*

*Уый дæр уым. Бацæуынц Г а м л е т æмæ цалдæр а к т е р ы.*

Г а м л е т. Дзурут роль, уæ хорзæхæй, æз уын куыд амыдтон, афтæ: рог, æнæрхæцгæ. Кæд æй, уæ фылдæртæ куыд фæкæнынц, афтæ аралло кæндзыстут, уæд уый хуызджр уаид уынджы фидиуджытæн раттын. Уымæй уæлдай, уæлдæф лыгтæ кæнын ма сисут дзæгъæлы уæ къухтæй, мæнæ афтæ, алцы дæр — бæрц æмæ фæткыл. Суанг æнкъарæнтæн сæ ивылды дæр, зæгъæм, сæ уаддымгæйы дæр уæхиуыл хæцын фæразут, — уæд уæ хъазт уыдзæн рæстдзинадæй аив. Адæймаг куыд нæ мæсты кæна, къамбецы хуызæн лæг, йæ сæрыл мæкъуылæй стырдæр парик, афтæмæй богътæ кæнын куы райдайы, йæ сæрыхъуынтæ бындзыггай тонæгау йæ монцтæ скъуыдтæ æмæ пырхытæ кæнын куы сисы, бандон кæмæ не ‘рхауы, æмæ æгомыг пантомимтæ æмæ дзæгъæл хъæрæй уæлдай кæй ницы æндавы, уыдоны цинæн. Ахæм актеры æз уисæй фæнæмын кæнин, Ироды йæхицæй ироддæр скæныны хъуыды йæм кæй æрцыди, уый тыххæй. Уый дæлимонæй фыддæр у. Ма кæнут афтæ.

Ф ы ц ц а г а к т е р. Ма тыхс ууыл, дæ уæздандзинад.

Г а м л е т. Фæлæ æгæр æндзыг дæр ма ут, хъусут уæ мидзæрдæйы хъæлæсмæ. Уе ‘змæлд бæттут диалогимæ, дзурут, уе ‘змæлдмæ гæсгæ, фæлæ афтæ, цæмæй æрдзон уагæн йæ арæнтæй

нæ ахизат. Театр фидауы бæрцæй, театры нысан та æппæт рæстæджыты дæр уыди æмæ уыдзæн: æрдзæн, куыд загъдæуы, йæ разы айдæн дарын, намысæн дæр, ныллæг мийæн дæр се ‘цæг цæсгæмттæ æвдисын, стæй историйы алы рæстæгæн дæр йæ фæлгонц æнæ ахуырстæй æвдисын. Ам дæр бæрц: куы фегæр уа, йе та къахырæй куы аззайа, цы ‘вдисыс, уый, уæд аивад чи не ‘мбары, уыдон худдзысты, æмбаргæ адæймаг та æрынкъард уыдзæн, фæлæ уый тæрхон, фарн уæм бадзурæд, нымаинагдæр у сымахæн, ницымбарæг адæмы тæрхонæй, æнæхъæн театр уыдонæй дзаг куы уа, уæддæр. Æз фембæлдтæн актертыл, се ‘хсæн уыди ахæмтæ, сæ кад арвы кæрæттæм кæмæн хъуыст, фæлæ, хъыг сæм ма фæкæсæд, сæ хъæлæстæй, сæ манерæтæй нæдæр чырыстæтты, нæдæр дзуттæгты хуызæн уыдысты — иудзырдæй, адæмы хуызæн нæ уыдысты. Уыдон афтæ змæлыдысты æмæ ниудтой, æппæт адæмы афтæ æвирхъау хуызы ‘вдыстой, æмæ-иу лæг дисæй марди, æрдз кæй баххуырста ахæмты цъапп-цъуппæй ацаразынмæ?

Ф ы ц ц а г а к т е р. Мæ бон зæгъын у, принц, мах нæхи уыдæттæй ссыгъдæг кодтам, нæ бон куыд уыди, афтæ.

Г а м л е т. Бынтондæр сæ аиуварс кæнут. Æдылыты чи хъазы, уыдон та, цы фыст сын ис, уымæй фылдæр дзурын ма уадзут. Иуæй-иутæ сæ цæсгом суадзынц, пьесæйы тæккæ ахъаззагдæр бынæтты сæхæдæг худын байдайынц публикæйы къуымыхдæрты бахъæлдзæг кæныны охыл. Уый æнæныппаринаг хъуыддаг у, уый æвдисы уыцы айуантæн сæ хиуарзондзинад цас аслам у, уый. Цæугæут, уæхи бацæттæ кæнут.

*Актертæ ацæуынц. Бацæуынц П о л о н и й, Р о з е н к р а н ц æмæ Г и л ь д е н с т е р н.*

Г и л ь д е н с т е р н. Цæй куыд, милорд, къаролы ацы пьесæмæ бакæсын фæнды?

П о л о н и й. Стæй королевæйы дæр, куыд гæнæн ис, афтæ тагъддæр.

Г а м л е т. Зæгъут актертæн, æмæ фæтагъд кæной.

*П о л о н и й ацæуы*

Дыууæйæ нæ ацæуиккат сæ батагъд кæнынмæ?

Р о з е н к р а н ц æмæ Г и л ь д е н с т е р н. Æвæстиатæй, милорд.

Г а м л е т.

Горацио!

*Бацæуы Г о р а ц и о*

Г о р а ц и о.

Æз , принц, цæттæ — лæггадмæ.

Г а м л е т.

Горацио, цы адæм зонын æз,
Гъе уыдонæн сæ хуыздæр дæ, сæ растдæр.

Г о р а ц и о.

Цы дзурыс, принц...

Г а м л е т.

Нæ дын кæнын козбау —
Хъæздыг нæ дæ хæдзарæй дæр, фынгæй дæр,
Хъæлдзæг зæрдæ у де стыр мулк дæуæн.
Мæгуыр кæй хъæуы? Уадз æмæ хъæздгуытæн
Сæ фæскъæсæр сæ зонгуытыл лæууой
Сыдзысдæрджытæ, цагъартæ ‘мæ сæхицæн
Сæ козбауæй къæбæрамал кæной.
Æрбайхъус-ма. Кæдæй мæнæн мæ зæрдæ
Ысси закъон, ‘мæ чи цы у, — уыны,
Уæдæй нырмæ дæу равзæрста хуыздæрæн.
Дæ царды фæтк — бæрзонд нысаныл баст,
Дæ хъизæмæрттæй хъизæмар нæ кæныс, —
Дæ карнæ ‘рхæссæд цин кæнæ фыдæх —
Уæлдай дын нæу, — вæййыс дзы бузныг алкæд.
Тæхудиаг у, ахæм туджы хатт,
Стæй ахæм зонд кæмæ вæййы. Хъысмæтæн
Йæ къухты уый нæ фестдзæни фæндыр,
Кæмæн ласа хъæугæ зæлтæ йæ тæнтæй.
Дæуау сыгъдæгуд чи уа, ахæм ссар,
Æмæ йæ демæ зæрдæйы нывæрон,
Нæ, арфдæр — зæрдæйы зæрдæйы. Хъус.
Æвдисдзысты къаролæн абон пьесæ.
Мæ фыд куыд амард, уый та дын дзырдтон.
Раст ахæм хабар пьесæйы уыдзæни.
Æмæ куы ‘вдисой уыцы эпизод, —
Дæ цæст къаролæй иу секунд дæр ма сис.
Кæнæ уый сценæ скæндзæни сæргой,
Кæнæ уыди мæ фыды ‘ндæрг дæлимон.
Мæ сæры магъз цырен кæны Вулканы
Куырдадзау. Кæс æдзынæг, кæс. Æз дæр
Кæсдзынæн, стæй цы федтам, уымæй иумæ
Кæндзыстæм хатдзæг

Г о р а ц и о.

Мӕнӕ дын мӕ къух.

Ӕз ивар фидын давды фӕдыл, давӕг
Куы алидза, куы нӕ сбӕрӕг уа, уӕд.

Г а м л е т.

Ӕрбацӕуынц. Ӕрбарынчын уон ногӕй.
Бынӕттӕ бацахс.

*Даниаг марш. Хӕтӕлтӕ уасынц. Бацӕуынц К ъ а р о л, К о р о л е в ӕ, П о л о н и й, О ф е л и я, Р о з е н к р а н ц, Г и л ь д е н с т е р н ӕмӕ иннӕтӕ.*

К ъ а р о л. Куыд у дӕ цард, нӕ туг, не стӕг, принц Гамлет?

Г а м л е т. Уырны дӕ, ӕгӕр хорз. Хамелеоны хуызӕн. Зӕрдӕвӕрӕнтӕй йӕ тӕккӕ дзаг уӕлдӕф хӕрын. Ӕрдыст уасӕджы дӕр афтӕ ӕфсӕстхаст нӕ фӕкӕнынц.

К ъ а р о л. Дӕ дзуапп мӕнмӕ нӕ хауы. Уыдон мӕ ныхӕстӕ не сты.

Г а м л е т. Ныр мӕн дӕр нал сты. *(Полонимӕ.)* Милорд, университеты куы уыдтӕ, уӕд сценӕйыл хъазыдтӕ, раст нӕу?

П о л о н и й. Хъазыдтӕн, милорд, ӕмӕ нымад уыдтӕн хорз актерыл.

Г а м л е т. Кӕй хъазыдтӕ?

П о л о н и й. Ӕз хъазыдтӕн Юлий Цезӕры. Мӕн мардтой Капитолийы. Брут мӕ амардта.

Г а м л е т. Бруталон ми бакодта, ахӕм капиталон роды кӕй амардта, уымӕй. — Цӕттӕ сты актертӕ?

Р о з е н к р а н ц. О, милорд. Уыдон ӕнхъӕлмӕ кӕсынц дӕ бардзырдмӕ.

К о р о л е в ӕ. Ардӕм рацу, мӕ буц Гамлет, мӕ фарсмӕ сбад.

Г а м л е т. Нӕ, мӕ мадыхай, ам ӕндӕр згъӕр ис, йӕхимӕ тынгдӕр чи ‘лвасы.

П о л о н и й *(ныллӕг хъӕлӕсӕй къаролӕн).* О-гъо, фехъуыстай?

Г а м л е т. Леди, ӕмбӕлы, мӕхи дӕ уӕрджытыл ӕруадзон? *(Радаргъ Офелияйы къӕхты цур.)*

О ф е л и я. Нӕ, милорд

Г а м л е т. Афтӕ нӕ, аххосджын дӕн: мӕ сӕр дӕ уӕрджытӕм ӕруадзон?

О ф е л и я. О, милорд.

Г а м л е т. Ды ахъуыды кодтай — цыдӕр ӕнӕгъдау ми.

О ф е л и я. Ницы ахъуыды кодтон, милорд.

Г а м л е т. Афтæмæй та уый диссаджы хъуыды у — чызджы къæхты ‘хсæн хуыссын.

О ф е л и я. Цы хабар у, милорд?

Г а м л е т. Ницы.

О ф е л и я. Принц, абон æгæр хъæлдзæг нæ дæ?

Г а м л е т. Чи, æз?

О ф е л и я. О, милорд.

Г а м л е т. Хуыцауыстæн, дæу тыххæй æз цалхау дæр мæхи ныззилдзынæн. Уæвгæ, куыд нæ уон хъæлдзæг? Бакæс ма, мæ мадæн куыд райгонд у йæ хуыз, афтæмæй та дыууæ сахаты размæ амарди мæ фыд.

О ф е л и я. Нæ, принц, дыууæ хатты дыууæ æххæст мæйы.

Г а м л е т. Куыд? Афтæ бирæ? Гъе, уæдæ дæлимон сау дарæд. Дардзынæн зынаргъ кæрц. Æрвон тыхтæ! Дыууæ мæйы размæ амард æмæ нырма нæма ферох! Уæдæ нæ уæд ныфс ис, стыр лæг куы амæла, уæд ма йæ ном афæдзы ‘мбис кæй цæрдзæн, уымæй. Фæлæ уæлæуыл стыр хæрдзтæ кæнæд аргъуантæ аразыныл, науæд æй ничи æрымысдзæн, хъæдын бæхау, йæ цыртыл афтæ фыст кæмæн ис:

Йæ ингæнæй куыд не сты?

Йæ сæфтджытæ цы фесты?

*Цæгъды гобон. Райдайы пантомимæ. Сценæйыл — К ъ а р о л æмæ К о р о л е в æ, кæрæдзийæн рæвдауæн митæ кæнынц, кæрæдзийæн хъæбыстæгæнгæ. К о р о л е в æ æрлæууы йæ зонгуытыл, æууæндын кæны Къаролы, йæ зæрдæ йыл кæй никуы сивдзæн, ууыл. К ъ а р о л æй сыстын кæны, йæ уæхскыл ын æруадзы йæ сæр. Стæй йæхи æруадзы дидинæгдоны къутæртыл. Куы бафынæй, уæд Королевæ ацæуы. Уый фæстæ фæзыны н æ л г о й м а г, К ъ а р о л ы сæрæй сисы коронæ, ба йын кæны, Къаролы хъусы марг ауадзы æмæ ацæуы. Æрбаздæхы Королевæ, уыны йæ л æ д ж ы мардæй, йæ митæй æвдисы йæ хъыг. Ногæй фæзыны м а р г д а р æ г цалдæр м а р д х æ с с æ г и м æ, йæхи афтæ æвдисы, цыма тынг хъыг кæны. Мард ахæссынц. Л æ г - м а р æ г лæвæрттæй æлхæны К о р о л е в æ й ы зæрдæ. Уый æвдисы йæ маст, кæй йæ нæ уарзы, уый, фæлæ фæстагмæ йæ зæрдæ æрфæлмæн.*

*Ацæуынц.*

О ф е л и я. Уый цæуыл дзурæг у, принц?

Г а м л е т. «Маргджын калм», дзургæ та кæны талынг хъуыддагыл.

О ф е л и я. Æвæццæгæн, пантомимæ æвдисы, цы пьесæмæ кæсдзыстæм, уый мидис?

*Сценæйыл фæзыны П р о л о г.*

Г а м л е т. Ныртæккæ æппæтдæр базондзыстæм ацы лæггондæй. Актертæ сæ дзыхтыл хæцын нæ зонынц, æмæ хъуамæ сæ сусæгдзинæдтæ ралæхурой.

О ф е л и я. Цы равдыстой, уымæн йæ хъуыды бамбарын кæндзæн?

Г а м л е т. О, стæй цыфæнды дзаумайæн дæр. Æрмæст æвдисынæй æфсæрмы ма кæн, уый та дын æнæфсæрмæй æмбарын кæндзæн, цы у, уый.

О ф е л и я. Ды мæргæвзаг дæ, мæргæвзаг! Æз кæсдзынæн пьесæмæ.

П р о л о г.

Нæ равдыстмæ нын бакæсут,
Уæ зæрдæмæ йæ бахæссут,
Æмæ йæм фаутæ ма хæссут.

Г а м л е т. Уый цы у, пролог, æви къухдарæныл фыст?

О ф е л и я. Æцæгæйдæр, цыбыргомау у, милорд.

Г а м л е т. Сылгоймаджы уарзты хуызæн.

*Бацæуынц д ы у у æ а к т е р ы: К ъ а р о л æмæ К о р о л е в æ.*

К ъ а р о л с ц е н æ й ы л.

Феб хус зæхх æмæ денджызтыл æрзылд
Æртын хатты цыппор бæхыл, ыстылд
Нæ сæрмæ ‘ртын дыууадæс хатты мæй,
Кæрæдзи мах куы бауарзтам, уæдæй.
Нæ къухтæ нын куыд райста Гименей,
Уый мæрдты дæр нæ уыдзæн рох мæнæй.

К о р о л е в æ с ц е н æ й ы л.

О, уыйбæрц ма куы фæцæриккам мах,
Куы нæ ныккæлид н’ амонды гæнах!
Фæлæ тыхсын — дæ хуыз æнæниз нæу,
Уæддæр тæрсын нæ хъæуы, фидар лæуу.
У афтæ конд сылыстæг та æрдзæй:
Йæ тарстæн дæр йæ уарзтау арæн нæй, —
Цы кæна, уый цæхджын кæны æгæр.
Йæ ад мæ уарзтæн базыдтай ды дæр, —
Куырм у мæ уарзт дæр, у мæ тас дæр куырм,
Тыхджын кæм уой æнкъарæнтæ, гъе уым
Чысыл ницы дæр зонд кæны æмыр,
Кæм уарзынц бирæ, уым чысыл у стыр.

К ъ а р о л с ц е н æ й ы л.
Мæ хуры хай, фæхицæны рæстæг
Мæ адзалимæ ам лæууы хæстæг.
Ды та мæ фæстæ амондимæ цæр,
Куыд уай æдзух зæххон фидыцы сæр.
Дæ дыккаг мой...
К о р о л е в æ с ц е н æ й ы л.
Дæ дзыхæй ма суадз уый!
Нæ райсдзынæн гадзрахаты æлхуый.
Дыккаг лæгимæ ралгъитæд мæн дуг,
Дыккагыл уæд фыццаг лæгæн йæ туг.
Г а м л е т *(фæрсмæ).*
Йæ рыг кæлы!
К о р о л е в æ с ц е н æ й ы л.
Лæгмæ дыккаг хатт чи ‘рцæуы, уый уарзт
Нæ хъæуы, — мулкмæ, ‘хцатæм у йæ каст.
Дæ сынтæгмæ куы ‘рбауадзон æндæр,
Уæд мардзынæн дыккаг хатт æз дæу дæр.
К ъ а р о л с ц е н æ й ы л.
Æууæндын, — у дæ зæрдæ раст, æргом,
Гъе фæлæ скъуыйдзæн, мах цы бæтты ‘нгом.
Нæ сомытæ нæ ферох вæййынц тагъд,
Цыма рæгъæд дыргъ къалиуæй æрхауд,
Гъе афтæ ‘рхауынц уыдон дæр мæрдтæй.
Цæрæн нæй зæххыл сомытæй, сæнттæй,
Нæхицæй сæ гъе уымæн фехсæм дард,
Æмæ нæ цæуы иу ауæдзыл цард:
Æнкъарæнты фæйлауæнты æмæ
Нæ бæллицты кæлæнгæнæг хъæрмæ
Мах ног истытæ агурæм æдзух.
Хъыг æмæ цинæй ничи вæййы цух,
Фæлæ дымгæйау айсæфынц æваст.
Нæ уарзы ‘рхæндæг циндзинады рад,
Фæлæ æрхæндæг цинмæ нæу нымад.
Кæд алцыдæр рæстæгмæ у, гъе стæй
Рыг фесты, уæд æгъдау æмæ рæстæй
Æнæивгæ куыд баззайдзæни уарзт?
Гъе уый у, гъе, нæ тæккæ стырдæр фарст.
Хъысмæтæй хъазы уарзт, æви хъысмæт

Нæ уарзтæй? Уый нын зондаби зæгъæд.
Æрхауд лæгау лæг — нал фæхъæуы мах,
Куы абады мæгуыр лæджы хъул сах, —
Йæ фыдгул ын æрбавæййы лымæн.
Куырм кæны уарзты пайдайы тæмæн.
Гъе афтæ сты нæ хъуыддæгтæ, нæ цард, —
Нæ мидхъару æнцонæй ‘рцæуы мард,
Нæхиуыл дæр нæ цæуы, нæ, нæ бар,
Куыд хæрыс уæд мой не скæныныл ард?

К о р о л е в æ  с ц е н æ й ы л.

Бын бауæд дуне, фесæфæд тыллæг!
Æдзух куыд уон мæ адзалмæ бæллæг!
Цъæхснаг фæсмонæй батар уæд мæ цæст!
Мæ уд уæд ахстау ныккæндмæ æппæрст!
Æрцæуæд мыл бæстысæфты тымыгъ,
Ныппырх кæнæд æгъатырæй мæ ных!
Уæд м’ алы къахдзæф хъизæмар, сæргой,
Æз, идæдз ус, куы скæнон ногæй мой.

Г а м л е т. Нæ фæсайдзæн?

К ъ а р о л  с ц е н æ й ы л.

Нæй сомытæй хынджылгæнæн. Бон
Зын уыди, æмæ афынæй кæнон,
Ды та уал ацу.

*Бафынæй.*

К о р о л е в æ  с ц е н æ й ы л.

Баулæф дзæбæх.
Уæнт дард нæ цардæй низ æмæ фыдæх.

*Ацæуы.*

Г а м л е т. Æхсин, пьесæ дæ зæрдæмæ цæуы?

К о р о л е в æ. Мæнмæ гæсгæ, леди æгæр бирæ сомытæ кæны.

Г а м л е т. О, уый йæ дзырд баххæст кæндзæн.

К ъ а р о л. Архайд дарддæр куыд цæудзæн, уый зоныс? Цы нæ ‘мбæлы, ахæмæй дзы ницы ис?

Г а м л е т. Нæ, нæ. Уый æппæтдæр хъазт у, марг ын йæ хъусы хъазгæйæ уадзынц. Æппындæр дзы зæрдæхсаинагæй ницы ис.

К ъ а р о л. Цы хуины пьесæ?

Г а м л е т. «Мыстахсæн». Фæлæ уый комкоммæ афтæ ‘мбаргæ нæу. Пьесæ æвдисы, Венæйы чи ‘рцыд, ахæм лæгмард. Герцогæн йæ ном — Гонзаго. Йæ ус — Баптистæ. Ныртæккæ

сæ фендзынæ. Уый у тæккæ чъизидæр ми. Фæлæ дзы махмæ цы хауы? Де стырдзинадмæ, стæй махмæ нæ сыгъдæг æфсармимæ уый ницы бар дары. Уадз зæронд бæх чъыллиппытæ кæнæд, кæд йæ фæстаг æфхæлд у, уæд. Махæн не стджытæ æнæлаз сты.

*Бацæуы Л у ц и а н.*

Уый Луциан у, къаролы æфсымæры фырт.

О ф е л и я. Ды хоры бæсты хорз зарыс, милорд.

Г а м л е т. Ацы куклатæ мæ къухмæ куы ‘рбахауиккой, уæд дын минæварæй фæцæуин дæ сындзæвзаг уарзонмæ.

О ф е л и я. Тынг цыргъзонд дæ, принц, тынг цыргъзонд.

Г а м л е т. Нæтын дæ бахъæудзæн, цæмæй мæ скъуымых кæнай.

О ф е л и я. Цас фылдæр уон демæ, уыйас мын зындæр у.

Г а м л е т. Мой куы скæнай, уæддæр афтæ уыдзæн. — Райдай, лæгмарæг. Гъæ, емынæйы хуызæн! Де ‘нæхуыцау хæмхудтæ ма ныззылынтæ кæн æмæ райдай. Цæй! «Йæ уастæй сиды тугисынмæ халон».

Л у ц и а н.

Къух — фидар, марг — тыхджын, мæ уд — хæрам,
Æрцыд рæстæг — мæн ничи фендзæн ам.
Гекатæйæн йæ калм-кæрдæгæй конд
Тæнгъæд, тæдзгæ! Йæ туг æмæ йæ зонд
Куыд асæлой сæхи мидæг æваст,
Æмæ йæ цард æрцæудзæни уæд саст.

*(Марг фынæй лæджы хъусы уадзы.)*

Г а м л е т. Марг ын йæ хъусы ауагъта дыргъдоны, цæмæй йын æрцахса йæ престол. Герцогы ном — Гонзаго. Йæ истори фыст у итайлаг æвзаргæ æвзагæй. Ныртæккæ сымах фендзыстут, лæгмарæг Гонзагойы усы уарзондзинад йæхирдыгæй куыд фæкодта, уый.

О ф е л и я. Къарол сыстад.

Г а м л е т. Цæмæй фæтарст?

К о р о л е в æ. Цы ‘рцыди йе стырдзинадыл?

П о л о н и й. Бауромут пьесæ.

К ъ а р о л. Цырагъ ссудзут. Тагъддæр уæлдæфмæ.

С е’ п п æ т д æ р. Рухс, рухс, рухс!

*Иуууылдæр рацæуынц Гамлет æмæ Горациойæ фæстæмæ.*

Г а м л е т.

Уæдæ цæф саг дзыназæд,
Чи фервæзт, уый та хъазæд.

Чи — ‘хсæвгæс, чи - фынæй:
Хъысмæтæй лидзæн нæй.

Цæй, сэр, туркаг суæвынæй уæлдай мын æндæр фидæн куы нæ уаид, уæд мын ай, стæй систы æнæхъæн хъæд, стæй ма ноджы провансайлаг дыууæ уардийы мæ басмахъты тъыстæй мæнæн бынат не скæниккой актерты труппæйы?

Г о р а ц и о. Æрдæгмыздыл.

Г а м л е т. Нæ, æнæхъæныл.

Ды зоныс, о, зынаргъ Дамон,
Юпитеры цæргæс
Престолæй фесхъиудта, ‘мæ трон
Æрцахста тр... сæгъгæс.

Г о р а ц и о. Дæ бон у рифмæтæй хъазын.

Г а м л е т. О, Горацио! Мин фунты æндæрджы алы дзырдыл дæр. Ды бафиппайдтай?

Г о р а ц и о. Куыд нæ, принц.

Г а м л е т. Марг ын йæ хъусы куы уагътой, уæд.

Г о р а ц и о. Мæ цæст дзы нæ систон.

Г а м л е т . Ах, ах! А-ма, музыкæ! Цæй-ма, флейтисттæ!

Къаролы зæрдæмæ кæд пьесæ нæ цыд,
Гъе уæд ыл, æвæдзы, цыдæр фыд æрцыд.
Цæй-ма, цæй, музыкæ!

*Æрбаздæхынц Р о з е н к р а н ц æмæ Г и л ь д е н с т е р н.*

Г и л ь д е н с т е р н. Хæларзæрдæ принц! Кæд æмбæлы, уæд нæм дыууæ ныхасмæ байхъус.

Г а м л е т. Æнæхъæн историмæ дæр, сэр.

Г и л ь д е н с т е р н. Къарол, сэр...

Г а м л е т. О, сэр, цы кодта?

Г и л ь д е н с т е р н. Йæхи тынг æвзæр æнкъары.

Г а м л е т. Сæнæй, сэр?

Г и л ь д е н с т е р н. Нæ, сэр, æвæццæгæн, йæ масты дзæкъулæй.

Г а м л е т. Ды цыргъзонддæр уаис, уый йын йæ дохтырæн куы зæгъис, уæд. Æз ын æй мæхи фæрæзтæй сыгъдæг кæнын куы райдайон, уæд, тæрсын, йæ масты дзæкъул ноджы тынгдæр куы ныддымса.

Г и л ь д е н с т е р н. Хæларзæрдæ принц, дæ ныхас æгъдауы сæрты куы нæ хизид, æмæ æдзух дæхи иуварс куы нæ ласис, мæнæн цы бахæс кодтой, уымæй.

Г а м л е т. Табуафси, цы дæн, уымæй хъус фестадтæн.

Г и л ь д е н с т е р н. Королевæ, дæ мадыхай, тынг тыхсы æмæ мæ дæумæ рарвыста.

Г а м л е т. Табуафси, мæнæ дæн.

Г и л ь д е н с т е р н. Нæ, хæларзæрдæ принц, ныртæккæ уыцы фырнымд митæ никæй хъæуынц. Кæд дæ фæнды мæнæн аккаг дзуапп радтын, уæд æз баххæст кæндзынæн дæ мады бардзырд. Кæд нæ, уæд дæ хатыр курын æмæ ацæуон.

Г а м л е т. Мæ бон нæу, сэр!

Г и л ь д е н с т е р н. Цы нæу дæ бон, сэр?

Г а м л е т. Сымахæн аккаг дзуапп радтын. Мæ сæрымагъз йæ чемы нæй. Фæлæ уын цыфæнды дзуапп куы радтон, уæддæр уæ бар фæуæд, куыд уæ фæнды, афтæ-иу æй зæгъут. Уæвгæ уый мæ мадмæ хауы. Афтæ уæдæ, иу ныхас дæр нал. Хъуыддагмæ. Сымах зæгъут, мæ мад...

Р о з е н к р а н ц. Уæдæ кæд афтæ у, уæд хъус. Дæ мад дæ митæй — йæхæдæг зæгъы, — фæуыргъуыйау, йæхи дæр нал æмбары фыр дисæй.

Г а м л е т. О, диссаджы фырт, йæ мады дисы чи ‘фтауы! Цыма уыцы дисыл æндæр цыдæр, ахсджиагдæр исты нæ нынныхæст? Цымыдисаг у уый.

Р о з е н к р а н ц. Уый фæнды демæ йæ уаты хибарæй аныхас кæнын дæ хуыссыны размæ.

Г а м л е т. Цингæнгæ бацархайдзыстæм, дæс хатты мад нын куы уа, уæддæр. Цæмæй ма уын балæггад кæнæм?

Р о з е н к р а н ц. Принц, кæддæр уарзон æмгæрттæ уыдыстæм.

Г а м л е т *(йæ къухтæм амоны).* Мæнæ нырау, ард хæрын ацы къæрныхтæ æмæ тонагæнджытæй.

Р о з е н к р а н ц. Хæларзæрдæ принц! Цы у дæ низы аххос? Ды дæхæдæг æхгæныс фæндаг дæ фервæзын кæнынмæ, дæ бæллæх æрдхордæй æмбæхсгæйæ.

Г а м л е т. Мæн хъæуы службæйы уæлдæр бынат.

Р о з е н к р а н ц. Уымæн та гæнæн куыд ис, кæд æмæ дæ къарол йæхæдæг снысан кодта даниаг престолы бындарæй?

Г а м л е т. О, сэр, фæлæ «цалынмæ кæрдæг ræза...» Зæрондгомау æмбисонд.

*Æрбаздæхынц м у з ы к а н т т æ флейтæтимæ*

А, флейтæтæ! Иу ма мæм авæрут, бавзарон. Иуварс ацæут.

Мæ алыварс цы разил-базил кæнут, цыма мæ хызæй æрцахсынмæ хъавут.

Г и л ь д е н с т е р н. О, принц, мæхи дæм æгæр кæй ласын, уый дзуры ууыл, мæ уарзт дæумæ дызæрдыггаг кæй нæу.

Г а м л е т. Дзæбæх дæ нæ бамбæрстон. Фæлæ уый уæлдай нæу. Мæнæ флейтæ. Ацæгъд ма дзы исты.

Г и л ь д е н с т е р н. Принц, æз нæ зонын.

Г а м л е т. Дæ хорзæхæй.

Г и л ь д е н с т е р н. Бауырнæд дæ, нæ зонын.

Г а м л е т. Тынг дæ курын.

Г и л ь д е н с т е р н. О, фæлæ нæ зонын, куыд ыл хæцын хъæуы, уый дæр.

Г а м л е т. Уый æнцон у, мæнг дзурын куыд æнцон у, афтæ. Йæ хуынчъытыл ын де ‘нгуылдзтæй дыууæрдæм кæн, фу дзы кæн, æмæ дзы раивылдзæн æмбисонды музыкæ. Уыныс, мæнæ йæ амонæнтæ.

Г и л ь д е н с т е р н. О, фæлæ æз нæ зонын уыдонæй цæгъдын. Ницы дзы рауайдзæн. Ахуыр нæ кодтон.

Г а м л е т. Кæсут-ма, цы чъизийы мæ сæвдылдтат! Сымах сфæнд кодтат мæнæй цæгъдын. Сымахмæ афтæ кæсы, цыма мын мæ амонæнтæ хорз зонут. Уырны уæ, мæ сусæгдзинады хъæлæс мын мæ хуылфæй сласдзыстут. Æууæндут, цыма ме ‘ппæт нотæтæ дæр сæрæй бынмæ сымахæн гом сты. Ацы чысыл дзаума та сæрмагондæй цæгъдынæн конд у, йæ зæлтæ диссаг сты, фæлæ уæддæр уæ бон нæу уый сдзурын кæнын. Уæдæ сымах хъуыдымæ гæсгæ, æз флейтæйæ æвзæрдæр дæн? Цыфæнды инструмент дæр мæ схонут, сæтгæ дæр мæ акæнут, фæлæ мæ хъазæн та нæй.

*Æрбаздæхы П о л о н и й.*

Хуыцау дын баххуыс кæнæд, сэр.

П о л о н и й. Милорд, королевæйы фæнды демæ аныхас кæнын æвæстиатæй.

Г а м л е т. Ды уыныс уæлæ уыцы æврагъ — теуайы хуызæн?

П о л о н и й. Хуыцауыстæн, уынын, æмæ æцæгæйдæр — сыгъдæг теуа.

Г а м л е т. Мæнмæ гæсгæ, йæ рагъ уырды рагъы хуызæн у.

П о л о н и й. Раст у: уырды рагъы хуызæн.

Г а м л е т. Кæнæ киты рагъы хуызæн.

П о л о н и й. Китæн куыд вæййы, раст ахæм.

Г а м л е т. Уæдæ ныртæккæ цæуын мæ мадыхаймæ. *(Иуварсмæ.)* Мæ зонд куыд фæцæуа, уый мын кæнынц. — Цæуын.

П о л о н и й. Гъемæ йын афтæ фехъусын кæндзынæн.

*Гамлетæй фæстæмæ иннæтæ ацæуынц.*

Г а м л е т.

Æрцыд æхсæв, кæлæнтæгæнæн афон.
Уынæргъынц мæрдтæ, низ хæссы зындон.
Æз дæр ныр суадзин хъарм тугæй мæ дойны,
Цыфæндыдæр, кæмæй фæтæрсин бон,
Уый бакæнин. Нæ мадыхай нæм сиды.
Сырд ма фест зæрдæ! Уым цыфæнды уæд, —
Нероны уд мын ма бауадз мæ риумæ.
Уыдзынæн карз, фæлæ лæгау æд фарн,
Æнæ кардæй йæ мардзысты мæ дзырдтæ.
Фæдфæливæн кæныны бар дæттын
Æз ме'взагæн, — сæнттæцæгъдгæйæ æз
Нæ рох кæндзынæн мады цур мæ хæс.

*Ацæуы.*

*Кæрон иннæ номыры*

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Нæ равдысты —*
*Цъæхилты Сергейы куыстытæ.*



*Хъуыдыгæнæг.*



*Дыууæйæ.*



*Цырагъдарæнтæ — Фæззæг.*





*Рудзынг.*



*Херы.*



*Автосурæт.*



*Дондарæн.*

Зæронд лæг йæ хæрæгимæ.





Тох.



...егъы.



*Куыдз.*



*Боныцъæхтæ.*



*Цъымарайы паддзах.*



*Чызг тæлыимæ.*



*Гуыр.*



*Хæцаг цъиу.*



*Фын.*

*МЗОКТЫ Аслæнбег*

# ФАКУЛЬТАТИВОН АХУЫРТÆ «НАРТЫ КАДДЖЫТÆЙ»

*(Цикл «Уырызмæг æмæ Сатана»)*

Нарты кадджытæ сты нæ фыдæлты — скифты, сæрмæтты, аланты — æрхъуыдыгонд. Эпос чи сарæзта, уыцы адæмы поэтикон номæй хонынц Нарт. Æмæ уыцы таурæгътæ мах онг æрхæццæ кодтой рагон ирæтты царды бæлвырд нывтæ. Кадджытæм гæсгæ зонæм, куыд цыдысты цуаны, куыд хызтой фосы дзугтæ, куыд бадтысты куывдты æмæ чындзæхсæвты, куыд куывтой дзуæрттæм æмæ Хуыцаумæ, зонæм сæ тох, сæ хъыг, сæ цины хабæрттæ. Таурæгътæм гæсгæ сын æмбарæм сæ хъуыдытæ, се 'нкъарæнтæ.

«Нарты кадджытæ, ахуыргæндтæ куыд зæгъынц, афтæмæй сты ирон адæмы царды энциклопеди, сæ аивадон истори... Баиу сты рагон мифтæ, историон хабæрттæ æмæ адæмон сфæлдыстадон фантази, æмæ сæ рауад æмбисонды аив кадджытæ-эпос», — фыста зындгонд ирон поэт æмæ ахуыргонд Джыккайты Шамил.

Астæуккаг скъолайы практикæ куыд æвдисы, афтæмæй факультативон ахуыртæ Нарты кадджытæй 7—8 къласты не сты æнцон. Фыццаджыдæр уымæн, æмæ уыцы кары сывæллæттæ фылдæр фæкæсынц исты цымыдисаг сюжеттыл фыст прозаикон уацмыстæ, фантастикон кæнæ детективон литературæ. Дыккаджы та уымæн, æмæ нæуæдзæм азты чиныг кæсын кадджын нал уыди нæ царды, бирæ бинонтæн сæ бон нæ уыдис сæ сывæллæттæн ахуыргæнæн кæнæ аивадон чиныг балхæнын.

Чингуытæ библиотекæтæй исынц æмæ кæсынц уæрæсейæгтæн æрмæст сæ 18 проценты. 79 проценты та æппындæр нæ пайда кæнынц библиотекæтæй. Хъыгагæн, зæгъын хъæуы уый дæр: абон алы ирон хæдзары нæй ссарæн «Нарты кадджытæ», æндæр ирон аивадон чингуытæ.

Ахуыргæнæг хъуамæ æмбара нæ абоны царды зынтæ: нæй

чингуытæ ахуыр кæнынæн, сывæллæттæ æппындæр иронау нал кæсынц аивадон литературæ.

Фæлæ литературæйы программæйы домæнтæ ахуыргæнæгæн æнæ æххæстгæнгæ нæй. Уыдон та скъоладзаутæй домынц: цы уацмыс ахуыр кæнынц, уый текст, йæ мидис, йæ цаутæ, йæ сюжет, йæ хъайтарты, æууæлтæ æмæ æмахæстытæ хорз зонын. Зонын фольклорон дзырдаивады хуызтæ: миф, кадæг, таурæгъ, аргъау, зарæг. Арæхсгæ та хъуамæ кæной алыхуызон тексттæ раст, аив æмæ рæвдз кæсынмæ, цы уацмыстæ сахуыр кодтой, уыдоны мидис радзурынмæ, фæрстытæн бæстон дзуаппытæ дæттынмæ, уацмысы мидис равдисынæн пълан саразынмæ, уыцы пъланыл цыбыр нывæцæн ныффыссынмæ, персонажтæн характеристикæ дæттынмæ, факультативон ахуырты цы уацмыстæ бакастысты, уыдоны мидис равзарын æмæ радзурынмæ, уыдоны тыххæй хъуыды зæгъынмæ, дзырдуатæй æмæ хрестоматийы фиппаинæгтæй пайда кæнынмæ, литературæ æмæ аивад царды цы ахъаз сты, уый иртасынмæ.

Нарты кадджытæй факультативон ахуырты ахуыргæнæг йæхиуыл æвæры уæззау хæс: хъуамæ сразæнгард кæна скъоладзауты, цæмæй се 'ппæт дæр бакæсой Нарты кадджыты хицæн циклтæ, бамбарой сын сæ мидис, сæ дарддæры царды пайда кæной кадджыты хуыздæр миниуджытæй — лæджыхъæд æмæ хæдæгъдауæй, сыгъдæгзæрдæ, хæлардзинад æмæ рæстдзинадæй, уарзой сæ Райгуырæн бæстæ, нæ ирон адæмы, не 'гъдæуттæ, нæ мадæлон æвзаг. Уымæн æмæ уыцы хæзнатæн, уыцы миниуджытæн æмбал нæй.

Нæ раздæры уацы («Мах дуг», 2005, №11) мах радзырдтам, ахуыргæнæгæн куыд аразын хъæуы уроктæ Нарты кадджыты цикл «Уæрхæг æмæ йæ фырттæй». Ныр та нæ ныхасы сæр уыдзæн цикл «Уырызмæг æмæ Сатана». Скъоладзаутæ хъуамæ хæдзары бакæсой уыцы циклæй авд кадæджы: «Сатана Уырызмæджы ус куыд сси», «Сатана æмæ Борæты чызг», «Уырызмæг Сатанайы йæ цæгатмæ куыд æрвыста», «Уырызмæджы æнæном лæппу», «Уырызмæг æмæ Сохъыр Уæйыг», «Уырызмæджы фæстаг фосы конд» æмæ «Бæгæны куыд фæзынди».

Уырызмæг æмæ Сатанайы тыххæй кадджытæн факультативон ахуырты, программæмæ гæсгæ, дихгонд æрцыд æртæ сахаты. Урокты æрмæг лæвæрд цæудзæн ахæм темæтæм гæсгæ:

**1-аг урок. Уырызмæг — Нарты цытджын хистæр.** *Кæсын æмæ æрдзурын Уырызмæг æмæ Сатанайы тыххæй кадджытыл.*

**2-аг урок. Сатана — Нарты мад, Нарты дунейы артдзæст, æнувыд хъомылгæнæг æмæ кæстæртæн зондамонæг.** *Кæсын æмæ æрдзурын кадджытыл. Рефераттæ æмæ радзырдтæ Нарты хъайтартыл.*

**3-аг урок.** Рахæсс нын, Сатана, сау бæгæны,
Ракув нын дзы, Нарты Уырызмæг!
Дзæбæх бонтæ дзы фендзыстæм,
Дзæбæх зарджытæ йыл куы кæндзыстæм.

**Нарты кадджытæ ирон адæмон сфæлдыстады æмæ поэзийы.** *Аив кæсын æмдзæвгæтæ æмæ сæ мидисыл æрныхас кæнын.* Фæйнæгыл фыст сты ахуырты темæ æмæ урочы эпиграфтæ.

**Нарты кадджыты цикл «Уырызмæг æмæ Сатана»**

Нæртон хистæр Уырызмæг у.
*Йе'фсин та Сатана у.*

Куывдæй

*Нарты Уырызмæг зæгъ — æмæ цард цæуа, Сатана зæгъ — æмæ бæркад цæуа.*

Нæртон æмбисонд

Кадджытæ хæдзары бакæсыны размæ хъуамæ ахуыргæнæг фæсурокты радта скъоладзаутæн фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ. Уырызмæг æмæ Сатанайы тыххæй кадджытæ кæсгæйæ, уыдон хъуамæ æркæсой, ахуыргæнæг сын цы фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ ныффыссын кодта, уыдонмæ, æмæ цæттæ уой дзуаппытæ раттынмæ.

Цалдæр ныхасы кадæг кæсыны тыххæй. Ахуыргæнæджы æххуысæй скъоладзаутæ фылдæр хъуамæ сæхædæг кæсой, кусой, хъуыды кæной, æрцæуой хъæугæ хæтдзæгтæм, афтæмæй уыдон райсдзысты ног зонындзинæдтæ. Æнæмæнг, архайын хъæуы ууыл, цæмæй æппæт ахуырдзаутæ дæр ахуыргæнæджы касты фæдыл чиныгмæ сæ цæст дарой. Æмбарой, ахуыргæнæг куыд аив кæсы, æрхæцæн нысæнттыл йæ хъæлæс куыд аразы, архайджыты хъæлæсты йæ хъæлæс куыд æвæры фæзмæгау, уыдæттæ. Æмæ ноджыдæр: скъоладзау хъуамæ æмбара, кæй кæсы, уый. Уæд æй уарзгæ дæр кæндзæн, уæд æй радзурынхъом дæр уыдзæн. Хъуамæ кæса æнæхъæн хъуыдыйæдтæй æмæ дзырдтыл хъæлæсыуагæй цавд раст æвæра, хъæлæсыуагæй хъуыдыйады интонаци бæлвырд æвдиса (таурæгъон, хъæрон, фарстон, разыгæнæн хъуыдыйæдтæ). Кæй ранымадтон, уыцы хæстæ

иууылдæр ахуыргæнæг хъуамæ скъоладзауты размæ кæсыны заман æрæвæра æмæ сæ æнæмæнгæй æххæст кæна. Æнæ уыдонæй нæй ахуырдзаутæн базонæн тагъд æмæ æмбаргæ каст кæнын.

Факультативон ахуырты дарддæр ныхас цæудзæн, хæдзары цы кадджытæ бакастысты, уыдоны мидисыл ахæм фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæм гæсгæ:

1. Сатанайæн мой кæнын афон куы 'рцыди, уæд мойæн кæй равзæрста?

2. Цы æрхъуыды кодта Сатана — арвы хин æмæ зæххы кæлæн — цæмæй Уырызмæг йæ мой суа?

3. Куыд æмбарут Сатанайы ныхæстæ: «Адæмы фидис — дыууæ боны, бирæ худинаг нæу»? Разы стут Сатанайы ныхæстимæ?

4. Цы амал скодта Сатана Уырызмæгæн, цæмæй йæ худинаг Нартæй ферох уа, уый тыххæй?

5. Цавæр «хæзна» аласта йæ цæгатмæ Сатана?

6. Цæмæн скодта Нартæн Сатана куывд, йæ цæгатмæ аздæхыны размæ? («Æз Нарты цæхх æмæ кæрдзынæй хайджын дæн, уыдон дæр — афтæ. Ныр мын куывд скæн, — æз Нартæн мæ нуазæн раттон»).

7. Цавæр у сымахмæ гæсгæ Сатана — нæртон æхсин — æфсин? Æрфыссут æй, Нарты кадджытæй пайда кæнгæйæ. Цавæр сты йæ уæлæдарæс, йæ æдде бакаст, йæ характеры æууæлтæ?

8. Кæцы фыдæлтыккон уырыссаг уацмысмæ (древнерусская повесть) хæстæг лæууы йæ сюжет кадæг «Уырызмæг Сатанайы йæ цæгатмæ куыд æрвыста»-йæн? Цы сæ иу кæны Нарты кадджыты сæйраг архайджыты æмæ уырыссаг уацмысы хъайтарты? (Повесть писателя Ермолай-Еразма «Повесть о Петре и Февронии Муромских»).

9. Чи æрхъуыды кодта Нартæн бæгæны? Уырызмæг Сатанайæн цы радзырдта? Сбæлвырд кæнут, Сатана тынг зонджджын сылгоймаг кæй у, Нартæн сæ мад, таурæгъ «Бæгæны куыд фæзынди»-мæ гæсгæ.

10. Зонут æй æви нæ, куыд кодтой бæгæны? Бафæрсут уæхимæ уæ мадæлты æмæ нанаты, куыд кæнгæ у ирон бæгæны, бацæттæ кæнут радзырдтæ (уæхи фæндонмæ гæсгæ) ахæм темæтыл:

а) Нарты Сатана — ирон бæгæны æрхъуыдыгæнæг;

б) Куыд æмæ цæмæй фæфыцы мæ нана бæрæгбонмæ бæгæны;

в) Нæртон нозтытæ нæ абоны царды: пайда æви зиан сты?

11. Фæцыдис уæ зæрдæмæ кадæг «Уырызмæджы æнæном лæппу»? Цæмæй? Цавæр ног характеры иртасæн æууæлтæ уын байгом кодтой Сатана æмæ Уырызмæджы фæлгонцтæ? Радзурут-ма, Уырызмæджы къухæй йæ æнæном лæппу куыд фæмард, уый тыххæй.

12. Цæмæн ракуырдта Уырызмæджы æнæном лæппу йæхи Барастырæй æмæ куыд рафардæг йæ бæх Аласаимæ мæрдты бæстæй?

13. Таурæгъы текстæй æрхæссут дæнцæгтæ, Нарты Сатана кæлæнгæнæг кæй уыдис, йæ бон Хуыцауимæ дзурын кæй уыдис, уый тыххæй. Цæй тыххæй ракодта Сатана æртæ мыдамæсты æмæ скуывта?

14. Радзурут-ма, куыд рауад Уырызмæг æмæ йæ æнæном лæппуйы балц Терк-Турчы бæстæмæ? Ранымайут аргъауы фæлгонцтæ ацы таурæгъы: æфсæн уырс, æфсæндзых бирæгъ æмæ æфсæндзых хъæрццыгъа, Нарты сæры кæхцытæ сисгæ уыдысты æмæ иннæтæ...

15. Цæмæн акодта лæппу идæдз усы дзидзи йæ дзыхы æмæ йын цæмæн радта «нæртон лæджы дзырд»? Куыд æмбарут мæнæ ацы дзырдбасты мидис: «Нæртон лæджы дзырд»? Абон дæр ма ацы ныхæстæн фехъусæн ис æви нæй?

16. Кæд базыдта Уырызмæг, æнæном лæппу йæ фырт кæй уыдис, уый? Раст байуæрста лæппу фос Уарæн фæзы, æви нæ? Цæуылнæ бакуымдта фос байуарын Уырызмæг — уый хистæр куы уыдис? Цæмæн рахицæн кодта æнæном лæппу фосæй урс гал æмæ йæ æрбаста зæлдаг синагæй? Цавæр марды кæндтæ (хистытæ) зонут ирон адæммæ? Ранымайут-ма сæ. Цæмæн агуырдта Уырызмæджы æнæном лæппу йæхицæн афæдзы кæнд (афæдзы хист)?

17. Федта ма Сатана йæ æнæном лæппуйы? Куыд ын бантысти хæхтыл дыдзы хур æрбакæсын кæнын?

18. Разы стут зæронд Къармæгоны ныхæстимæ: «Нартæй лæг хуыздæр — Уырызмæг, ус хуыздæр та — Сатана»? Сбæлвырд кæнут ацы ныхæстæ таурæгъы текстæй. Цы æрхъуыды кодта Уырызмæг, цæмæй Сохъыр Уæйыджы лæгæтæй раирвæза,

уый тыххæй? Цæмæн скодта æмæ кæмæн радта уæлдай фосы хай Уырызмæг?

19. Æрхæссут дæнцæгтæ таурæгъ «Уырызмæджы фæстаг фосы конд»-æй, цæмæй сбæлвырд кæнат, Уырызмæг æппæт Нартæй зонддзжындæр кæй уыди, уый.

20. Цы æрхъуыды кодта Уырызмæг, Саденджызы æлдары мæсыджы куы бадтис, уæд? Куыд бамбæрста Сатана Уырызмæджы ныхæстæ: «Рарвитут мын ахæсты аргъ: сæдæ сæдæ иусион галтæ...»? Цæмæн загъта Сатана Нартæн, куы бамбæрста хъуыддаг, уæд: «Уыцы зæронд лæг уын куы нæ уа, уæд фесæфдзыстут! Кæмдæр та уын ссардта æнæхæрд бæстæ æмæ уæ хоны уый хæрынмæ...»? Радзурут-ма, куыд рацыд Уырызмæг хинæй Саденджызы æлдарыл? Цы загъта Нартæн Уырызмæг? Куыд ын æмбарут йæ ныхæстæ: «Мæ зæронд сæр уын куынæ уа, уæд уæ халон йæ ахстонмæ фæхæсдзæни».

21. Сымах бакастыстут кадджыты цикл «Уырызмæг æмæ Сатана». Цавæр адæймаг уæм кæсы Уырызмæг (йæ æдде бакаст, йæ характеры æууæлтæ, йæ уæлæдарæс)? Æрфыссут Уырызмæджы сурæт, Тугъанты Махарбеджы æмæ Хъаныхъуаты Умары нывтæй пайда кæнгæйæ.

22. Уырызмæджы тыххæй радзырд хæдзары цæттæ кæнгæйæ, пайда кæнут Дзанайты Иваны (Нигеры) уацæй «Нарты кадджытæ». Критикы ныхæстæй уæ разы æгасæй слæудзæн Нарты цытджын хистæры сурæт, йæ зондахаст, йæ фæндтæ, йæ хъуыдытæ: «Уырызмæджы фæлгонц афтæ хорз æвдыст цæуы кадджыты, æмæ, Уырызмæг, зæгъгæ, куы фехъусы, Нарты кадджытæ хорз чи зоны, уый, уæд йæ цæстыты раз æрбалæууы урсзачъе бæрзонд, уæнгджын, зондджын, хæрзæхсæст номдзыд зæронд лæг, йæ тинты кæрц йæ уæхсчытыл, йæ цирхъ йæ фарсыл, йæ пылыстæг лæдзæг йæ къухы, афтæмæй, Нарты цытджын ныхасы Нарты адæмæн зæлдагуадзæгау фæлмæн хъæлæсæй арф зонды ныхас чи кæны, ахæм зæронд лæг. Йæ барæвзæрст — Нарты Сатанаимæ йе 'ргъæу уæтты чи бады, дзаг фынг йæ разы, афтæмæй, æмæ Нарты адæмы царды уаг раст æвæрд уа, зæгъгæ, уыцы ныхас чи кæны».

а) Сымахмæ гæсгæ, цæуыл у сæ ныхас Нарты хистæртæн?

б) Уæ радзырдмæ бафтаут Уырызмæджы ныхæстæ Нарты Ныхасы æвзæрст лæгтæм æмæ Нарты фæсивæдмæ.

23. Æрхæссут Нарты кадджытæй нæртон æмбисæндтæ

Уырызмæг æмæ Сатанайы тыххæй æмæ сын райхалут сæ хъуыды:

а) «Дæлæ быдыры гутонджынтæ, Нарты Уырызмæг — сæ гутондар» (зарæджы ныхæстæй);

б) «Царциаты Суа 'мæ Нарты Уырызмæгау рæдау»;

в) «Хорз æфсин Сатана, Нартæн зонд чи амыдта, йæ дыууадæс къæбицы хæрд æмæ нозтæй дзаг кæмæн уыдысты»;

г) «Сатанайы цонгæй æнтыд фæу!»;

гь) «Се 'нтауæг Сатана, сæ кувæг Уырызмæг!»;

д) «Сæ бæгæны Сатанайы фых»;

дз) «Нарты Уырызмæг зæгъ — æмæ цард цæуа, Сатана зæгъ — æмæ бæркад цæуа».

24. Уæ зæрдыл уын цавæр рагон бердзенаг (грекъаг) мифы сюжет æмæ хъайтары æрлæууын кæнынц Нарты кадæг «Уырызмæг æмæ Сохъыр Уæйыджы» сюжет æмæ хъайтар? Бердзенаг мифы хъайтар Одиссей æмæ Нарты Уырызмæджы фæлгонцты иудзинад æмæ хицæндзинæдтæ (миниуджытæ) раргом кæнут.

(Бердзенаг поэмæ «Илиадæ» æмæ Нарты кадæджы сюжет сты кæрæдзимæ хæстæг, хæстæг лæууынц сæ хъайтартæ дæр: Уырызмæг æмæ Сохъыр Уæйыг — сакъадах Итакæйы паддзах Одиссей æмæ циклоп (уæйыг) Полифем. Гомер æнæзонгæ сакъадахыл æмбæлын кæны хин зондыл хæст Одиссейы æмæ, тæригъæд чи нæ зыдта, Хуыцауы ныхасмæ чи нæ хъуыста, ахæм иуцæстон циклоп (уæйыг) Полифемы. Сæ арф зонд æмæ хиндзинады руаджы дыууæ хъайтары дæр — Уырызмæг дæр æмæ Одиссей дæр — аирвæзтысты стыр фыдбылызтæй æмæ фæуæлахиз сты Сохъыр Уæйыг æмæ циклоп Полифемыл. Цæудзарм сæ уæлæ æркодтой, æмæ уый фæрцы талынг лæгæтæй раирвæзтысты. Уазæгæн кад кæй не скодтой, уый тыххæй Хуыцау йæ фыдæх сæвæрдта Сохъыр Уæйыг æмæ циклоп Полифемыл (иу дзы баззад æнæцæстæй, иннæ та — Сохъыр Уæйыг — асхъиудта былæй æмæ ныххæррæгъ ис).

25. Бацæттæ кæнут радзырд Уырызмæджы кæнæ Сатанайы нывтæй иумæ гæсгæ, пайда кæнут Нарты кадджыты циклæй «Уырызмæг æмæ Сатана»-йæ. (Нывгæнджытæ: Тугъанты Махарбег æмæ Хъаныхъуаты Умар).

Кадджытæ кæсгæйæ, ахуырдзаутæ арæх фембæлынц тексты æнæзонгæ æмæ зынæмбарæн ныхæстæ æмæ дзырдбæстытыл. Ахуыргæнæджы æххуысæй æмæ сæхи хъаруты руаджы сæ

дзырдуаты цы ныхæстæ фыст æрцыдисты, уыдонæй сæ куыстыты (нывæцæнты, радзырдты) пайда кæндзысты. *Дзырдуатон-фразеологион куыстæн* факультативон ахуырты Уырызмæг æмæ Сатанайы тыххæй кадджытæй равзæрстам ахæм æнæзонгæ ныхæстæ æмæ дзырбæстытæ: цирхъ, æрчъи, залмысыф, базыг, зæд, дуаг, ронг, æлутон, æнтуан, тъæр, æндæрг, сæнхъизын, Сырдоны гадза, æнæуаг митæ, пылыстæг лæдзæг, пылыстæг къæлæтджын бандон, сæры хицау, æмцекк, æртæ мыдамæсты, æрмаццагæй хæцын, уылынджы бæрц хæссын, зæхмæ нывдизын, дыдзы хур, хæд-зилгæ дыкъухыг уæхст, стæры цæуын, иусион гал, Барастыр, Аласа, æрфæн, æмхицхæрæн Бæрæг Обау, Терк-Турчы бæстæ, æнæхæрд бæстæ, Уарæн фæз æмæ æндæртæ.

Кадджытæй уæлдай ма ахуыргæнæг хъуамæ пайда кæна нырыккон ирон поэтты лирикон æмдзæвгæтæй. Ахæм лирикон уацмыстæ раргом кæнынц поэты идейон æмæ аивадон хъуыдытæ нæртон кадджыты æмæ сæ сæйрагдæр хъайтарты фæдыл. Ахуыргæнæг цæттæ фæкæны скъоладзауты лирикон уацмысы аив каст. Æмдзæвгæ кæсгæ-кæсын ахуыргæнæг хъуамæ æппæт мадзæлттæй дæр архайа, цæмæй поэты зæрдæйы æнкъарæнтæ ссарой уæрæх фæндаг скъоладзауты зæрдæтæм, цин кæной йæ цинын, хъыг кæной йæ хъыгыл. Ахуыргæнæджы аив бакастæй бирæ аразгæ у æмдзæвгæ дарддæр ахуыр кæныны хъуыддаг. Дæлдæр хæссæм ахуыргæнæгæн æрмæг — цалдæр лирикон æмдзæвгæйы Уырызмæг æмæ Сатанайы тыххæй. Ахуырдзаутæ сæ аив кæсдзысты факультативон ахуырты.

1 скъоладзау:

*ДЗАБОЛАТЫ Хазби*

**УЫРЫЗМÆГ**

*(Ирон æгъдау)*

Рæвдздæр, рæвдздæр кæн, Сатана!
Æз цæуын фæстаг ыстæры.
Ехх... мæ зæронды заман ма
Бахъуыдтæн нæртон кæстæры!..

— Нарты разагъды Уырызмæг!
Нарт дæу куы 'взарынц тæрхонæн,

Уæд ныр цавæрдæр хъуымыздзых
Дæу æмхæтæгæн куыд хоны?!

— Ма тæрс фегадæй мæ сæрæн,
Рæвдздæр, мауал кæс æрхуымæй, —
Аргъ куынæ кæнай кæстæрæн,
Уæд æгъдау домæн нæй уымæй!

*(Мыхуыргонд цæуы чиныгæй: Дзаболаты Хазби. Уацамонгæ. Дзæуджыхъæу, 1974, 220 ф.)*

**Дзырдуат æмдзæвгæмæ:**

**Стæр** *(балц)* — афтæ хуындис, Нарты эпосы хъайтартæ-иу тæлæт кæнынмæ, ома, искæй фос байсынмæ æмæ раскъæрынмæ куы цыдысты.

**Æгъдау** — социалон нормæ, традици кæй сфидар кодта, ахæм индивиды кæнæ æгас этносы æнæмæнг хи дарыны уаг. Æгъдаумæ гæсгæ архайын, æгъдау æххæст кæныныл адæймаджы æфтауынц куыд йæ мид-зондахаст, афтæ æгас æхсæнад дæр. Ирон фыдæлтыккон æхсæнады социалон нормæ у, зæгъæм, уазæгуарзондзинады æгъдау, зиуы æгъдау, кæнгæ 'фсымæртæ кæныны æгъдау, искæй хæдзармæ лæппу хъомыл кæнынмæ раттыны æгъдау æмæ æндæр ахæмтæ.

**Разагъды** — зындгонд, нымад, хъуыстгонд.

**Хъуымыздзых** — хæрз æрыгон, саби.

**Æмхæтæг** — иумæ стæры кæимæ ацæуынц, ахæм адæймаг.

**Æрхуымæй** — хъуынтъызæй, фæлмæцыдæй, æрхæндæгæй.

**Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:**

1. Уæ зæрдæмæ фæцыдис Дзаболаты Хазбийы æмдзæвгæ? Цæмæй?

2. Цавæр поэтикон мадзалæй спайда кодта поэт йæ æмдзæвгæйы æмæ цæмæн? (Поэтикон диалог — Уырызмæг æмæ Сатанайы ныхас ирон æгъдау æмæ кæстæрты тыххæй).

3. Цæуыл у сæ ныхас Нарты разагъды Уырызмæг æмæ Сатанайæн?

4. Куыд æмбарут æмдзæвгæйы ацы рæнхъытæ:

*Аргъ куынæ кæнай кæстæрæн,*
*Уæд æгъдау домæн нæй уымæй!*

5. Цавæр цæстæй кастысты Нарты хистæртæ сæ кæстæртæм?

6. Нæ абоны царды куыд у хистæрты æмæ кæстæрты ахаст?

Цæимæ дæ разы сæ ахастыты? Ды та цавæр цæстæй кæсыс хистæртæм? Дæ хъуыдытæ равдисыны тыххæй æрхæсс дæнцæгтæ ирон фысджыты чингуытæй, Нарты каджытæй æмæ абоны царды нывтæй.

7. Цавæр æндæр поэтикон мадзæлттæй ма пайда кæны поэт йæ æмдзæвгæйы?

8. Уырызмæг æфсæрмы кæны йæ кæстæртæй. Цы уыдис æфсарм Нартмæ? Цавæр нысаниуæг уыдис Нартмæ æфсармæн? Цы у æфсарм абоны царды ирон адæммæ?

(**Æфсарм** — хи дарыны æгъдæуттæ ирон традицион æхсæнады æмæ бинонты 'хсæн. æвдисынц кад æмæ æгъдау кæнын. Зæгъæм, кæстæртæ хистæртæн, чындз — йæ мойы хæстæджытæн, сиахс — йæ бинойнаджы хионтæн, æхсæнад — саударæг усæн æмæ афтæ дарддæр).

2 скъоладзау:

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил*

## УЫРЫЗМÆДЖЫ КАТАЙ

Лæппу хъæбатыр у, — йæ ных  
Сосланау тулгæ цалхмæ дары.  
Фæлæ куы басæтта йæ тых,  
Уæд ма йæ лæгдзинад цы мары!

Мæ цардæй бафæлладтæн, — ныр  
Тæрсын æгад æмæ лæмæгъæй...  
Фæлтау мыл бабæттут къуыдыр,  
Тæсчъы мæ раппарут къæдзæхæй.

*(Мыхуыргонд цæуы чиныгæй: Джыккайты Ш. Саст дзæнгæрæг. Дзæуджыхъæу, 2000, 59 ф.).*

**Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:**

1. Цæуыл у йæ катай Нарты Уырызмæгæн?

2. Куыд æмбарут æмдзæвгæйы ацы рæнхъытæ:

*Фæлæ куы басæтта йæ тых,*  
*Уæд ма йæ лæгдзинад цы мары?*

3. Цæмæй тæрсы Нарты Уырызмæг йæ царды кæрон?

4. Цавæр цæстæнгас уыдис Нартмæ адæймаджы зæронддзинадмæ? Кадджын æви æгад уыд зæронд адæймаг Нартмæ?

Дæ хъуыдытæ равдисынæн æрхæсс дæнцæгтæ Нарты кадджытæй.

5. Цавæр нæртон кадæджы мотивмæ гæсгæ фыст æрцыд Шамилы æмдзæвгæ? (Кадæг «Уырызмæджы фæстаг фосы конд»).

6. Цы хицæндзинад ис нæртон кадæг æмæ Шамилы æмдзæвгæйы 'хсæн?

7. Æмдзæвгæ фыст у нæртон хъайтары монолоджы хуызы. Уырызмæг сагъæс кæны йæ зæронды бонтыл. Цæмæн пайда кæны Шамил ахæм поэтикон мадзалæй? Сымахмæ гæсгæ, цавæр сты йæ сæйрагдæр хъуыдытæ æмæ цæуыл?

*Дарддæр иннæ номыры.*

# АРВИСТОН

* * *

Дунейы адæмтæй æппæты фылдæр цæрынц исландиæгтæ: сæ нæлгоймæгты царды дæргъ у 80 азмæ æввахс. Дыккаг бынаты сты япойнæгтæ: нæлгоймæгтæ рæстæмбис ныммадæй цæрынц 78,8 азы. Æнусы бæрц чи фæцард, уыцы адæймæгты нымæц Японы хæццæ кæны 28 минмæ.

Æрæджы ацы бæстæйы амарди нæ планетæйы æппæты зæронддæр цæрæг Йоне Минагавæ — цыдис ыл 114 азы.

* * *

Нæл шимпанзетæ сæхицæн «уарзæттæн» арæхдæр равзарынц хистæр кары сылты. Бостоны ахуыргæндты иртасæн куыстытæм гæсгæ, 45-аздзыд сыл маймулитæ нæлтæн 15-азыккæттæй адджындæр сты. Уымæн æмæ ацæргæтæ царды сфæлтæрдтой, рацæуы сын æнæниз цот, стæй сæ хъомыл дæр хуыздæр кæнынц.

## БИРÆГЪ — МАСТИСÆГ

Ацы хабæрттæ æрцыдысты Ростовы облæсты æртæ хъæуы Степановкæ, Павловкæ æмæ Колушкинойы. Фыййау Шнырев йæ фос хызта, Калитвæ, зæгъгæ, уыцы доны был. Бон-сихорафон дын æвиппайды йæ цуры куы фегуырид бирæгъ æмæ йыл йæхи куы андзарид. Фыййау ма йæхи хъахъхъæныныл бæргæ архайдта, фæлæ йыл уæдмæ тугдзых сырд цалдæр раны фæхæцыди, стæй доны баленк кодта æмæ иу кæсагахсæгмæ балæбурдта. Уый дзы куыддæртæй йæхи бахызта. Уæд бирæгъ йæ ныx сарæзта Павловкæйы хъæуырдæм. Фæндагыл амбæлд, доны был йæ фæллад чи уагъта, иу ахæм лæгыл æмæ йын йæ буар дæндагдзæфтæ фæкодта. Павловкæйы агъуыд сырд цагъта, кæуыл-иу фæхæст, уыдоны: кæрчыты, куыйты, иннæ цæрæгойты. Цуанæтты хæдзарады директор Кулаковы усы скъуырдта. Ус ахауди, хъæрахст систа, æмæ уæд сырд йæхи айста. Æдæппæт фараст адæймаджы баййæфтой хъыгдард ацы хæддзу «уазæгæй». Æртæйæ дзæвгар рæстæг фесты рынчындоны, сæ хъæдгæмттæ æрæгмæ байгас сты.

Зонæг адæм куыд зæгъынц, афтæмæй бирæгъ йæ маст иста, йæ лæппынтыл цыдæр бæллæх кæй æрцыд, уый тыххæй — æвæццæгæн ын зынгсирвæзты рæстæг басыгъдысты: сæрды бонты арты амæддаг баци 1300 гектары хъæд.

* * *

Швецийы ахуыргæндтæ куыд раиртæстой, афтæмæй дæндæгтæ канд æууилынæн не сты. Сæрымагъзы куыстæн дæр кæнынц ахъаз. Дæндаг йæхигъдауæй куы рахауа, уæддæр æвзæрырдæм зыны адæймагыл, фæлæ йæ куы сæфтауын кæнай, уæд та ноджы фыддæр у: дæндаджы хицау свæййы рохгæнаг. Япойнаг ахуыргæндтæ, маймулитæ æмæ уырытыл цы фæлварæнтæ кодтой, уыдоны бындурыл æрцыдысты бæлвырд хатдзæгмæ — дæндаг тыхтынд куы счындæуы, уæд аскъуыйы сæрымагъзимæ баст нерв, æмæ адæймаг тынгдæр рох кæнын байдайы алы цаутæ, хабæрттæ.

Швецийы ахуыргæндты ныр та базонын фæнды: кариес æмæ кæнгæ дæндæгтæ та цы хуызы фæзынынц адæймагыл.

* * *



*Хоббит.*

Австралийаг ахуыргæндтæ Сабыр океаны сакъадахтæй иуыл ссардтой, 12—95 мин азы размæ чи цард, ахæм къаннæг адæймæгты стæгдартæ — сæ дæргъ у иу метр, сæ сæрымагъзы ас та — 380 кубон сантиметры. (Нырыккон адæймаджы сæрымагъзы ас — 1350 кубон сантиметры). Уыцы адæмы хуыдтой хоббиттæ. Кæд йæ сæрымагъз гыццыл уыд, уæддæр хоббитмæ иуцасдæр интеллект хæццæ кодта. Уый бæрæг у, йе стджыты фарсмæ йын цы алыхуызон чысыл дзаумæттæ ссардтой, уыдонæй. Уыцы дзаумæттæ хоббиты хъуыдысты цуан кæнынæн.

Чи зоны, адæмы историйæн йæ райдайæнты ма æмбаргæ адæймагæй уæлдай зæххыл цард, Homo sapiens, кæй хонынц, уый æнгæс цыдæртæ. Чи зоны, эльфытæ, гномтæ æмæ хъæдыцæрæг адæймаггæндтæ

мифтæм, аргъæуттæм æцæг цардæй бахаудтой. Афтæ хъуыды кæнынц ахуыргæндтæ. Уæвæн ис, æмæ, дам ма ахæм цæрæгудтæ ныр дæр разына нæ планетæйы æмбæхст къуымты.

* * *

Цæмæй зианхæссæг сасктæй фервæзой, уый тыххæй индиаг зæхкусджытæ пайда кæнын райдыдтой кока-колæйæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй уый бирæ пайдадæр у пестицидтæй. Зæгъæм, пестициды иу литр Индийы у 10 мин рупийы аргъ, кока-колæйы литруат авг та — 20 рупийы. Бæмбæджы хуымтæ сасктæй бахизынæн хорз ахъаз у пепси-колæ дæр.

* * *

75-аздзыд ветнаймаг ус æнæнхъæлæджы бахауди рынчындонмæ. Дохтыртæ уайсахат сбæрæг кодтой: у сывæрджын. Уыимæ гуырдзыл цæуы 50 азы, стæй зæнæгдоны нæй, фæлæ иуварсырдыгæй. Куы амард, уæд дзы кальцийы цæххытæ ахъардтой, ныхъхъæбæр æмæ афтæмæй буары мидæг фæцис æнусы ’мбис. Диссаг уый  у, æмæ мард гуырдз йæ гуыбыны, афтæмæй ма усæн уый фæстæ райгуырд æртæ æнæниз сывæллоны.

## ХУЫМ — ЙÆ ДЗАГ ФЫНГ

Индийы районтæй иуы цæрджытæ сæ сæрæн нал сты æнахъинон къæрныхæй. Йæ ном хуыйны Назим Бей. Ахæм гуыбындзæл у, æмæ æрвылбон йæ уæцъæфмæ бынтон хомæй ауадзы 20 килæйы алыхуызон халсартæ — бакълажантæ, шпинат, бадырджантæ, къабуска æмæ суанг сæкæры хъæз дæр. Назим йæхæдæг куыд зæгъы, афтæмæй æхсæвыгон ацæуы быдырмæ, хуымы астæу сбады æмæ йæхи хорз фены утæппæт минастæй. «Хом халсартæ хæрыныл фæцалх дæн, хæрз саби ма куы уыдтæн, уæд, — журналисттæн æргом басасти давæг. — Æмæ сыл сахуыр дæн, мæнæ иуæй-иутæ наркотиктыл куыд сахуыр вæййынц, афтæ».

Къæрныхы æрцахсыныл зæхкусджытæ иттæг зæрдиагæй бæргæ архайынц, бирæтæ дзы сæ хуымы цур æхсæв дæр бадзайынц, фæлæ йыл нæ хæст кæнынц.

# АЛЫ АДÆМТЫ ÆМБИСÆНДТÆ

## ÆНЦОН КУЫСТ

Иу хатт иу лæг йæ зонгæйæн, оркестры разамонæгæн, афтæ, дæ оркестрмæ, дам ма мæн дæр райс.

— Æмæ ахæм куыстмæ арæхсыс, уый мын ныронг куыннæ загътай?

— Æмæ дзы цы арæхсын хъæуы! Уартæ дæ адæмæй иумæ кæсын æмæ йе 'нæхайыры къæцæл ратил-батил кæны, æндæр æй куы ницы кусгæ уынын. Уæд æз æвзæрдæр сарæхсдзынæн къæцæл тилынмæ?

## ХИВÆНД ХÆРÆГ

— Ахæм хивæнд цæмæн дæ? — бафарстæуыди хæрæджы.

— Чи? Æз дæн хивæнд? — ныддис кодта хæрæг. — Æз нæ, фæлæ лæг у хивæнд. Куы ныффæрск вæййы, уæд мæ нæмынтæ райдайы æмæ йын кæрон нал вæййы. Æз уымæй куы уаин, уæдиу æнцад æрлæууин æмæ æнхъæлмæ кæсин.

## ХЪÆБАТЫР ÆВИ ТÆППУД?

Чындзæхсæв нырма хæрзæрæджы чи скодта, ахæм æрыгон лæг æмæ ус кæрæдзийæ сæ мондæгтæ истой фысымуаты. Уалынмæ дын сæ уатмæ давæг куы бабырсид. Мелæй пъолыл зиллакк æркодта æмæ лæгмæ дзуры:

— Мæнæ ацы зиллаччы æрлæуу! Куыддæр æддæмæ рахизынвæнд скæнай, афтæ дæ агæрах кæндзынæн!

Давæг зынаргъ дзаумайæ цы ссардта, уыдон голладжы æрæфснайдта, стæй ног чындзæй дзæбæх фæхъазыд, алы æнахъинон митæ йын фæкодта...

Хæддзу уазæг куы ацыд, уæд сылгоймаг фæхъæр ласта:

— Цы мæрддаг дæ, мæнæ лæг! Дæ усæй дын цавæрдæр абырæг фæхынджылæг кодта, ды та дæ мидбынаты цæджындзы лæуд фæкодтай!

— Рæдийыс, мæ къона, — загъта лæг. — Æз мæхи хъæбатырæй равдыстон.

— Мæнæн дæр ма йæ зæгъ, цы хъæбатырдзинад равдыстай?

— Куыд цы! Куыддæр-иу давæджы чъылдым ауыдтон, афтæ-иу мæ къах зиллаччы æдде авæрдтон.

## ЧЫНДЗÆХСÆВ

Лæг æмæ усæн уыд иунæг фырт. Йæ цард æрвыста хъæлдзæгæй, уыдис ын бирæ хæлæрттæ. Сæхимæ-иу сæ æрбахуыдта æмæ сын-иу диссаджы фынгтæ æрæвæрдта. Иуахæмы иу дзæбæх чызгыл сæмбæлди, бауарзта йæ æмæ йæ ракурынвæнд скодта. Чындзæхсæвы размæ фыд фыртæн загъта, де 'мгæртты, дам, се 'ппæты дæр æрбахон. Лæппу сразы. Чындзæхсæвы бон ралæууыди, фæлæ лæппуйы æмгæрттæй иу дæр нæ зыны. Лæппу скатай æмæ йæ фыды фæрсы, хуынды гæххæттытæ, дам, арвыстат.

— Алкæмæ дæр арвыстам, фæлæ гæххæтты чындзæхсæвы кой нæ уыд, æрмæст дзы ныффыстам: уе 'мбал уе 'ххуысхъуаг у, æмæ курæм, цæмæй йæм фæзынат. Гъемæ хъуыддагæй цы рауад, уый дæхæдæг уыныс.

## ХÆРИСЫ ТАЛА

Иу моладзан йæ цæхæрадоны хæрисы тала ныссагъта æмæ лæггадгæнæгæн бафæдзæхста:

— Дзæбæх æм кæс, науæд æй сабитæ асæтдзысты.

Лæггадгæнæг тыргъы стъол æмæ бандон сæвæрдта æмæ бон-изæрмæ касти таламæ. Къуырийы фæстæ моладзан цæхæрадонмæ 'рбацыд æмæ лæггадгæнæгæн афтæ, тæрсын, мæ хærисы тала, дам мын æхсæвыгон исчи куы асæтта.

— Уый мын рагæй хъуыдыгонд у, — йæхицæй ныббуц лæггадгæнæг. — Уæддæр адæймаг æхсæвыгон ницы фендзæн. Уымæ гæсгæ æз алы изæр дæр тала сласын æмæ йæ мæнæ чырыны бафснайын.

# АКАДЕМИК ДМИТРИ ЛИХАЧЕВЫ ХЪУЫДЫТÆ

## ЧЫСЫЛ АДÆМТЫ ТЫХХÆЙ

* * *

Дунейы адæмты ис иу хъыгдарæг: стыр адæмтæ, йе 'взаг æгас дунейыл кæмæн ахæлиу, уыдон ныхъуырынц, æвæджиауы хæзнаты хицау чи у, хъæздыг истори, æгъдæуттæ, фольклорон æмæ лингвистон бынтæ кæмæ ис, уыцы чысыл адæмты, Æмæ фесæфынц, æвæдæй аззайынц нæ цæстыты раз. Ис бирæ ахæм адæмыхæттытæ, сæ нымæц 600—700 йеддæмæ кæмæн

нæу. Дзурынц, кæмдæр, дам, Сыбыры скæсæйнаг хайы ахæм адæмыхатт дæр ис, æрмæст ма дыууæ уды кæмæй баззад. Уыдонæн цыфæндыйæ дæр се 'взаг ныффыссын хъæуы, уымæн æмæ æвзаг дунейы ахсджиагдæр хæзнатæй иу у.

* * *

Кæд адæм йæхицæн æцæгæй аргъ кæны, йæ сæр сæрмæ хæссы, уæд æм сахъатджыны комплекс никуы фæзындзæн æмæ йын иннæ адæмты 'хсæн фесæфынæй, атайынæй æппындæр тас нæу.

* * *

Нацитæн характер нæй, хæдхуыз не сты, зæгъгæ, чи хъуыды кæны, уыдоны фæнды, цæмæй дуне уа бынтон иухуызон, æнтъыснæг, зæрдæцъæхгæнæн.

Уæ цæстытыл-ма ауайын кæнут ахæм ныв: балцы цæут вагоны æмæ уæм рудзынгæй зыны æрмæст иунæг пейзаж. Уæ зæрдæтæ нæ бамæгуыр уаиккой? Хæрзаг уæ балцæй райгонд нал уаиккат, цы бæстæйы стут, уый уæ цæсты нал ахадид... Иу бынат иннæмæй, иу хъæу иннæмæй, иу горæт иннæмæй, стæй дæхи хæдзар дæ сыхæгтыуонтæй куынæ хицæн кæна, уæд бæстæ æнæхъæнæй фестдзæн æдзæрæг быдыр, зæрдæ дзы ницæмæй райдзæн, æрхæндæг дыл бафтдзæни, цы адæм дзы цæры, уыдон та уыдзысты, йæ бæстæ чи нæ уарзы, куыд-фæндыйы цæстæй йæм чи кæсы, ахæм ницытæ 'мæ мацытæ.

Адæмты кæрæдзиуыл бæттынц сæ индивидуалон хицæн-дзинæдтæ, æмæ уарзын райдайæм, цы адæмæй не стæм, фæлæ нæ хъысмæт кæимæ фембæлын кодта, уый.

* * *

Хицæн адæймаджы миддунейæн, миниуджытæн цы барæнтæм гæсгæ аргъ кæнæм, ахæмтæм гæсгæ хъуамæ аргъ кæнæм алкæцы бæстæйæн, адæмæн, нацийæн дæр.

Цы миниуджыты фæрцы нымайæм адæймаджы?

Йæ зонды, йæ хъомылады, йе 'фсармы фæрцы, адæмимæ цæрын зоны, агрессивон у æви нæу, хистæртæн æгъдау дæтты, сабитыл, фидæны фæлтæртыл ауды, хæларзæрдæ у æви нæ — адæттæ нын фадат раттынц адæймагæн аргъ скæнынæн.

Уæдæ паддзахæдтæ æмæ гуырымыхъ националисттæ та сæхицæн куыд аргъ кæнынц?

Гæнæн æмæ амалæй фылдæр зæххытæ байсын, хæстон тыхтыл, хæстон хъомысыл æфтауын, тыхджын æфсад, бирæ танктæ саразын, алкæуыл тас æфтауын...

Афтæмæй та бæстæйы авторитетмæ æфтуангæнæн ис ахадгæ авторитетон университеттæ, рынчындæттæ, хорз скъолатæ аразгæйæ, наукæ, музыкæ, нывкæнынад хæрзхъæддæр кæнгæйæ, адæм цæмæй куыстуарзаг, хæрзæгъдау уой, ууыл архайгæйæ.

* * *

Национализм нацийы тыхыл дзурæг нæу, фæлæ йæ лæмæгъыл. Национализмы низæй арæхдæр фæрынчын вæййынц æдых адæмтæ — уыдон националистон æнкъарæнтæ æмæ идеологийы фæрцы фæархайынц сæхи бахъахъхъæнынил. Фæлæ стыр адæмæн, тыхджын культурæ, национ традицитæ кæмæн ис, уымæн йæ хæс у хæларзæрдæ уæвын, уæлдайдæр чысыл адæм йемæ йæ хъысмæт куы баиу кæна, уæд. Стыр адæм хъуамæ чысылæн æххуыс кæна йе 'взаг, йæ культурæ бахъахъхъæныны хъуыддаджы.

*Михаил ЗАДОРНОВ*

## ХЪÆЛДЗÆГ РАДЗЫРДТÆ, ХАБÆРТТÆ

* * *

Фæстаг рæстæджы прессæйы зынгæ адæймæгтæм æмæ историон цаутæм дзыхъхъынног хуызы кæсын байдыдтой. Уымæ гæсгæ ногæй рацаразинаг у нæ бæстæйы географи дæр. Куыд, зæгъгæ, куы бафæрсат, уæд — мæнæ афтæ:

Тæтæры АССР-æн раттæм, далæ Дард Хурыскæсæны, Сахалинæй Азийы материкы 'хсæн, цы доны тæлм ис, Тæтæйраг донкъубал кæй хонынц, уый. Ноджы бавдæлæм æмæ Тæтæримæ баиу кæнæм Манголийы. Афтæ куы бакæнæм, уæд, æнусты дæргъы цы дзырдбастыл сахуыр стæм — «Тæтæр-манголтæ» — уый йæ гаччы сбаддзæн.

Сомихстонæн раттæм Хæххон Карабах, стæй мæнæ Мæскуыйы цы Сомихаг уынг ис, уый.

Эстойнаг æвзаг венгриагимæ æрвадиуæг кæны, Венгри та бирæ рæстæг Турчы дæлбар уыд. Уымæ гæсгæ Эстонийæ саразæм Туркаг Социалистон Республикæ.

Хабаровскмæ хæстæг цæры æхсæрдæс латвиаджы. Уый хынцгæйæ Дард Хурыскæсæны æппæт цуанæттæ дæр нымад æрцæуæнт «латвиаг рæстдзæвинтыл».

Гуырдзыстон æмæ Азербайджанимæ баиу кæнæм, Советон Цæдисы цыдæриддæр базартæ ис, уыдон.

Литва иу бон йæхи ратонæд ССР Цæдисæй, Швецийæн талфтулфæй хæст расидæд æмæ æвæстиатæй йæхи уацары раттæд.

Нанайæгтæй ИНО-мæ иу минæвар æрвыст æрцæуæд. Кæд залы бынат нæ уа, уæд ын кæронæй бандон æрæвæрæнт.

Биробиджанимæ баиу кæнæм Уæрæсейы композиторты цæдис. Æмæ, æппынфæстаг, Чукоткæ раттæм Японæн, цæмæй япойнæгтæ дæр гæзæмæ юморы хъæстæ фæуой. Кæд уый нæ рауайа, уæд та Чукоткæйæ хицæн паддзахад саразæм, йæ арæнтыл ын илциисæнтæ æрæвæрæм, стæй йын рауадзæм йæхи валютæ: иу чук. Æртæ чукы — иу гек! Дæс гекы æрфид æмæ фæдæ къуывитт! Стæй канд чукчæтæ нæ — не 'ппæт дæр!

Ацы домæнтæ бахæссæм Сæйраг Советы тæрхонмæ. Куынæ сæ сæххæст кæна, уæд Сæйраг Совет йæхæдæг иугонд æрцæуæд Астæуккаг Азиимæ, уымæн æмæ Астæуккаг Азийы Советон хицаудзинад раджы æрæвæрын хъуыди!!!

*1991*

* * *

Æдылы æууæнды.
Зондджын та гуырысхо кæны.
Æдылы цинæй фæмæлы.
Зондджын та сагъæсты аныгъуылы.
Æдылы дзурынтыл схæцы.
Зондджын та хъусæй лæууы.
Æдылы ахуыр кæны (искæй).
Зондджын дæр ахуыр кæны (йæхи).
Æдылы зондджыны æдылыйыл нымайы.
Зондджын афтæ 'нхъæлы, æдылыйæ зондджын скæнæн ис.
Æмæ уый зондджыны æдылыдзинадыл дзурæг у.

* * *

— Нæлгоймæгтыл æппæтæй æнувыддæр цавæр сылгоймæгтæ сты. Саухилтæ æви бурхилтæ?
— Урсхилтæ.

* * *

**Скъоладзау** (ахуыргæнæгæн):
— Сындæгдæр-ма дзур, дæ хорзæхæй.

Ахуыргæнæг:

— Ды та тагъддæр хъуыды кæн.

* * *

Мæскуы. Университет. Лекци уырыссаг литературæйæ. Африкаг студент уыцы разæнгардæй дзуры Пушкины æмдзæвгæ «Я вас любил...» Дыккаг строфайы фыццаг рæнхъ ын афтæ рауад:

— Я вас любил безмолвно, без одежды...

* * *

— Хуыцауыл æууæндыс?

— Хуыцау бахизæд!

* * *

Дохтыр мæстыхуызæй фæрсы ацæргæ сылгоймаджы:

— Уæддæр дæм цæмæн афтæ кæсы, æмæ фынæйæ дæ дæндæгтæй нæ къæс-къæс кæныс?

— Уымæн æмæ сæ æхсæв агуывзæйы сæвæрын!

* * *

Финаг компани «Финэйр»-ы хæдтæхджыты стюардессæтæн фæдзæхст у: Нью-Йорчы æрбадыны размæ пассажиртæн хъуамæ се уæнгтæ аивазын кæной — фæндаг даргъ у æмæ сын бандзыг вæййынц.

— Уæ къухтæ хæрдмæ сисут, æруадзут сæ, — дзуры стюардессæ.

Иу уырыссаг уыцы сахат туалетæй рахызт æмæ уыны: адæм сæ къухтæ хæрдмæ систой. Лæг банхъæлдта, хæдтæхæг æвзæргæнджыты къухмæ бахауд. Айтæ-уыйтæ нал, фæлæ стюардессæйыл йæхи баппæрста, æмæ дыууæйæ дæр зæххыл æрхаудтой. Фесгуыхын æй фæндыди, фæлæ...

* * *

Бæстыл чи никуыма æрцыд, ахæм бæллæх сæмбæлд Уæрæсейыл — тыллæг тугыл аскъуыд. Уый æнхъæл ничи уыд, æмæ адæм фæуыргъуыйау сты. Цы чындæуа?

Хицауад удаистæй аззадысты. Цы ма акæной, уымæн ницыуал æмбарынц. Иу чидæр, дам, фæндон бахаста: аххосджынты сæ бынæттæй фæтæрæм.

Минсовы сæрдар Рыжков телеуынæнæй дзырдта, дисæй марди: хор адæмæн æмбисонды зад æркодта — цымæ куыд рауад афтæ! Цы кæнгæ нын у, æмбæлттæ?

Цымæ мах цæмæн фæрсы, нæ аххос дзы куы ницы у, уæд?

Æрмæстдæр Мæскуы равдыста йæхи æхсарджынæй: Моссоветы арæзт æрцыди тыллæджы ныхмæ тохы штаб. Телевизоры экраныл — телефонты номыртæ. Кæд дæ уырыдзы уидзын фæнды, уæд бадзур уырдæм æмæ уырдæм. Кæд къабуска уарзыс, уæд та æндæр номырмæ бадзур...

Саглæгтæ, Хуыцауардыстæн! Иттæг хорз сарæхстысты: æххормаг адæмы быдыртæм алас æмæ тыллæгæн æмбойны йæ бынæй рухс суадзой!



# ИРОН

# ПОЭЗИЙЫ

# АНТОЛОГИ

# КЪИБИРТИ АМУРХАН

*(1944)*

*Къибирты Яковы фырт Амырхан райгуырди Æрæфы районы Сырх Дыгуры хъæуы. Астæуккаг скъолайы фæстæ каст фæци Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты филологон факультет. Куыста ахуыргæнæгæй Сырх Дыгуры астæуккаг скъолайы, Æрæфы районы газет «Коммунист»-ы редакцийы.*

*Йе 'мдзæвгæтæ хицæн чиныгæй рацыдысты 1996 азы Дзæуджыхъæуы. Чиныджы ном — «Гъæдæрæхснæг». Æмдзæвгæтæ фыссынæй дарддæр Амырхан кæны тæлмац дæр — дыгурон æвзагмæ раивта Э. Хемингуэйы «Зæронд лæг æмæ денджыз», Ч. Айтматовы «Урс нау», Пушкины, Лермонтовы, Феты, Къибирты Тимуры æмæ иннæты æмдзæвгæтæ.*

* * *

**Бæхти догъ —**
**Æрдзæфау.**
**Къæхти тох —**
**Æрвдзæфау.**
**Хонх бæрзонд,**
**Къæбургун.**
**Над тæссонд,**
**Хæрд, хургун.**
**Лæг — сæргъæн,**
**Бæх — уæхæн.**
**Цæф — саргъæн,**
**Цæф — бæхæн.**

**Дæ фудгол**
**Фæккеуа, —**
**Дæ фæдбæл**
**Сирд, хъеуа...**
**Бæхти догъ —**
** Æрдзæфау.**
**Къæхти тох —**
**Æрвдзæфау.**

## СÆУМÆ

**Ниррæдзæхсæн æй хор**
**Хуæнхтæбæл цийни деси.**
**Гъæди къох — сурх, сау, бор**
**Сæумигон цъеувæдеси.**

**Арви цъæх ниуазун,**
**Нигъулун бони рохси.**
**«Дæу уарзун, дæу уарзун», —**
**Гъæр кæнун къуру гъоси.**

* * *

**Кауæ бидтон, тæх бидтон,**
**Мæ цъухтæй фæндур цагътон.**
**Ра дæ уидтон, фæууидтон, —**
**Мæ косуйнаг фæууагътон.**

**Раевгъудтæ, цурд цæугæй,**
**Минкъий ма дæ æстæфун.**
**Æз бауæндтæн, æцæгæй,**
**Цæйдæр лазæй æстъæлфун.**

**Дæ фæсте, зæгъун, цæуон, —**
**Ести зæгъон! Ци зæгъон?**
**Сæйгæ нæ дæн, уæд ци уон,**
**Цæмæннæ дæн цæунгъон?**

Мæ хъур куддæр асæст æй,
Мæ цъухбæл бид алдæмбид.
Мæ къохтæ мин бабастай,
Æй мæ кауæ æрдæгбид.

Кауæ бидтон, тæх бидтон,
Мæ цъухæй фæндур цагътон.
Ра дæ уидтон, фæууидтон...
Гæр, куд неци исзагътон?

* * *

Тæвдæ сæрдæ,
Тæхгæ сæртæ.
Цæрдигæнттæ
Сæрдигæнттæ...
Æгæр фæрсæрдæмæ гъазт.
Æрæгсæрдæ,
Тæнæг зæрдæ.
Хорсугъд нæдтæ,
Хъуæцдзуд бæнттæ...
Æгæр зæруæрдæмæ уарзт!

## ÆРÆГВÆЗЗÆГ

Арвбæл æртухсунцæ
Сау мегъти сæхъестæ.
Думгæ зæнхи сунтæ
Нæмуй цъæхснаг уестæй.

Арв нæ фæннихъолуй, —
Сагъд ан медбунати.
Бæлццон ранигъолуй
Æ сæр æфцæкъуати.

Гурæ фæссæрцох уй,
Ледзуй гъузгæ-гъузгæ.
Хуайуй æ салд къохæй
Къæразгæ тæкъузгæ.

## ЗУМÆГ

1.
Арв — æ урунги,
Думгæ — и унги,
Мет — хъури уæнги,
Рист — лæги зæнги.

Рæгътæ — æдзæртæ,
Хуæнхтæ — æдзæмтæ.
Мет — кæртæ-кæртæ,
Къех — нæ хæдзæрттæ.

2.
Гъæдæ хусгити, —
Гъос, æнæ мæтæ.
Мет æ усхъити
Уорс ниннимæт æй.

* * *

Уæ, кумæ дæ, мæнæ над,
Мæнæ сау хелагæ?
Саг лæхъуæн дæбæл еухатт,
Фæццудæй фелаугæ.

Мæстæй ибæл ихæлун, —
Нæ зиннуй фæстæмæ.
Кæд, айфонгæ и халон
Гъавуй æ цæстæмæ.

Мæ бон ин банхус ку нæ ’й,
Кенæ ба нифс раттун.
Ах, мæхе ’йбæл кæунæй
Фæццæуон-нифсадон!..

* * *

*(Г. Оскарæн)*

**Исхæццæ уй мæ хъурмæ мæ уод, —**
**Сугъд фæцæй мæ тæнзæрдæ æмдзæвги.**
**Кæдмæ йæй мæ цæруни æмгъуд?**
**Мæ амонд æстæфун мæ исæвди...**

**Нæй мæ бон мæ зинтæбæл дзорун,**
**Уæдта мин неке хъаруæ 'й нифс раттун.**
**Уæ, мæнæ ци рæстæги цæрун,**
**Уæ мæнæ ци зæнхæбæл нифсардтæн!**

## УÆЛМÆРДТИ

**Дзаттой Туппур[*] — мегъдалингæ,**
**Арв æ саутæ нæ есуй.**
**Саг лæхъуæнæн уазал ингæн**
**Æносон хуссæн исуй.**

**Æвзонг ностæ-æдзæр къæси:**
**Тузмæг арв ибæл уæзуй.**
**Ниссæхъ-сун æй дзæгъæл кæси**
**Ревæд авдæнæ уозуй...**

**Исберæ 'нцæ мæгур бæнттæ,**
**Маст хуæруй нæ æнæвгъау.**
**Ци 'стур ниццæй нæ уæлмæрдтæ,**
**Ци минкъий æрцæй нæ гъæу!**

* * *

**Ирд хорискаст, цъæхтæ сæумæ,**
**Уорс æма сурх мегътæ.**
**Уæртæ лæхъуæн, ахæссæ мæ, —**
**Зинг æви цъæх ех дæ!..**

* Дзаттой Туппур — Сурх-Дигори астæуккаг уæлмæрдтæ.

**Фæгъæйтт кодта цæрдæг кизгæ**
**Нæуи бæгъæмбадæй.**
**Æз райзадтæн дзæгъæл кæсгæ,**
**Ма ми ра идард æй.**

**Расурдтон æй. Е — хубиндзæ, —**
**Æстæфтæн æ къелтæ.**
**Уой, æрлæууæ, гирццæ киндзæ,**
**Æви сонт сикъе дæ!..**

**Нидздзæлвæ æй хъури уæнгæ, —**
**Цæрдæгдæр фенхуæрсуй.**
**Ахæссун æй, атт — нуртæккæ,**
**Къох имæ не ’ххæссуй...**

Цъары фæрстыл:

1. *Къадз.*
2. *Автосурæт.*
3. *Дымгæйы футтытæ.*
4. *Уалдзæг.*

* * *

| | |
|---|---|
| *Технический редактор* | *Виктория БОРАЕВА* |
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |

*Журнал зарегистрирован в региональном Управлении ГК РФ по печати в РСО-А.*
*Регистрационный номер Ш-0132*

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств,
Союз писателей РСО-Алания

*Подписано к печати 21.12.07. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 9,77. Учетно-изд. л. 8,41.*
*Тираж 1400 экз. Заказ № 2660.*

*Адрес редакции: 362025, г. Владикавказ, ул. Фрунзе, 24.*
*Телефоны: 53-69-66; 53-31-58; 53-69-62; 53-31-24, 53-65-86.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru*

Отпечатано в ОАО Республиканском издательско-полиграфическом предприятии им. В. А. Гассиева
362011, г. Владикавказ, ул. Тельмана, 16.



Индекс 73247

